# МАХ ДУГ



# РÆСУГЪД БÆЛЛИЦТÆН ЦАРДЫ НÆЙ КÆРОН

**7**

**2025**





*Дæ уæздан арфæ саккаг кæ,*
*О Стыр Хуыцау, бæрзондæй.*
*Ирон лæгæн йæ цонджы тых*
*Уæд коммæгæс йæ зондæн.*

*ХОДЫ Камал*

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2025

# МАХ ДУГ

7
2025

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ Юри
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2025

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........................................ 5

**ГÆЛУАТЫ Аким: 105 АЗЫ**

ГÆЛУАТЫ Аким. Дæуæн, мæ дзыллæ, у нывонд мæ хъуыды. *Æмдзæвгæтæ* ........................................ 9

**БИАЗЫРТЫ Димитр: 105 АЗЫ**

БИАЗЫРТЫ Димитр. *Таурæгътæ* ........................................ 14

**ПОЭЗИ**

КОЛЫТЫ Витали. Нæ фæразун æнæ дæуæй. *Æмдзæвгæтæ* .............. 38

**ПРОЗÆ**

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Фыдбылызы чындз. *Ирон хабар* ................. 44

ГАБОЛАТЫ Зауырбег. *Радзырдтæ* ........................................ 52

**ÆРТÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ**

ÆЛБОРТЫ Беллæ ........................................ 57

**АИВ ДЗЫРДЫ ХÆЗНАДОН**

ГУСАЛТЫ Барис. Дзырд-Хуыцау дугæй дугмæ ................................... 60

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

МАМИАТЫ Изетæ. Героикон сгуыхт æмæ намыс. Уац ..................... 98

**РОХУАТÆН ÆВГЪАУ**

АНДИАТЫ Мæхæмæт. Кæцон дæ, кæ? *Уац* ........................................ 108

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

«Дзæуджыхъæу нывгæнæджы цæстытæй» ........................................ 112

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**

ДЖУСОЙТЫ Нафи. Малиты Васо. Зарæджы фыццаг фæлтæр; Цæрукъаты Алыксандр. Бæркадджын курдиат. *Уац* ............................ 114

**ФЫССÆДЖЫ ХЪУЫДЫТÆ**

ХУЫГАТЫ Сергей. Кæй номыл фыст у æмдзæвгæ «Салам»? *Уац* ... 120

**СÆ НОМÆН, СÆ КАДÆН**

ХОЗИТЫ Барис. Йæ зæрдæ зарыдис фæндырæй. *Уац* ........................ 125

**НÆ УИДÆГТÆ**

Хетæджы хабæрттæ ........................................ 138

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........................................ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## РАЙГОНДÆЙ ЦÆР, МÆ ФЫДЫБÆСТÆ! АРФÆГОНД У, МÆ НЫЙЙАРÆГ МАД ИРЫСТОН!

Ирон лæгыл стыр хæс æвæрд ис куыд царды, афтæ йæ адæмы раз дæр. Зæххæн йæ иннæ кæрон куы уай, Ирыстонæй дард, уæддæр хъуамæ хъуыды кæнай дæ ныййарджыты сæрыл, дæ фыдæлты номыл, Ирыстоны кадыл. Æгас дуне махæн у Фыдыбæстæ, нæ райгуырæн мад та – Ирыстон, лæг фыццаг къахдзæфтæ кæм акодта, мадæлон æвзагыл фыццаг ныхæстæ кæм загъта, йæ риу нæ хæхбæсты сыгъдæг уæлдæфы рог уддзæфæй кæм байдзаг, æппæты фæлмæндæр къухтæ йæ авдæны кæм ауызтой.

Æз дæн Хуыгаты хæрæфырт. Цæрын Мæскуыйы. Райгуырдтæн Сунжæйы хъæуы, схъомыл дæн Куырттаты комы. Уырдыгæй рахастон царды æгъдау æмæ дунембарынад. Хъомыл та мæ кодтой канд нæ бинонтæ æмæ хиуæттæ нæ, фæлæ скъола, æхсæнад, нæ уынджы фæрныг цæрджытæ.

Кæстæр рæдиаг куыд нæ вæййы. Уыдонæй уыдыстæм мах дæр нæ сабибонты. Хорз ма хъуыды кæнын, цы хистæрты 'хсæн

хъомыл кодтон, уыдоны: алы хъуыддаджы дæр – дæнцæгæн хæссинаг. Уыдон махæн уайдзæф никуы бакодтой, нæ сæ зонын æфхæрд ныхас дæр. Фæлæ-иу демæ, раст цыма ды дæр стыр лæг дæ, афтæ аныхас кодтаиккой, æмæ-иу дæ митыл уый фæстæ дæ зæрдæ афтæ æрхудтаид, æмæ загътаис, уый бæсты зæххы скъуыды куы ныххауин! Мæнмæ гæсгæ, уый раст хъомылад уыд!

Бирæ зæгъинæгтæ мæм ис, фæлæ мæ фыццаджыдæр зæгъын фæнды бузныг «Мах дуг»-ы кусджытæн сæ удвæллойы тыххæй ацы æнæнцой рæстæджы. Азтæ мыл куыд цæуы, афтæ æз тынгдæр райдыдтой æнкъарын, куыд ахсджиаг цæджындз нын у ирон журнал фидæнмæ фæндаг аразыны рæстæг.

Ирыстонæй дард цæргæйæ, æз арфдæр банкъардтон, ирон лæгæн йæ туджы кæй ис адæмимæ хæларæй цæрын, рæстдзинад тауын æмæ йыл тох кæнын, цард уарзын æмæ дзы кадимæ цæрын. Йæхи Хуыцауыл чи фæдзæхсы йæ цины æмæ йæ хъыджы дæр, уый у Ирон! Йæ зæрдæйы гыццыл къуымы дун-дунемæ уарзондзинад кæмæн цæры æмæ йыл йæ цинтæ чи тауы, уый у Ирон! Дæ разæй фæрныг хистæртæ куы уа, дæ фæстæ – рæсугъд кæстæртæ, уæд уый цардæн у йæ тæккæ стырдæр хæзна.

Мах абон арæх фехъусæм нæ кæстæрты тыххæй алыхуызон ныхæстæ. Мæн дæр фæнды зæгъын мæхи хъуыды. Ныфсджынæй зæгъын, ныртæккæ ирон адæмæн Цæгатæй Хуссармæ цы рæсугъд, æфсармджын, æгъдауджын кæстæртæ ис, ахæмтæ бирæ адæмыхæттытæм нæ фендзынæ. Нæ рагфыдæлтæм уыд ахæм куывд, чызг нæм мадæй уæздандæр куыд кæна, лæппу фыдæй йæ фыдыуæзæг фылдæр куыд уарза, æмæ уыцы дуг махмæ абон æрбаввахс ис. Бузныг дын, Ирыстон! Ныллæг дын мæ сæрæй кувын, ахæм хъæбултæ дæ хъарм хъæбысы кæй схъомыл! Арфæгонд уæнт сæ ныййарджытæ, сæ нанатæ, сæ дадатæ, сæ ахуыргæнджытæ, сыхбæстæй, хъæубæстæй сын зонд чи бацамыдта, раст фæндагыл сæ чи сæвæрдта, ирон лæджы ном сын кадимæ хæссыны хъуыддаг сæ туджы чи бауагъта. Фылдæр ныл æфтæд ахæм кæстæртæ.

Мæскуыйы цы ирæттæ цæры, уыдонæй иу фæлтæр иннæимæ арæх абарын. Ныры кæстæртæ цард хуыздæр æмбарынц. Сæ кæрæдзийыл сты æнувыддæр. Куы нæм æрбацæуынц уазæгуаты, уæд

сæм цæст кæсынæй не ‘фсæды. Æз фæраздæронæй кæрæдзийæн æгъдау дæттынил фæвæййынц. Цы йæ æмбæхсон, мæ рæстæгæй сæ дуг кæд æнцондзарддæр у, уæддæр сын алыхуызон цыбæлтæ нæ фесæфтой сæ хуыз, сæ ном. Сæ размæ æвæрынц раст нысантæ æмæ сæ ахуыры фæндагыл дæр сты æнтыстджын. Рох сæ нæу, стыр сахармæ цæй фæдыл æрцыдысты, уый. Тырнынц цардмæ æмæ нæ рох кæнынц сæ фыдæлты ном.

Ис ахæм ирон дзырд – ФАРН! Абон махмæ кæстæр куы райгуыры, уæд ын Дунедарæгæй цы нæ фæкурæм, ахæм зæххыл нал вæййы: стыр лæг дзы рауайæд, ахуыргонд суæд, мулкхъуаг ма уæд... Фæлæ нæ фыдæлтæм чындзхасты цы фарнимæ баст æгъдау баззад, уымæн дзы æмбал нæй куыд уæды дуджы, афтæ абон дæр. Чындзы йæ ног бинонты бынаты бардуагыл куы бафæдзæхсынц, уæд ын, Сæрызæды тырыса йæ сæрмæ схæсгæйæ, фæзæгъынц: «Фарн, фарн, фарн! Авд лæппуйы æмæ иу цъæхдзæст чызг!» Цæуыл дзурæг у уыцы куывд? Фарн цæуы хæдзары нæлгоймагæй. Тауинаг та у иууылдæр ныййарæг мадæй. Абон мах хъуамæ нæ кæстæрты зондахастыл сахадæм æмæ сын бамбарын кæнæм, ирон адæм хъуамæ кæй фæфылдæр уой. Нæ фарн хъуамæ кæй фæфидардæр уа! Мад йæ кæстæрмæ гуырдзмæ хъуамæ уый дзура: «Дунейы фарн уыцы тых раттæд, æмæ, кæд чызг дæ, уæд нæ Ирыстоны, фыццаджыдæр, амондарæг æмæ тауæг фæу». Лæппу куы райгуыры, уæд та Хуыцауæй кура: «Нæ иу сæдæ бауæд!»

Хъæздыгдзинад мулкæй нæу, хъæздыгдзинад нæ бирæйæ у. Дугрæстæг уымæн – ирд æвдисæн.

*КЪÆБЫСТЫ Рузвельт,*
*Мæскуы – Ирыстон*

# ГÆЛУАТЫ АКИМ: 105 АЗЫ



**(1920 – 1995)**

*Цард нæу уæлуистыл дугъæй хъазын,*
*Зын балцы бафæллайы хур дæр.*
*Фæлæ, куы фембæлай цæлхдуртыл, –*
*Сæ сæрты хизынхъом ды разын!*

*ГÆЛУАТЫ Аким*

# ДÆУÆН, МÆ ДЗЫЛЛÆ, У НЫВОНД МÆ ХЪУЫДЫ

* * *

Æз дæ цæстыты малтæм кæсын,
Се 'нæбын арфы дæлдонæй тæрсын
Æмæ æрвайдæнау фенын сæ къуырфы
Дуне, зæхх æмæ фурдæн йæ гуылфæн.

Куы тымыгъау ысвæййынц ызнæт,
Куы тæркkъæвдайау ставд сыг нызгъалынц,
Арвы 'рттывдау цæхæртæ ыскалынц, –
Риуы калмау уæд феууилы мæт...

Куы сæууон хурау худынц фæлмæн,
Цинæй уалдзæгау фестынц тæмæн,
Æмæ се 'нгасы цард йæ тын уафы, –
Уæд мæ зæрдæ уæрыккау ыскафы.

## АХСТОН

Æркалд зæрватыччыты ахстон,
Æрхъисгай сау къæйыл ныттæгæл.
Æз тыргъмæ дзибаты фæхастон, –
Хъæр систой, цар сын фестад уæнгæл.

Æваст сæ нæуæгаразт бадæн
Æвдæлон фестади, æвдæлон.
Йæ сидтмæ спæр-пæр кодтой мадæн,
Нæ кæртмæ нал тæхынц æмгæрон.

Мæ бæллиццаг сæнтты дæ сурæт
Зæрватыччы лæппынау хастон.
Быдта йæ хæрдгæ тынтæй хур уæд
Дæуæн мæ рæзгæ риуы ахстон.

Ӕрхауд мын иурæстæг, фæдих и,
Фæтахтæ, нал комыс фæстæмæ.
Нæ дыууæ зæрдæйы ‘хсæн мигъ и,
Къæвда ис гъеуæдæй фæстæмæ.

## ДӔ НЫВОНД...

Мæ зæрдæ, цæй, дæ риуы æз нывæрон.
Тадз уырдæм де ‘вгъау цæссыгтæ, дæ рын,
Цæмæй дæ цин, дæ амонд уой æгæрон,
Мæ цæрæнбон дын бантыса цæрын.

Мæ цæстыхаутæй хуры тынтæ ахсын,
Уысмы бæрц уыдон никуы кæнын цъынд,
Мæйдары дын мæ уарзт кæна цырагъсыгъд,
Уынай дæ фидæн-хæтæнтæ бæлвырд.

Мæ зæрдæ фестæд, цæй, дæуæн хæрздымгæ,
Дæ уарзты арвæй дард куыд сура мигъ.
Йе ссудзæд стъалыйау дæ монцты зынгæй,
Йе фестæд де ‘ргъæвст æнкъарæнтæй их.

## МӔ ЦАРД, МӔ БОН

Дæуæн, мæ дзыллæ, у нывонд мæ хъуыды,
Мæ бон æнæ дæу иу сулæфт дæр нæу.
Хъæбул куыд у æнæрхъæцгæ йæ фыдыл,
Сыгъдæг зæрдæйæ афтæ уарзын дæу.

Мæнмæ адзалмæ не ‘рхæсдзынæ азым,
Мæ сæр куы хъæуа дæу хъазуаты бон, –
Ӕркъул кæндзынæн уый ныллæг дæ разы,
Ызнаджы раз æй сисдзынæн бæрзонд.

Цæмæй дæ хъæстæ ма уа уонгцух, къахыр,
Рæдау æрдз уымæн рафæлдыста мæн.
Ӕз демæ райгæ слæууыдтæн мæ къахыл,
Дæуæн дæр нæй æнæ фырттæ уæвæн.

Мæ тых, мæ ныфсыл барвæссын дæ курын,
Æз дæн дæ рæвдыд, де 'хсарæй æххæст.
Кæд мисхалы бæрц ферттывтон дæ цуры,
Уæд уый дæ арты цыренæй у æрмæст.

Болат айнæг куы фестин знагæй де 'хсæн,
Дæ фыдызнаджы фæндагыл – ингæн.
Нæмыгау мын мæхи куы уаид фехсæн,
Фыдгулы риуы ахизин зынгæй.

## ФЫДÆЛТЫ ФАРН

*Ме 'мдугонмæ*

Куы райгуырдтæ, дæуæн уæд кодтой батæ...
Хæрзæггурæггаг – де сцъæхахсты зæлд...
Куывтой дын здыхт дзæбидыры сыкъатæй,
Æхсызгонæй дыл рухс арв дæр æмбæлд.

Фыдæлтæ сæфтой уæд дæуæн дæ зынтæ.
Дзырдта ныййарæг: «Ме стыр æнхъæл, рæз!..»
Цырвау ныхъуырдтой хистæртæ дæ рынтæ,
Зæххы къорийæн урæдтой йæ уæз.

Дæуæн фæдзæхст у ацы сахат Дуне,
Зæххы къори дæ уæхскыл у æвæрд.
Дæ размæ дæр нырма цæлхдуртæ – дуне,
Ды дæр цæлхдурты де стыр балцы сæтт.

Куыд хызтой дæ, фæлтæры афтæ бахиз,
Нырма кæрддзæмы ма нытътъыссс дæ кард.
Ыстыр тохы фыдæлтау кæн уæлахиз,
Фыдæлтæн ма уадз ахуыссын сæ арт.

## НÆМЫГДЗÆФ ХÆРЗИУÆГ

Йæ зæрдæйы сæрмæ
Салдатæн – хæрзиуæг.
Цæхæртæ нæ калы
Уый иннæтау риуæй.

Йæ æргъæу ныххырыз,
Фæтасыд йæ астæу,
Фæлæ йын зынаргъдæр
У иннæты астæу.

Куы ‘рцауыгътой хорзæх
Йæ зæрдæйы сæрмæ,
Æрбабырстой знæгтæ
Уæд лæнчы цæхгæрмæ.

Зындоны тымыгъ та
Куы рацыд нæмыгæй,
Цъæх-цъæхид нæудзар та
Куы басыгъд йæ зынгæй.

Фыдызнæгтæн арты
Сæ кæрон æрцыди.
Хъæбатыр хæстонтæй
Уым бирæ фæхъуыди.

Уым сæмбæлди нæмыг
Æхсарджыны риуыл,
Ныуурæдта уартау
Уый номы хæрзиуæг.

Æфсæддон куы хæссы
Нæмыгдзæф хæрзиуæг.
Цæхæртæ нæ калы
Уый иннæтау риуæй.

Æмбалау салдаты
Куы хызта мæлæтæй,
Æмæ йын зынаргъдæр
У царды æппæтæй.

# БИАЗЫРТЫ ДИМИТР: 105 АЗЫ



**(1920 – 1976)**

*Зынтæй тæрсын нæ хъæуы, фæлæ сæм хъæуы комкоммæ цæуын хъару æмæ æхсары фæрцы.*

*БИАЗЫРТЫ Димитр*

# ФАЗЗÆТТÆ

*Таурæгъ*

Дæлæ комы фаллаг фарс сырх лæбырды сæрмæ – наз хъæды къох. Йæ фаллаг фарс Тæгуаты мыггаг царди. Уыйбæрц стыр мыггаг нæ уыдысты, фæлæ фыдбылызы арты цæхæр бацырын кæнынæн иу æдылы дæр фаг уыди, мæ хур акæнай, уæды заманы. Стæй, цы уыдысты, уымæй – гæрзифтонг, ныфсхаст æмæ æхсарыл лæуд.

Иуахæмы сын фыдæх асайдта Уалыты мыггагимæ. Уæд Уалытæ та уæртæ Мацхарайы цардысты, Леты комы хæдрæбын иу тигъыл.

Гъе æмæ, зæгъы, Уалытæй иу лæджы Тæтæрхъан хуыдтой. Æгъуыстаджы зондджын æмæ æгъдауджынæй базæронд. Дардыл хъуыст уыди йæ кой. Уæлæ йын уыцы сырх лæбырды бынмæ уыди иу чысыл уыгæрдæн.

Иу хосгæрдæны сæумæраджы Тæтæрхъан райста йæ цæвæг æмæ араст йæ уыгæрдæн кæрдынмæ. Хъæуæй уабæрæг ничима базмæлыд, фæлæ Тæтæрхъаны дзæвгар суайын хъуыди, æмæ сæумæцъæхæй дæр уымæн фæцæуæг.

Цот дæр уыди Тæтæрхъанæн, фæлæ сæ йæ зæрдæ ницæмæй рухс кодта. Хъаруйæ, зондæй бынтон ницæмæй æййæфтой сæ фыды. «Хæрз тæнæг агъуыст фесты сæ сæртæ мæ цотæн», – дзырдта-иу Тæтæрхъан.

О, æмæ Тæтæрхъан уыгæрдæны хæд бынмæ куы схæццæ, уæд йæ къухаууонæй акаст, æмæ уæлæ уыгæрдæнæн йæ тæккæ ‘рдæг æркарстæуыд, иннæ ‘рдæг дæр кæрдынц дыууæ лæджы, фæлæ, чи сты, кæцæй фæзындысты, – æххуысмæ æви тых æвзарынмæ, – уый зæронд лæг нæма бамбæрста.

Уæд Тæтæрхъан ныхъхъæр кодта:

– Уæй, уæлæ уыдон мæ уыгæрдæны кæцытæ стут?!

Хосдзаутæ дарддæр кодтой сæ куыст. Цæвджыты æхситт сæууон уддзæф скъæфта Тæтæрхъанмæ.

Лæгæн йæ маст ссыгъд. Зæрдæ риуы къултæ рацæйрæмыгъта, цæстытæ сæ къуырфытæй рацæйтæрræст кодтой. Арф мæсты улæфт ныккодта æмæ тагъд-тагъд фæцæуæг.

Куы сæм схæццæ, уæд кæсы, æмæ мæнæ Тæгауты Битары дыууæ

фырты кæрдынц уыгæрдæн. Тæтæрхъан йæ цæвæджы æнцой æрлæу-уыд. Бæзджын урс зæлдаджы хуызæн зачъетæ цæвæджы хъæдыл ныдзæвынц, афтæмæй сæ фæрсы:

– Цæмæн æрбацыдыстут тыхгæнæг? Цæмæн уæ бахъуыд, æмæ ацы зæххы гæбаз тугкалæны хос феста нæ дыууæты ‘хсæн?

Лæпputæ читт дæр нæ кæнынц: уыгæрдæн дасынц æмæ дасынц.

Худинаг фæкаст зæронд лæгмæ æвзонг лæппутимæ тых æвзарынил схæцын æмæ сæхимæ ‘рфардæг мæстæлгъæдæй.

Битары фырттæ худæгæй къæцæлтæ кодтой, афтæмæй дын, уыгæр-дæн карст куы фæци, уæд ‘рфардæг сты уыдон дæр.

Тæтæрхъан йæ мыггагæн ницыма ской кодта. Æниу, бафæлвар æмæ ской кæн, зæгъгæ мын мæ уыгæрдæн уыцы æмæ уыцы мыггаг ныккарстой, кæддæра бæстæ туджы зæйтæ нæ фестадаид. Авдæны цы саби уыдаид, уый дæр йæ авдæнбæттæнтæ фæйнæрдæм арæмыгътаид. Зæхмæ бавналын лæг амарынæй карздæр уыди уæды заман. Афтæ карз ма уыд æрмæст сылгоймаджы фæхудинаг кæнын.

Гъе æмæ дын Тæтæрхъан иуизæр, сæ хъæуы лæгтæ куыд ницы бамбарой, афтæ фæсидт, сæ мыггагæй иу Быдзеу хуынди, æмæ уымæ. Рахабар ын кодта, зæгъгæ, бахъиамæт кæн æмæ бацу Тæгауты хистæр зæрæдтæм æмæ сын ракæн мæ ныхæстæ: «Не ‘хсæн мыггагæй-мыг-гагмæ кард æлвæст нæма ‘рцыд. Кæрæдзимæ топпы дзых никуыма ныддардтам. Ницы фыдæх уыдис не ‘хсæн, æмæ, зæгъ уæ цæмæн бахъуыд мæ зæххы гæппæл, цæмæн ныккарстой Битары фырттæ мæ уыгæрдæн? Уæ зæххимæ, зæгъ, æмарæн дæр куынæ у!»

Быдзеу дыууæ нæ загъта Тæтæрхъаны ныхасыл. Дыккаг бон æп-пæт дæр рахабар кодта Тæгауты зæрæдтæн. Æмæ æрмæст мыггаджы зæрæдтæ нæ, фæлæ ныхасмæ фæзындысты фæсивæд дæр.

Ацæргæ лæгтæ æдзынæг хъуыстой Быдзеуы ныхасмæ. Сæ цæс-тæнгас зæхмæ аздæхтой. Раст сæм нæ фæкаст, Битары дыууæ схъæл фырты Уалыты зæхмæ тыхæй кæй бавнæлдтой, уый. Мыггаджы хистæр – къæсхуыр, бæрзонд, тæнтъихæг, даргъзачъе зæронд лæг – сыстад йæ бадæн дурæй, йæ цæст ахаста йæ мыггагыл æмæ рай-дыдта дзурын:

– Тынг зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ нæм æрбахаста Тæтæрхъаны минæвар, тынг, мæ мыггаг. Тæтæрхъан зонды чырын у, æндæра уый бынаты æндæр лæг нырмæ афтæ нæ бабыхстаид, Битары фыртты

йæ уыгæрдæны йæ цæвæгæй скæрдæнтæ кодтаид. Цы зæгъинаг сты, цымæ, Битар æмæ йæ фырттæ, кæй дзæгъæл зæхмæ баирвæзтысты? Уалытæ, мыййаг, тых æмæ ‘хсарцух куынæ сты! Фæлтау, Битары фырттæ, уæ къахæй дæр мауал ацæут уыцы зæххыл, – фæци йæ ныхас зæронд лæг.

Гъе фæлæ рацæй-рабон, æмæ Битары фырттæ нæ байхъуыстой нæдæр сæхи мыггаджы хистæртæм, нæдæр минæвармæ. Цыппар боны фæстæ Тæтæрхъаны уыгæрдæн æрыссывтой иу мæйрухс æхсæв. Смæкъуылтæ йæ кодтой æмæ йæ аластой сæхимæ. Уалыты кæстæрты мастæн кæрон нал уыдис.

Уæд зонджын Тæтæрхъан иуизæр фæскуыст фæсидт мыггагмæ. Фæсивæд уайтагъд атыгуыр сты сæ хистæры алыварс.

Тæтæрхъаны хъæлæс æрвнæрæгау азæлыд ныхасы адæмыл:

– Мæ хъæбатыр кæстæртæ, æз хатын, уæ кæрдтæ сæ кæрддзæмты нал лæууынц, уе ‘хсæнгæрзты лулæтæй тæвд нæмыг агæпп кæнынмæ хъавы, фæлæ уæд Тæтæрхъаны зæронд сæрæй бадæн къуыдыр скæнут, сымах уый куы саразат. Хъыгаг æмæ æгадаг у бæргæ ацы æбуалгъ хъуыддаг, фæлæ цæй æмæ нæ масты фæдыл нæхи ма бабын кæнæм. Мæ зæххы гæппæл ма фæуæд дыууæ мыггагæн фыдохы æхсидав. Фæлтау ма сæ афæрсæм, кæд ма мæкъуылтæ æрбаппарой сæ бынатмæ, уæд уый хуыздæр, кæннод дыккаг хатт ауынаффæ кæндзыстæм.

Фæсивæд базмæлыдысты. Райхъуыст мæсты хъæртæ:

– Курæм дæ, дада, бар нын ратт, æмæ нæ тыхгæнджытæн дзуапп раттæм.

– Тæтæрхъаны сæр йæ мæрдон сыджытыл ма сæмбæлæд, сымах уал зондæй куынæ бацархайат. Нæ мæ фæнды туджы зæйтæ фенын.

Ныссабыр сты фæсивæд, фæлæ сæ йæ масты уылæн никæмæн байсыст. Фыдбылызы арты цæхæртæ дард схъиуæнтæ кодтой, æмæ æхсарджын фæсивæд цъæх фæздæг уагътой.

Бонæй-бонмæ хæрамдзинады лалым дымсти. Ныггуыпп кæнынмæ йæ бирæ нал хъæуы, судзины бырынкъ дæр фаг уыди, æмæ уыцы масты лалым дыууæ мыггагыл ныппырх уыдаид. Мыггæгтæ сæ хотыхтæ æркъæппæввонгæй дардтой, æнхъæлмæ кастысты, кæд райдайдзæн тохы бон, уымæ.

Тæгаутæн сæ сылгоймæгтæ дон хæссынмæ дæр нал уæндыдысты æнæ лæгæмбал.

Фæцис уыцы сæрд. Ныллæууыд карз зымæг. Бæрзонд хæхтæ сæ урс зачъе нал дастой, урс кæрц æркодтой суанг къæхты бынмæ. Тæтæрхъан Уалыты æхсарджынты тыхиргъæвд кодта.

Дыккаг хосгæрдæн куы ныллæууыд, уæд та Битары фырттæ Тæтæрхъаны уыгæрдæн ныддастой. Ацы хатт Тæтæрхъаны стыр зондыл маст фæуæлахиз, фæсидт йæ кæстæртæм æмæ сын мæсты хъæлæсæй афтæ:

– Худинаджы худ уын фæхæссын кодтон æнæхъæн афæдз. Æгады лæдзæгимæ уæ фервыстон. Ныр ссæут æмæ уыцы уыгæрдæн рассивут. Йæ хосы мур ын уæхиуыл адих кæнут. Мæн дзы иу дæндагсхъауæн дæр нæ хъæуы!

Уалыты æхсарджынтæ æд хотыхтæ айтæ-уыйтæ нал фæкодтой, фæлæ хæстæввонгæй сфардæг сты уыгæрдæнмæ. Кæсынц, æмæ уæлæ уыгæрдæн рассывтой Битары фырттæ. Ныр кæстæр мæкъуылыл лæууы, иннæ та йæм тъыфылтæ дæтты. Фæцыд топпы гæрах, æмæ лæппу мæкъуылы сæрæй уыциу схъиуд ракодта. Нæ йæ фæци сыбыртты бон дæр. Иннæмæн цы бамбарын хъуыд хабар. Йæ сагой фехста, фæуад йæ хотыхтæм. Къутæрауuон æрбадт. Фæлæ иуæн дыууæ – æфсад! Уалытæ лæгбæрцæй тынг бирæ уыдысты. Æртыхстысты уыгæрдæны кæрæтты, хæст стынг. Топпы фæздæг мигъау ныббадт хъæды сæрмæ. Уæдмæ Тæгаутæ се ‘рвадæлтæн æххуысмæ фæзындысты. Хæст тынгдæр сцырын. Туг лæсæнтæ кодта чысыл уыгæрдæны. Уæззау цæф фæци Битары хистæр фырт, æцæг йæ уд нæ аскъуыд. Цæфтæ уыди Уалыты фæсивæдæй дæр, фæлæ дзы уды зиан нæ уыди.

Изæрмилтыл сæ иннæ мыггæгтæ тыхтæ-амæлттæй баиргъæвтой, уæдæ цы уыдаид!

Зонджын Тæтæрхъан та ныллæууыд, цæмæй мыггæгтæ бафидауой æмæ фæсивæд сæ кæрæдзийы кæрдтыл мауал æфтой. Фæлæ Тæгаутæ, кæд лæгбæрцæй цух уыдысты, уæддæр сæ туг агуырдтой карды комæй. Уалытæ та сæхи азимаг нæ хуыдтой.

Æмæ та фыдбылызы арт сцырын. Дыууæ мыггаджы æхсарджынтæм та мæлæт йæ сау ком айвæзта æмæ сæ аныхъуырынмæ хъавы.

Рацыд иуцалдæр азы. Иу Джеоргуыбайы æхсæв уæлæ Сæриттатæм уыди чындзæхсæв. Тæтæрхъаны æфсымæры лæппу Тегъо дæр

фæци уыцы чындзæхсæвы. Чындзæхсæвы фæстæ æнафоны сæхимæ рацæуынил ныллæууыд. Фысымтæ йæ кæм уагътой, диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ фæкодтой, фæлæ расыг лæгмæ цы хъары! Рафардæг.

Чидæр дзырдхæссæг фæци Тæгаутæм, зæгъгæ, уæ хъару æмæ уæхæдæг, уе знæгтæй уæм иу хæрз æнцонæй æфты, æмæ фезмæлут. Тегъо хъæуæй дзæвгар куы рауад, сæхирдæм куы фездæхт, уæд ыл йæ нозт æртæфст, фæндаджы уæлбылмæ бахызт, æрбадт, æмæ йæ хуыссæг йе ‘намонды ахст акодта, афынæй. Тæгауты фæсивæд æй уым æрæййæфтой, йæ дзаумæттæ йын раластой, мадард бæгънæг æй скодтой æмæ йæ скъуыхтæ кодтой.

Уалытæн сæ бæлццон куы никæцæй зынд, уæд дыккаг бон фæфæдис кодтой. Сæриттатæм гæрзифтонгæй бамидæг сты. Уым сын куы рахабар кодтой, зæгъгæ, махæй дзæбæхæй ацыд, уæд ма Уалытæн цы бамбарын хъуыд хабар. Сæхирдæм нæ, фæлæ уыцы иу цыдæй балæууыдысты Тæгауты хъæууынджы. Карз тох та сын бацайдагъ. Тæгаутæ сæ тыхтæй сæ бон зыдтой æмæ сын цы дынджыр мæсыг уыди, сывæллоны онг уым бамидæг сты. Уæд Уалытæ сæрвæтæй раскъæрдтой Тæгауты фосы муртæ æмæ афардæг сты.

Тætæрхъан та ног мæты бахауд. Рахъуыды-бахъуыды райдыдта æмæ фервыста мыггæгты дзырддзæугæтæм, цæмæй амæй уæлдай лæгмæрдтæ мауал æрцæуа.

Æвзæрст лæгтæ ратæрхон-батæрхон фæкодтой æмæ ныллæууыдысты ахæм хъуыдыйыл: «Мыггæгтæ бафидауæнт. Лæгмæрдтæ бæсты-бæсты фæцæуæнт. Аххос сæйраджыдæр Тæгаутæм кæй хауы, уый тыххæй Тæгаутæ Уалытæн раттæнт чызг. Афтæмæй лымæнтæ бакæнæнт, æмæ туг æхсад æрцæуæд цард-цæрæнбонтæм».

Дыууæ мыггаджы дæр сразы сты ацы тæрхоныл, уæдæ цы!

Тæгаутæ Тегъойы куы амардтой, уымæй йын ссæдз азы раздæр райгуырд дыууæ фаззоны – чызг æмæ лæппу. Адæм, хæстæджытæ фæцин кодтой ноггуырдтыл. Стыр куывдтæ фæкодтой сæ цæрæнбонты тыххæй. Сабитæ рæзыдысты, уæдæ цы.

Уæд иу хосгæрдæн райсом Тегъо ссивынмæ араст æмæ йæ усæн афтæ:

– Сывæллæттæ искæмæн афæдзæхс, æмæ нæ куыстмæ фæцæуæм.

Ус уæлдай ницыуал загъта, рауад уынгмæ, фæлæ алчи дæр атындзыдта йæ уыгæрдæнмæ. Фаззæттæ гæзæмæ ауадысты сæ къахыл. Мад

йæ дыууæ сабийы афæдзæхста хъæуы асдæр сывæллæттæн, цæмæй сæм сæ хъус дарой.

Алчи йæ куыстыл удисæджы архайдæй архайдта. Хъæуы ас адæмæй ничиуал уыди, æрмæст сабиты хъæрахст хæхтæ арыдта. Хъазгæ-хъазгæ сывæллæттæ хъæууынгæй дæлæмæ-дæлæмæ комы ‘рдæм адзæгъæл сты. Гъе æмæ Тегъойы фаззон чызг сæ фæстæ куы быргæ, куы дуртæ æмæ хъæдтыл хæцгæ лæсыди. Лæппу сæ кæрты къæсæргæрон бафынæй æмæ иннæ сывæллæттæй фæиппæрд.

Уæд иу дæлæрдыгон базаргæнæг лæг Андро, зæгъгæ, иры хъæутæм хаста лыстæг базайрæгтæ. Гъе æмæ уыцы Андро фыдрасыгæй фæцæйцыд сæхимæ, йæ голджытæ цыхтæй, царвæй – седзаг. Сывæллæтты хъæдгæрон куы ауыдта, уæд сыл тæрсæн хъæр фæкодта.

Уыдон куыд сæрæндæрæй лидзынмæ фесты, фæлæ Тегъойы фаззон чызг фыр тасæй æрхауд йæ мидбынаты. Скуыдта æмæ тæригъæддаг цæстæнгасæй скаст лæгмæ.

Андройæн æваст йæ сæры фæмидæг ахæм хъуыды: «Ахæссон æй. Æнæзæнæг дæн, бахъомыл æй кæндзынæн, æмæ мын кæд зæрдæмæдзæугæ нæ рауайа, уæд æй искæмæн ныуузæй кæндзынæн». Сывæллоны систа бæхмæ æмæ йæ афардæг кодта.

Изæрæй Тегъо æмæ йæ ус куы ‘рыздæхтысты æмæ сæ чызджы куынæуал æрæййæфтой, уæд де знагыл дæр уыдоны бон куы ‘ркодтаид. Ус, йæ рустæ тонгæ, зæрдæхалæн хъарджытæ кодта. Агурынц сыхæгтæ дæр. Иу къуым, иу дуры бын, иу къæдзæхы дыдагъ æнæ сгæрст нал ныууагътой, фæлæ ницыуал ссардтой. Сæ зæрдæ Тæгауты ‘рдæм æхсайдта, фæлæ ацы хъуыддаджы уыдон раст уыдысты.

Номыхист скодтой Тегъо æмæ йæ ус, цæмæй се ‘рхæндæг зæрдæтæ фæрогдæр уыдаиккой, фæлæ уæддæр чызджы мад Фадизæ дзыназгæ агуырдта йæ хъæбулы.

Æрыздæхон та ныр фæстæмæ, Уалытæ æмæ Тæгаутæ куыд бахæстæг кодтой, уымæ.

Уæд дын иуахæмы Тæтæрхъан барвыста Тæгаутæм, зæгъгæ, уæ къухæй мард цы Тегъо фæци, уымæн баззад лæппу. Цы чызг ын фесæфти, уый фаззон бахъомыл (йæ ном та Сæуæхмæт хуынди). Æмæ, дам нын уымæн хъуамæ бахæлар кæнат чызг.

Тæгаутæ дæр æмæ Уалытæ дæр бæгæнытæ бахсыстой дынджыр

цæджджинæгты. Фынгтæ фæкодтой æмæ хæлæрттæй сæ хæдзæрттæм фæцыдысты.

Тæгаутæ Тæтæрхъанæн ралæвар кодтой ифтыгъд бæх. Тегъойы усæн дæр къабайæгтæ-йедтæ.

Уалытæ дæр сæхи æгадмæ нал æруагътой æмæ сын ралæвар кодтой галæй зæгъ, хъугæй зæгъ, суанг лыстæг фосы онг.

Уæд лымæны хабар скъобор. Иу фæсахсæвæр Тæгауты Битары кæрты балæууыдысты Уалыты усгуртæ. Сæуæхмæтæн Битар хъуамæ йæ иунæг чызджы усæн ратта, куыд дзырд уыдысты, афтæ.

Битармæ уыдис диссаджы æгъуыстаджы рæсугъд чызг. Цыди йыл дыууæ æмæ ссæдз азы.

Кæрæф Битар хинæйдзаг хъæлдзæг скодта йæхи, нысангарз райста. Æгæрыстæмæй ма ахæм кой дæр ракодта, зæгъгæ мын мæ лæппуйы сымах амардтат, мæнæ мæ сиахсаджы фыд та мах къухæй йæ мæлæт ссардта, æмæ ныр Сæуæхмæт уæд мæ хъæбул абонæй фæстæмæ. Мæ иунæг чызджы йын хæлар кæнын, æмæ хæларæй фæцæрæнт зæронды бонмæ.

Сæуæхмæтæн йæ зæрдæйы ныххаудта Битары чызг Махъала. Тынг æй бауарзта, йæ цинæн кæрон нал уыди. Æцæг, чысыл йæ зæрдæ æнкъард кодта, йæ фыды мардмæ йын æй кæй дæттынц, уый тыххæй, фæлæ ирон фæтк æмæ намыс афтæ домдта.

Ныр уал чызджы хабармæ æрыздæхон. Ма ферох кæнут, ам мæ таурæгъ цæуыл фæлыг кодтон, уый.

Андро æмæ Битар хæлæрттæй цардысты. Иубон Битар уæлбæхæй ныммидæг йæ хæлар лæг Андромæ. Уый йыл бацинтæ, баузæлдтытæ кодта æмæ, сырх сæнæй ахъаззаг куы барасыг сты, уæд Битар фæрсы Андройы:

– Ацы чызг дын кæй у, æнæзæнæг куы стут, уæд?

Андро исдуг йæ ныхæстæ арафæлив-бафæлив кодта, стæй уæд дзуры Битары хъусы:

– Ацы чызг мыл бафтыд иу-аст азы размæ уæ хæхты ‘рдыгæй цæугæйæ.

Битар фестъæлфыд, йæхинымæр ахъуыды кодта æмæ йæ афарста:

– Уый Тегъойы чызг ма уа?

– Уый у, уый, мæ хæлар, фæлæ, дæ хорзæхæй, макуы мацы сræди. Чызг зонгæ дæр нæ кæны, йæ хабар куыд рауад, уый.

Битар иудзæвгар ницыуал загъта. Цалдæр гаджидауы ма рауагътой, стæй афтæ зæгъы Андройæн:

– Рауæлдай кæн дæ давæггаджы. Хæларæй цæрæм æмæ не 'хсæн ацы къæрныхæггагыл дæр бафидауæм. Цы 'рдомай йæ аргъмæ, уымæй дын мæнæ лæг.

Андро, базаргæнæг лæг, аргъы кой куы фехъуыста, уæд йæ былтæ зыдæй асдæрдта, йæ фындзы бын аныхта æмæ афтæ зæгъы:

– Фæуæд дæ дзырд, æрмæст...

– О, мæ мард фенай, Андро. Нæ мæ зоныс, нæ?!

– Уæдæ, æз рахау-бахау кæнын, уый зоныс æмæ мын иу фидар уаргъхæссæн бæх ратт æмæ йæ акæн. Бæргæ мын нæ уыди ауæлдай кæнинаг, фæлæ йæ дæуæн дæттын.

Битар чызджы рафардæг кодта æмæ йæ бахъомыл кодта. Номхæссæны сылгоймаг рацыд, номхæссæны.

Гъе æмæ ныр кæрæф, налат Битар сфæнд кодта хо æмæ æфсымæры тæригъæды бацæуын, хо æмæ æфсымæры фæтугхæццæ кæнын. Архайдта, цæмæй чындзæхсæв тагъддæр уыдаид. Хо æмæ æфсымæр цæмæй æмбæрстой, ахæм æбуалгъ худинаджы сæ æппары æдзæсгом Битар. Уымæн æмæ Уалыты чызджы фесæфт дыууæ æмæ ссæдз азы размæ уыд. Кæй фæсонæрхæджы уыдаид ахæм хабар?!

Уæд иубон Битар фæзынд ирæдисæг Уалытæм. Уалытæ сæхи цæттæ дардтой сæ лымæнты фæзындмæ æмæ сæ хорз суазæг кодтой. Даргъ æмæ уæрæх зæхбын хæдзары æхсæв-бонмæ арт никуы æрмынæг. Фынгыл æвæрдтой цъысцъысгæнгæ бур физонджытæ даргъ æхсæр уисæй конд уæхстытыл.

Даргъ фынджы фарсмæ бадынц Тæтæрхъаны ирæдисджытæ, йæхæдæг сæ уæле йæ фыдæлтыккон къæлæтджыныл фæстæуæз йæхи ауагъта. Ногæй-ногмæ уадзы гаджидæуттæ. Бирæ раныхас-баныхасы фæстæ ахицæн кодтой, ирæдæн цы æмбæлд, уый: иу бæх, цыппар галы, дæс хъуджы, дыууиссæдзы та лыстæджытæ, арахъуадзæн æрхуы аг æд мили.

Ирæд куы ахицæн, уæд Битар бахъæлдзæг. Йæхимидæг загъта: «Уæхи сойæ уын айсæрстон уæ былтæ, мæ лымæнтæ...»

Сæуæхмæт уырдыг лæууы уазджыты раз. Архайы, цæмæй аккаг лæггад сарæхса йæ каистæн. Йæ дынджыр ирæд мурмæ дæр нæ дары,

кæд хæдзары цыппæркъахыгæй ницыуал аззад, уæддæр. Йæ цæсты разæй нæ хицæн кодта йæ рæсугъд Махъала.

Фæззæджы ‘рдæм бонтæ цыбырдæр кодтой, къуыритæ кæрæдзи æййæфтой, фæлæ Сæуæхмæтмæ та афтæ каст, цыма бонтæ размæ нал æггуырсынц, ныддаргъ æмæ ныббирæ сты.

Æрбалæууыд Джеоргуыбайы къуыри. Номхæссæны чындзæхсæвмæ йæхи цæттæ кæны зæронд Тæтæрхъан. Иу къуыри раздæр фервыста æгас комбæстæм хонджытæ, зæгъгæ мæ йæхицæй чи хоны, чи мæ æфсæрмы кæны, уый мæм-иу фæзынæд уыцы æмæ уыцы бон. Иу дзырдæй, зынгæвæрдау цæттæ уыди æппæтæй дæр.

Уæд дын иурайсом Махъала æнкъардæй абадт къонайы фарсмæ. Битар уыцы рæстæг æрбахызт уынгæй æмæ, чызджы афтæ æнкъардæй бадгæ куы федта, уæд æй хинфарст акодта:

– Цы дæ хъуын сфæлдæхт рынчын родау, цæуыл æнкъард дæ? Æз дын цы къайаг ссардтон, уый цинæй дæ бынаты æндæр чызг æдзух къуымты кафгæ æмæ заргæ цæуид.

Махъала йæ мидбынаты базмæлыд æмæ ныллæг, æнкъард хъæлæсæй афтæ зæгъы:

– Уый тыххæй, мыййаг, куынæ æнкъард кæнын, фæлæ...

– Уæдæ цæуыл у дæ зæрдæйы сагъæс?

Чызг фестад, хæстæг бауад Битармæ, йæ разы уырдыг слæууыд æмæ йын лæгъстæгæнæгау дзуры:

– Курын дæ Хуыцауæй курæгау, æмæ мæ мæ ныййарджытæм ауадз. Тынг сæ æрымысыдтæн. Фендзынæн мæ мад æмæ мæ фыды æмæ уайтагъд фæстæмæ фездæхдзынæн.

Махъала йæ ныййарджытæ Андро æмæ йæ усы æнхъæлдта.

Битар фенæууæнк чызджы ныхæстыл. Йæхинымæр ахъуыды кодта: ныр цалдæр азы рацыд, ацы чызджы куы ‘рбакодтон, уæдæй нырмæ, æмæ йæ ныййарджыты кой куы никуы скодта, уæд ыл ныр цы ‘рцыд? Кæд исты æрфиппайдта, уæд ме сæфт æрцыд, æндæр ницы... Стæй йæ афарста:

– Афтæ тынг дæ цæмæн æрфæндыд сæ фенын?

– Ау, искæй ма йæ ныййарджыты фенын нæ фæнды?!

– Дæ ныййарджытæ сты, уый æз дæр зонын, мæ хур, зонын, фæлæ дæ æз схъомыл кодтон. Мæнæ дæ æвваxс бонты чындзы куы æрвитын. Чындзы куы ацæуай, уæд уыцы лæппуимæ фæцæудзынæ дæ ный-

йарджыты фенынмæ, мæ хур. Уыдонæн дæр уæд æхсызгон уыдзæн уæ фенд. Ныр та мæнæ фыр æнæвдæлонæй нæ къухтæм æмхасæнтæ куы кæнæм. Нымад бонтæ ма баззад Джеоргуыбамæ, æмæ дын кады митæ кæнинаг куы дæн, уæд нæ уырдæмыты цæуынтæм æвдæлы?!

Кæрæф лæджы фæлывд ныхæстæм та чызг æрæнкъард. Йæ зæрдæ æрбауынгæг. Йæ кæуын нал баурæдта, æмæ йæ фæлмæн рустыл ставд цæссыгтæ æртылдысты. Цыдæр амонд æй лæдзæгæй схойæгау кодта йæ ныййарджытæм.

Чызг фæкъæйных æмæ æнæрæнцайгæ, йæ хъуыры цъар ивазгæ, лæгъстæ кæны, дзыназы æмæ кæуы, ницæмæуал ком дæтты.

Битарæн æндæр хуыздæр гæнæн ницыуал уыд, æмæ сразы Махъалайы ауадзыныл.

Дыккаг бон Махъала сæумæцъæхæй цингæнгæ араст. Уынгæй куыд ахызт, афтæ ма йæ хъустыл ауад Битары хъæр:

– Тагъд-иу раздæх, мæ хур, тагъд!

Цæуы Махъала, тындзы размæ æмæ хæрз изæрæй ныххæццæ, йæ ныййарджытæ кæй хуыдта, уыдонмæ. Бирæ йыл фæцинтæ кодтой Андро æмæ йæ ус. Куыннæ цин кодтаид æнамонд чызг, стæй æнкъардæй афарста Андройы:

– Зæгъ мын, мæ фыд, æрмæст уын мæн йеддæмæ нæ уыд нæдæр чызг, нæдæр лæппу?

Андро фæцырд дзуапмæ.

– Нæ уыди махæн зæнæг, мæ чызг. Зæнæджы ад æрмæст дæуæй базыдтам.

Махъала йæ цæнгтæ атыхта, йæ фыд кæй хуыдта, уыцы Андройы хъуырыл æмæ йын æрхæндæгæй дзуры:

– Уæдæ уын кæд иунæг æз уыдтæн, æндæр ничи, уæд мæ цæмæн схъеллауаг кодтат, цæмæн мæ радтат кæрæф Битарæн? Чындзы искæй уæзæгæй цæмæн цæуын? Цы хæлæг мын кæнут нæхи хæдзарæй чындзы фæцæуын?

Бирæ цыдæртæ дзуринаг ма уыд чызг, фæлæ фыр тыхстæй йæ кæуын фæраздæр.

Андро тæригъæдгæнаг никуы уыди, фæлæ йæм ныр тынг бахъардтой Махъалайы тæригъæддаг ныхæстæ, æмæ рафæнд кодта ныртæккæ йе ’дзæсгом хабæрттæ фæдзурын.

– Мæхи æнамонд Махъала. Ныббар мын æппæт дæр. Æз тынг

ӕдзӕсгом хъуыддаг бакодтон. Мӕнӕн хъуамӕ иунӕг Хуыцау ма ныббарид дӕ тӕригъӕд... Ӕз нӕ дӕн дӕ фыд, нӕдӕр мӕнӕ не 'фсин у дӕ мад... Дӕ ныййарджытӕ сты ӕндӕртӕ, Уалытӕй. Битары фырт ӕрӕджы цы Тегъойы амардта, уый уыди дӕ фыд, дӕ мад та – йӕ ус Фадизӕ.

– Чи у мӕ фыд?!. Уӕдӕ мӕ фыды марджытӕ... Мӕн мӕ мады зӕнӕгӕн... – афтӕ ма скъуыдтӕ дзырдтӕй сфӕрӕзта чызг. Йӕ цӕсгом афӕлурс, былтӕ ачъырццӕ сты, ӕмӕ Андройы раз уазал зӕххыл ӕрхауд, фӕуадзыг. Тыхтӕй-амӕлттӕй йӕ ӕрчъицын кодтой, фӕлӕ йӕ зӕрдӕхалӕн куыдмӕ хӕдзары къултӕ сыггай згъӕлдысты.

Куыддӕртӕй йӕ ӕрсабыр кодтой. Ӕппӕт дӕр радзырдта Андро чызгӕн. Куыд ӕй ӕрхаста ардӕм, Битарӕн ӕй куыд ауӕй кодта...

Сонт стад фӕкодта йӕ бынатӕй ӕмӕ та атыхст Андройыл:

– Бузныг, стыр бузныг, кӕй мын батӕригъӕд кодтай, уый тыххӕй.

Дыккаг бон ӕнкъардӕй араст Махъала хохы 'рдӕм. Йӕ сау цӕстытӕ ныссырх сты фыр куыдӕй.

Кӕрты лӕугӕ сӕййӕфта Сӕуӕхмӕты. Лӕппу йӕ куы ауыдта, уӕд йӕ цӕсгом фӕрухс, йӕ мидбылты йӕм бахудт. Чызг дӕр йӕхи тыххъӕлдзӕг скодта, йӕ цӕнгтӕ дард айтыгъта ӕмӕ ныттыхст Сӕуӕхмӕтыл. Ныхъхъӕр кӕнынмӕ йӕ бирӕ нал бахъуыд, мӕ мады зӕнӕг, зӕгъгӕ, фӕлӕ йӕхи тыхурӕд ныккодта.

Кӕд чызг лӕппуйыл мады зӕнӕджы цинӕй цин кодта, уӕд лӕппу та афтӕ ӕнхъӕл уыди, къайаджы уарзтӕй йӕ уарзы ӕмӕ йын мынӕг хъӕлӕсӕй дзуры:

– Уанцон нӕу, Махъала. Худинаг у, исчи нӕ куы фена...

Хинӕйдзаг Битар абон райсомӕй нырмӕ йӕхи кӕрты къуымты радав-бадав кӕны, рафт-бафт кӕны, йӕ сау зӕрдӕ йын цыма кӕрчытӕ сӕ цыргъ фындзтӕй къуырцц кӕнынц, афтӕ тыхсы.

Ныр хӕдзары къулы ауунӕй йӕ иу цӕст ӕрбадардта, лӕппу ӕмӕ чызгмӕ аивӕй кӕсы, ӕмӕ сӕ кӕрӕдзийыл атыхсгӕ куы федта, уӕд йӕ бирӕгъы зӕрдӕ барухс, йӕ риуыдзаг зыд улӕфт скодта.

Уыцы ӕхсӕв Сӕуӕхмӕт сӕхимӕ нал раздӕхт. Сиахсы зылдтытӕ куы акодта, Махъала дӕр йӕ митӕ конд куы фӕци, уӕд та уынджы фӕхибар сты. Сӕ алфамбылай сӕ цӕст куы никӕуыл схӕцыд, уӕд Махъала фӕрсы Сӕуӕхмӕты:

– Мӕ зынаргъ Сӕмӕт, уӕдӕ ды дӕр мӕнау иунӕг дӕ, нӕдӕр дын хо уыдис, нӕдӕр ӕфсымӕр?

Чызджы ӕнӕнхъӕлӕджы фарстмӕ лӕппу фенкъард, арф ныуулӕфыд ӕмӕ ныллӕг хъӕлӕсӕй дзуры:

– Ӕфсымӕр мын нӕй, нӕдӕр мын уыди. Фӕлӕ мын иунӕг хо уыди, фаззӕттӕ уыдыстӕм. Мӕ ныййарӕг мад куыд фӕдзуры, афтӕмӕй, иубон куыстӕй куы ‘рыздӕхтысты мӕ фыдимӕ, уӕд ӕй нал ссардтой. Бирӕ йӕ фӕрацагур-бацагур кодтой, фӕлӕ, кӕм ӕрбадӕлдзӕх, уый абоны онг дӕр ничима зоны, – загъта Сӕуӕхмӕт ӕмӕ та дӕлӕуӕз сулӕфыд.

– Уӕд та ахӕм амонд куы уаид, ӕмӕ дӕ иунӕг хойы нырӕвиппайды куы ссарис, уӕд дӕхи куыд банкъарис? – сдзырдта чызг.

– Уӕд а дунейыл мӕнӕй амондджындӕр нӕ уаид, мӕхи иунӕг ӕмӕ мӕгуыр нал схонин. Фӕлӕ уый фесӕфынӕй абонмӕ дыууӕ ӕмӕ ссӕдз азы рацыд. Ӕз мӕ хойӕ исты хабар куы фехъусин, ӕмӕ дыккаг бон мӕ мӕлӕт куы уаид.

– Зӕгъӕм, фӕзынд дӕ иунӕг хо, уӕд мӕн фылдӕр уарзис ӕви дӕ хойы?

– Дӕу нырмӕ куыд уарзтон, афтӕ дӕ уарзин, дӕхи бынаты, фӕлӕ мӕ иунӕг ӕнамонд хойы та уарзин мады зӕнӕджы уарзтӕй. Фӕлӕ ахӕм хорздзинад не ‘рцӕудзӕн, ӕмӕ ма ахӕм ныхӕстӕ дӕр цӕмӕн хъӕуынц? – ӕмӕ та Махъалайы йӕ риумӕ куы ‘рбалхъывта, ӕгӕрыстӕмӕй ма йын аба кӕнынмӕ дӕр куы рахъавыд, уӕд уый йӕ иунӕг ӕфсымӕры раз уырдыг ӕрлӕууыд ӕмӕ афтӕ зӕгъы:

– Нӕ, мӕ мады зӕнӕг, ӕз ӕмӕ дӕуӕн афтӕ не ‘мбӕлы. Иунӕг Хуыцау нӕ бахъахъхъӕдта. Ӕз дӕн дӕ иунӕг хо, хӕрз чысылӕй дын чи фесӕфт, уый, – йӕхи баппӕрста Сӕуӕхмӕтыл, йӕ хъуырмӕ йӕ ӕрбалхъывта, кӕуын ӕй нал бауагъта. Сӕуӕхмӕт фӕсонтау, иу уысм ницыуал бафӕрӕзта сдзурын, йӕ домбай уӕнгтӕ барызтысты дымгӕ боны гӕды бӕласау. Ӕппынӕрӕджиау ӕхгӕд хъӕлӕсӕй афтӕ зӕгъы:

– Нӕй, уый нӕ уыдзӕн. Уӕд мын нырмӕ цӕуылнӕ дзырдтай, мӕ хо дӕ, уый?

– Цӕуӕм уал ныр ӕвӕстиатӕй нӕ ныййарӕг мадмӕ, нӕ мыггагмӕ, фенон тагъддӕр мӕ фыды уӕзӕг, – ӕмӕ ӕхсӕвы тары нал фӕзындысты.

Зыд ӕмӕ ӕнӕфсис Битар рауад уынгмӕ. Арауай-бауай, арацагур-бацагур ма кодта лӕппу ӕмӕ чызджы, фӕлӕ йӕ уыдон къӕпдзыхӕй фӕуагътой.

Куы бамбæрста, лæппу æмæ чызг афардæг сты, уæд фæдисы хъæр ныккодта, зæгъгæ мын мæ чызджы уыцы налат аскъæфта.

Сæуæхмæт æмæ Махъала сæ кæртмæ куы схæццæ сты, уæд та чызгæн йæ уынгæг зæрдæ нал бабыхста, æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта:

– Кæм дæ, мæ ныййарæг мад. Æрцу нæм, мæнæ дæ сæфт чызг дæ къæсæрыл æрбалæууыд. Уæ иунæг Хуыцау, цы адджын у фыды уæзæг!

Æнæнхъæлæджы фæдисы хъæрмæ Фадизæ сæ кæртмæ рауад. Тарстхуызæй кæсы куы йæ лæппумæ, куы та йе 'нæзонгæ чызгмæ.

– Гыцци, дыууæ æмæ ссæдз азы кæугæ æмæ ниугæ мæрдтæм кæй тыххæй дзынæзтай, уый мæнæ дæ разы æрлæууыд, – сдзырдта лæппу.

Фадизæ ма иу хъæр фæкодта æмæ фæстæмæ ахауд, йæ цæстытæ ма фæирд кодта æмæ йæ зæрдæ банцад йæ кусынæй.

Хъæубæстæ уайтагъд æрбамбырд сты. Чи Махъалайыл цинтæ кодта, чи та зæрдæхалæн хъарджытæ нывæста Фадизæйы æнамонд мардыл.

Иууыл зæрдæхалæндæр уыд Махъалайы хъарæг: «Уæ мæ ныййарæг мад, æз дын æнамонды гуырд куы фæдæн. Фæлтау дæм куынæуал æрцыдаин».

Уалытæ куыдæхсарджындæрæй æд хотыхтæ æрæмбырд сты. Хъæуæй чысыл æддæдæр сæхи рæвдз кодтой, цæмæй бабырсой Тæгаутæм æмæ сæ бынысkъуыд скæной. Зондджын Тæтæрхъан уайтагъд бафиппайдта, йæ кæстæртæ цы сфæнд кодтой, уый æмæ бацыд фæсивæды размæ. Йæ худы зæронд йæ сæрæй систа æмæ æнкъард, уынгæг хъæлæсæй райхъуыст:

– Уæ мæ кæстæртæ, абон махæн у цин æмæ хъыджы бон, абон, цы нæма 'рцыди, ахæм æмбисонд æркодта мæ хæдзарвæндагыл. Цæй æмæ уал нæ зианы йæ сыджытыл сæмбæлын кæнæм. Нæ сæфт чызгыл та, мæ хуртæ, цин фæкæнæм. Стæй уæд, мæ зæронд сæр сыджыты ныгæд ма 'рцæуæд, æз ма сымахæн уæ фæндаг куы æрæхгæнон!

Уалыты æхсарджынтæ сæ хотыхтæ æруагътой, кæрæдзимæ бакастысты æмæ æнкъардæй æрбаздæхтысты Тæтæрхъаны кæртмæ.

Сæуæхмæтæн цыдæриддæр бацæттæ кодта Фадизæ кады чындзæхсæвæн, уыдон ын йæ хистæн сфæлхас кодтой. Тæгаутæ хъуыддаг бамбæрстой æмæ сæ уæнджы мигъ ныббадт. Мæсыджы сæр хъахъ-

хъæнæг баурæдтой, цæмæй сæ Уалытæ æнæнхъæлæджы ма сисой сæ кæрдты фындзтыл.

Уалытæ сæ фынгæй куы сыстадысты, уæд, сæ разæй Сæуæхмæт, афтæмæй сæ бæхтæ кæмтты фæцагайдтой Тæгауты мыггагмæ.

Бон фæлыгъд дард кæдæмдæр, цæмæй, цы æвирхъау цаутæ æрцæуинаг уыди дыууæ мыггаджы ‘хсæн, уыдон ма фена æмæ йæ хъуыддаг æхсæвы æвджид бакодта.

Бæстæ ныссабыр. Кæмттæ ныттар, ныттталынг сты, афтæ Уалытæ хæстæввонгæй бамидæг сты Тæгауты уынджы. Цæвиттон, афтæ хæстæг сæ æнæ хæстæй нæ бауагътаиккой, фæлæ æхсæвы тары хъахъхъæнæг нæ бафиппайдта тыхгæнджыты æрбабырст. Гъе æмæ, мæ хур, уайтагъд Тæгауты уæзæг топпы гæрах фестад. Бæргæ ма февнæлдтой сæ хотыхтæм, фæлæ ферæджы.

Тæгауты хистæр ныхъхъæр кодта:

– Мæсыгмæ, мæсыгмæ, мæ хуртæ, науæд нæ бынысхъуыд фæкæндзысты!

Тæгауты хæстонтæ уайтагъд дуры мидæг бацыдысты, æмæ Уалытæн ницыуал гæнæн æмæ амал уыди. Уынгты æрбацæйлыгъди иу куыдз. Сæуæхмæт æм йæ хотых фæцарæзта, фæцыд гæрах. Æнамонд куыдз æваст йæхи къæлæтау фæкъæдз кодта. Зæрдæхалæн хъыс-хъыс ныккодта æмæ æрхауд. Сæуæхмæт æм бауад, туг калгæ йæ фелвæста æмæ йæ сырх фæдгæнгæ аскъæфта Тæгауты уæлмæрдмæ. Мæрдты дуртæ æмæ йæ цыртытыл аралас-балас кодта, стæй йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кæны:

– Мæнæ уæ мæрдты риуыл куыдзы тугтæ ацыд, æмæ, кæд æхсарджын стут, уæд мæсыгæй рахизут!

Тæгаутæ нал бабыхстой. Уымæй худинагдæр ма цы уыдаид!

Гъе æмæ ратæррæстытæ кодтой сæ мæсыгæй. Кардæй балæбурдтой Уалытæм. Афтæмæй, бон фæстæмæ куы раздæхт уæлæ бæрзонд хæхты цъуппытæй, уæд банымæг тугкалæн хæст дæр. Нал хъуыст Тæгауты уæзæгæй топпы хъæртæ. Бынысхъуыд фæкодтой Уалытæ Тæгауты, æрмæст ма кæмдæр сылгоймæгтæ бамбæхстысты.

Уалытæ сæ мæрдты рафардæг кодтой æмæ сæ иу ингæны баныгæдтой. Стæй сыстадысты уыцы æнамонд зæххæй, ныууагътой сæ бынат æмæ дæлæ Чысангоммæ фæлыгъдысты. Ныр уыцы зæххыл æрцардысты Козатæ, уæртæ Мацхарагомы, фæлæ хъæуы ном абон дæр Уалыты хъæу хуыйны.

# КАДЫ НУАЗÆН

*Таугæгъ*

Æнусты размæ нæ хохы адæмæн сæ сæйрагдæр куыст цуан кæнын уыди. Уымæй дардтой сæхи, састой се ’ххормаг, бæрæг кодтой сæ лæгдзинад цуан кæнын æмæ æхсарæй. Æмæ алчи йæ удæй цыд, цæмæй цуан кæнынмæ æвзыгъд уыдаид, хуыздæр æмæ нарддæр сырдтæ мардтаид.

Адæмæн сæ цард цуан кæнынæй куыд уыди, се сæфт дæр уыцы хъуыддагæй афтæ ардтой нæ хохы хъæбатыртæ.

Иуахæмы Цæлхауты идæдз ус Госæмайы дыууæ фаззон фырты цуаны цæуын æрымысыдысты. Æрымысыдысты, æвæдза, раст нæу. Иу æмæ дыууæ хатты, мыййаг, куынæ фæцыдысты цуаны. Иу æмæ дыууæ хатты, мыййаг, куынæ амардтой сæрджын сагтæ, нард дзæбидыртæ. Фæлæ ацы хатт сфæнд кодтой дард хæхтæм цуаны фæцæуын. Сæ мад сын æдзухдæр фæдзæхста, зæгъгæ, уыцы æнæдон, æнæхъæд хохмæ макуы сфæнд кæнут цуаны фæцæуын. Йæ коймæ дæр мæ зæрдæ баризы!

Госæмайы мой Бечыр йæ адзал уыцы хæхты ссардта фæцу æмæ ма ’рцуйы фæндагыл.

Бечыр хъæбатыр цуанон уыди. Ныхъхъавыд, уæд æрду нæ ивгъуыдта. Фæлæ уыцы æнæдон хæхтæм цуаны куы фæцыд, уæд нал æрыздæхт. Сырдты амæттаг баци æви йæ къæдзæхы лæбырæнтæ аныхъуырдтой, уый æрмæст Хуыцау зоны.

Уыцы фæстаг цыд куы акодта цуаны, уæдæй фæстæмæ йæ уарзон ус Госæма тарзæрдæ æмæ цæстысыгимæ æрвыста йæ царды бонтæ.

Бечыры ус Госæма æнæфæразон уыд. Йæ мойы фесæфтæй авд мæйы куы рацыд, уæд Госæмайæн райгуырд дыууæ фаззон фырты. Амондджынæй райгуырдысты Бысал æмæ Бæрсæбег, æнæнизæй рæзыдысты. Сæ цинæй сæ ныййарæг мад йæ бирæ дудгæбонтæ байрох кодта. Бысал хистæр æфсымæрыл нымад уыди. Цæвиттон, уый раздæр райгуырд. Дыууæ æфсымæры кæрæдзийы цæрмыстыгъд бакодтой асæй, хуызæй, зæрдæйæ, иууыл номхæссæн та хъаруйæ уыдысты. Сæ дыууæ дæр асæй – рæстæмбис, фæтæнуæхск, нуарджын уæнгтæ сын, сау-сауид цæстытæ, къæбæлдзыг сæрыхъуынтæ. Хъæубæстæ сыл æнувыд уыдысты æмæ сæ сæхи хъæбултау уарзтой. Сæ мад Госæма йæ дыууæ хъæбулæн æмхуызон дарæс хуыдта. Дардтой цъæх цухъ-

хъатæ, игæрхуыз куырæттæ, саджы цармæй зæнгæйттæ. Æфсымæртæ æнæ сæ кæрæдзи сæ дзыхмæ къæбæр не схастаиккой, донæй сæхи нæ бафсæстаиккой.

Номхæссæны цуанонтæ рауадысты, номхæссæны, Бысал æмæ Бæрсæбег. Кæд царды сæ разы бирæ ныхдуртæ уыди, æгъатыр дуджы зынтæ сæ разы хъен дурау лæууыдысты, уæддæр сæ хъаруйы фæрцы царды зындзинæдтæ фæринк карды æрриуыгъдау лыг кодтой. Нард сырды фыдæй сæхи цух нæ уагътой. Уымæй лæггад кодтой сæ ныййарæгæн. Æфсатийы лæвар сырды фыд нæртонæй уæрстой сæ хъæуы цæрджытæн.

Сæ фыды амæлæты хабар сын сæ ныййарæг мад æппынæрæджиау раргом кодта. Ныййарæг мад æдас нæ уыди, зæгъгæ, мæ хъæбултæ уый куы базоной, сæ фыд æнæхъæд, æнæдон хохмæ фæцыд цуаны æмæ нал æрыздæхти, уæд сфæнд кæндзысты æмæ, сæ фыд цы хæхтæй нал æрыздæхт, уыцы хæхтæм уынæг фæцæудзысты. Амардзысты сæрджын сагтæ æмæ сырды фыдæй сæ фыдæн рухс зæгъдзысты.

Иурайсом Госæма, йæ хуыссæнæй куы сыстад æмæ уынгмæ куы рахызт, уæд арвыл йæ цæст ахаста. Арв уыди мигътæй æмбæрзт. Фæстæмæ баздæхт æмæ йæ фырттæн афтæ:

– Мæ хъæбултæ, диссаджы цуаны цæуæн бон скодта, диссаджы.

Лæппутæ уыцы рæстæг сæ хотыхтæ рæвдз кодтой. Бысал йæ дзыхыдзаг ныххудт æмæ дзуры йæ мадмæ:

– Нана, цы дын æй сусæг кæнæм: ныййарæг мадыл гадзрахатæй рацæуын худинаг æмæ фидиссаджы нысан у хъæбулæн. Мах цæуæм æнæдон хæхтæм. Фенæм уыцы хæхтæ, зонгæ уæддæр кæнæм, нæ фыд цы хæхты фæмард.

Мад йæ хъæбулы дзырдтæм исдуг æдзынæг хъуыста, стæй йæ хъуыр æрбауынгæг æмæ йæ рустыл æртылд дыууæ цæссыджы. Атыхст йæ дыууæ хъæбулыл, адджын хъæбыс сын ныккодта æмæ æнкъардæй загъта:

– Фæлтау уæ ныййарæг мады кæрдихгай скæнут... Уыцы хохмæ цуаны ничима фæцыд уæ фыды йеддæмæ, æмæ уый дæр нал æрыздæхт.

Мад æмæ фырттæ иудзæвгар æнæдзургæйæ лæууыдысты. Госæма сæрфта йæ цæссыгтæ. Æфсымæртæ судзгæ сагъæсты аныгъуылдысты. Æппынæрæджиау Бæрсæбег арф ныуулæфыд æмæ афтæ загъы:

– Нана, нæ ныййарæг мад, бирæ, тынг бирæ сты дæ лæггæдтæ дæ фыртты раз. Мады дзырдыл «нæ» зæгъын хъæбулæн фидиссаг у, фæлæ куы зоныс, нана, сом худинаджы ном цæмæй сбада дæ хъæбултыл, уымæ абон мах дыууæ æфсымæрæй бахизæм? Нæ хъæуы тæрсын зынтæй, фæлæ сæм хъæуы комкоммæ цæуын хъару æмæ æхсары фæрцы.

Хъæбулы карз дзырдтæ мады зæрдæ айгæрстой, æргом скуыдта æмæ æрхæндæг хъæлæсæй загъта:

– Иунæг Хуыцау уе ‘ххуысгæнæг, мæ хъæбултæ. Дард балцы цæуын сфæнд кодтат, æрмæст уæ фæдзæхсын: дойныйæ куы тыхсат, уæд-иу дарддæр цæуынвæнд мауал скæнут.

Мад йæ хъæбулты фæдыл бирæ фæкаст. Хохы дыдагъы куы фæауон сты, уæд арф ныуулæфыд, арвмæ скаст æмæ скуывта:

– Иунæг Хуыцау, дæ бар кæнын мæ хъæбулты. Адзалæй сæ бахъахъхъæн!

Хур арвы уæрæхы куыд бæрзонддæр цыди, афтæ фаззон æфсымæртæ сæ райгуырæн хъæуæй кодтой дардæй-дарддæр.

Сæрд. Æрдз уыд йæ тæккæ рæсугъдыл. Арф кæмттæй хъуыст æнусон æхсæрдзæнты сæх-сæх. Хъæдæй хъуыстысты цъиуты алыхуызон зарджытæ. Фæхстæй дидинджытæ сæ базыртæ сдардтой æмæ сæ диссаджы зæрдæмæдзæугæ тæфæй дыууæ ‘фсымæры рæвдыдтой. Хæхты ‘рдыгæй дымдта рæубазыр дымгæ æмæ дыууæ фаззоны уæнгтæ рог кодта.

Бысал æмæ Бæрсæбег цыдысты алырдæм фæлгæсгæ, цыдысты æнæрулæфгæйæ комæй коммæ, хохæй хохмæ. Фæцыдысты æртæ боны. Схæрд кодтой æнæхъæд, æнæдон хохыл. Сæ сæрмæ айнæг къæдзæхтæ бæрзонд фæцыдысты. Къæдзæхты æндонхуыз фæрстæ хуры тынтæм мынæг æрттывд кодтой. Иунæг цъиуы уасын никуыцæйуал хъуыст. Арф кæмттæй нал хъуыст æхсæрдзæнты æнусон зарæг. Æфсымæртæ æрæнкъард сты, фæлæ сæ ныфс нæ асаст. Бысал айнæджы тигъыл фидар ныххæцыд, фæзылд Бæрсæбеджы ‘рдæм æмæ йын афтæ зæгъы:

– Мæ ныфсы мæсыг, уырны мæ, ацы æнæдон хæхтæ нæ фыды ингæн кæй сты. Сæ уындæй дæр адæймаджы зæрдæ æнкъард куы кæны.

Куы сæ цыппæртыл хылдысты, куы айнæгæй айнæгмæ гæпп кодтой, афтæмæй цыппæрæм бон схæццæ сты сæрсæфæн къæдзæхы сæрмæ. Хæхтыл, къæдзæхтыл сæ цæст ахастой. Алырдыгæй – сæрсæфæн былтæ, къæдзæхы лæбырæнтæ. Бысал æмæ Бæрсæбег цы айнæг къæ-

дзæхы сæр æрлæууыдысты, уый та иннæ къæдзæхтæй – тæссагдæр. Рахизæрдыгæй – кæрдгæ хох, галиуæрдыгæй, – адæймаджы зæрдæ кæмæй уынгæг кæны, уæнгтæ кæмæй нырризынц, ахæм лæбырæн чыс-къæдзæх.

Бысал арф ныуулæфыд, йæ сæр йæ риуыл æруагъта æмæ æнкъардæй зæгъы:

– Бæрæг у, нæ фыд ацы хæхты йæ адзал кæй ссардта.

Дыууæ дæр сæ худтæ систой. Уый фæстæ арвмæ фæйнæ гæрахы фæкодтой æмæ айнæджы сæр æрбадтысты.

Хур ма фæстаг салам лæвæрдта æгомыг хæхтæ æмæ айнæг къæдзæхтæн. Бысал та йæ алыварс йæ цæст ахаста, фæкаст сæ баком-коммæ айнæг къæдзæхы сæрмæ æмæ ауыдта диссаджы рæсугъд саг. Сагæн йæ дæллагхъуыр хуры тынтæм сыгъзæринау тæмæнтæ калдта. Йæ фæрстæ афтæ лæгъз уыдысты, æмæ-иу иуырдæм куы фæзылд, уæд-иу хуры тынтæм æлвæст фæринкау ферттывтой. Бысалæн, саджы рæсугъддзинадмæ кæсгæйæ, йе ‘нкъард зæрдæ схъæлдзæг. Æнæдзургæйæ басхуыста Бæрсæбеджы фарс æмæ йын ныллæг хъæлæсæй загъта:

– Уæлæ-ма скæс, нæ хæхты фидауц рæсугъд саг кæцæй æркаст!

Бæрсæбег фестад, йæ хотых фæцарæзта саджы ‘рдæм. Багæрах æй кæна, зæгъгæ, афтæ йын Бысал йæ хъыримаг ацахста.

– Уый цы ми кæныс, мæ ныфсы мæсыг? Ацы æдзæрæг хæхты мæ зæрдæ уый фендæй куы барухс. Уадз æмæ бæрзонд хохæй фæлгæса. Чи зоны, зæххон адæймагæн йæ тыхсты уысм цы ахъаз фæуа.

Бæрсæбег йæ хотых æруагъта. Йæ хистæр æфсымæры дзырдыл уæлдай нал загъта.

Кæсынц дыууæ ‘фсымæры сагмæ уæлæмæ. Кæсы сæм хохы фидауцджын саг уæлейæ дæлæмæ. Æфсымæртæм афтæ зыны, цыма саджы сыкъатæ арвы хытъыны сфардæг сты. Æдыхст, æдасæй кæсы хохы фидауц сæрджын саг дыууæ ‘фсымæры ‘рдæм. Æвæццæгæн, топпы гæрах, тæвд нæмыджы зæрдæхалæн æхситт никуыма фехъуыста. Æрæджиау йæ сæр уæздан батылдта, айнæджы тигъæй йæхи айста æмæ хохы дыдагъы фæаууон.

Дыууæ ‘фсымæры иудзæвгар æнæдзургæйæ алæууыдысты. Сæ сагъæстæ сæ дард кæдæмдæр ахастой.

Хур йæ зæлдаг æндæхтæ йæ фæстæ тухгæ ныттылд фæсхохмæ.

Радымдта, зæрдæйæн æхсызгон чи уыди, ахæм дымгæ. Æфсымæртæн цыма сæ фæллад фæлыгъд, уыйау рог сулæфыдысты, æрмæст сæ дойны тыхсын кодта.

– Донæн ницы амал скæндзыстæм, Бæрсæбег, фæлæ нæ ‘хсæвæры кой æнæмæнг хъæуы. Уæлæ уæлдæр суайæм, æмæ нын кæд Æфсати ралæвар кæнид...

Афтæ дзургæ, сæ хотыхтæ се ‘ккой баппæрстой æмæ араст сты айнæджы тигъыл дыууæ цуаноны. Топпы гæрах æнкъард къæдзæхтæ ныццарыдта. Бæрсæбеджы гæрахæй нард дзæбидыр хердмæ фæхаудта æмæ айнæгæй расхъиудта. Æртылд айнæджы бынмæ, æмæ йæм дыууæ ‘фсымæры, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, ныххылдысты, фæлæ йæ рахæссын уыди зындæр. Адæймаг афтæмæй дæр зынæй цыди уыцы кæрдгæ къæдзæхтыл. Нæ фæтыхстысты æфсымæртæ.

– Ам æй астигъæм, Бæрсæбег. Уæнггай йæ акæндзыстæм æмæ йæ ахæсдзыстæм, кæм æрбынат кодтам, уырдæм.

Æфсымæртæ рæвдз архайдтой. Счъилдысæй стыгътой нард дзæбидыры мард. Æхсæв цадæггай лæсыди комы рæбынтæй, цæст ма гæзæмæ æвзæрста, афтæ æрбахæццæ сты сæ раздæры бынатмæ. Къæйдурты фæсцæгат арт акодтой, æмæ уайтагъд физонджыты хæрздæф дымгæ скъæфын райдыдта. Нард физонджыты сойцæссыгтæ артмæ гæр-гæр кодтой. Арты æвзæгтæ нард физонæгмæ лæбурдтой. Цуанон æфсымæртæн арты рухс сæ цæсгæмттыл хъазыди.

Сцæттæ сты физонджытæ. Æфсымæртæ æрбадтысты. Бысал, йе ‘рфгуытæ фелхынцъ кæнгæйæ, афтæ зæгъы:

– Рухсаг у, нæ фыд. Мах разы куыд ис нард физонæг, афтæ уæд дæ разы дæр.

Æфсымæртæ физонæгæй хорз куы фæминас кодтой, уæд къæйдуртыл хъæбыс-хъæбыс æрхуыссыдысты. Саубазыр æхсæв сындæггай дыууæ ‘фсымæры йæ тар хъæбысы банорста. Фаззæттæ афынæй сты, фæлæ æрдзон тыхимæ карз тохы бацыдысты, дойны сæ фынæйæ дæр хурх кодта. Бысал тынгдæр сдойны. Бæрсæбег ма дыууæ боны размæ уазал дон бануæзта, фæлæ уæд Бысалæн дойны нæма уыди. Бысал фынæйæ тынгдæр тыхст. Йæ фыны Бысал цæуы арф комы, алырдыгæй хæлхæлгæнгæ уайынц уазал суадæттæ. Бысал ныггуыбыр кæны, нуазы æмæ нуазы, фæлæ не ‘фсæды, йæ дойны басæттынæн ницы фæразы. Цæуы дарддæр Бысал. Йæ цуры æхсырхуыз æхсæрдзæн

айнæджы сæрæй расхъиуы æмæ къæйдуртыл авгау лыстæг згъæлæн авæййы. Бысал йæ дзых ныххæлиу кæны, йæ сæр æгасæй æхсæрдзæны бынмæ бавæры, фæнды йæ, йæ цæсгом куы схуылыдз кæнид, куы дзы бануазид ахъаззаг, фæлæ йын не 'нтысы. Фехъал. Йæ алыварс акаст. Æрдз уыди сабыр. Йæ чъырццæ былтæ асдæрдта. Ныррызтысты йæ фидар уæнгтæ, ныттæхуды кодта, зæгъгæ, иу доны æртах... Дойны бауромын кæй бон у... Йæ сæр нынкъуыста æмæ æрхуыссыд. Æрхуыссыд, фæлæ нал бафынæй.

Æрбабон. Зæрин хур стылд фæсхохæй æмæ хохæй-хохмæ йæ хæрдгæ тынтæй хид æвæрдта. Дыууæ 'фсымæры сыстадысты, сæ кæрæдзийы цæстытæм бакастысты æмæ сæ алкæй цæстыты дæр зынди тасы нысæнттæ.

Бысал арф ныуулæфыд æмæ дзуры Бæрсæбегмæ:

– Мæ ныфсы мæсыг, нæ хъысмæт нын карз тæрхон скодта. Æнæ донæй бынсæфт кæнæм...

Иуцъус æнæдзургæйæ алæууыд æмæ та дзуры:

– Цæуын хъæуы æвæстиатæй, фæлæ ма цыппар боны æнæ донæй бафæразæм, уый ныфс мæ нал ис!

Сырд амарын фæнд нал кæнынц, фæлæ сæ фæстаг тыхтæй цæуынц, цæмæй æнæдон хæхтæй аирвæзой. Хур арвы уæрæхмæ сфардæг æмæ йæ тæвд тынтæ айнæг къæдзæхтыл луæрста. Хохы фæрстæ афтæ стæвд сты, æмæ зынг æфсæйнагау æндæвтой. Æфсымæртæ тынгдæр тыхсынц дойныйæ. Бæрсæбег ма йæхи уромы, фæлæ Бысалæн йæ тых асаст, цæстытæ хъаруджын æрттывд нал кæнынц. Йе 'взаг йæ дзыхы бампылд. Æрхауынмæ йæ бирæ нал хъæуы, фæлæ йæхи тыхурæд кæны. Цæуы, фæлæ йыл хатт дуне атар вæййы, йæ сæр нынкъусы æмæ та цухмухтæгæнгæ йæ къæхтæ йæ фæдыл тыхласæгау акæны. Чи йæ зоны, цас ауадаиккой, фæлæ æвиппайды йæ мидбынаты æрхауд хистæр æфсымæр æмæ æрхæндæг хъæлæсæй загъта:

– Мæ иунæг æфсымæр, мæ царды мидæг мæлæтæй никуы фæтарстæн, знаджы карды бын никуы схъæрзыдтон, фæлæ мæ ныр адзал ныхъхъæбыс кæнынмæ хъавы... Тæхуды, æмæ знаджы судзгæ нæмыг йæ риувæйнæг кæмæн батондзæн, афтæмæй йæ адзал чи ссардзæн. Тæхуды, æмæ знагмæ кардæлвæстæй чи алæбурдзæн, афтæмæй йæ мæлæт чи ссардзæн карз тохы... Ох, цы мардæй мæлын... Дойныйæ... Мæ иунæг æфсымæр, кæд ма дæ дæ хъаруйæ ныфс ис, уæд цæугæ

кæн æвæстиатæй æмæ ма кæд донил сæмбæлис æмæ цардæгасæй баззаис. Æрмæст дын фæдзæхсын: макуы бахæсс дæ сæрмæ, дæ хистæр æфсымæр дойныйæ фæмард, уый зæгъын. О Иунæг Хуыцау, æз сæфын, фæлæ мæ иунæг æфсымæр дæ фæдзæхст, сæмбæлын æй кæн йæ нывйарæгыл...

Бæрсæбег дæр хуыздæр уавæры нæ уыди, дойныйæ йæ чъырццæ былтæ ‘хсыдта, фæлæ, йе ‘фсымæры тыхстдзинадмæ кæсгæйæ, йæхи афтæ банкъардта, цыма дзы йæ дойны æрбайрох. Æргуыбыр кодта, йе ‘фсымæры йæ риумæ нылхъывта æмæ йæм уынгæг хъæлæсæй дзуры:

– Бысал! Бысал!.. Мæ цæугæ хох!.. Дæхи фæфидар кæн, æз цæуын донагур!..

Йæ хъуыр æрбахгæдта æмæ йæ нæрст рустыл йæ цæссыгтæ æртылдысты. Иу цæссыг дзы æрхауд Бысалы уæллаг былыл. Уый йæ зыдæй асдæрдта æмæ йæ сæр нынкъуыста. Бæрсæбег ма йын ныхъхъæбыс кодта. Фестад æмæ комы ‘рдæм лидзынмæ фæци.

Цæуы, тындзы. Хатт йæ уæрджытæ йæ быны фæкъæдз вæййынц, цæстытæ атар вæййынц, æмæ ныфс æвæрынæн фæхъæр кæны:

– Адзал, айс дæхи иуварс! Мах, дыууæ ‘фсымæры, хъуамæ цæрæм. Цæрæм амондджынæй, – аджих вæййы. – О Иунæг Хуыцау, дæ бар кæнын мæ иунæг æфсымæр Бысалы... Курын дæ, цæмæй иу доны цъыртт ссарон.

Цæуы диссаджы цыдæй Бæрсæбег. Чысыл адаггонд, æрх, лæнкау йе ’ндæр зæрдæхсайгæ бынатыл йæ цæст куы ‘рхæцы, уæд йæ ныфссаст уæнгтæ фæфидар вæййынц. Фæлæ зæрдæ цæуыл фæлæууа, ахæмæй ницы ары. Нæй дон.

Донагур бирæ фæрахау-бахау кодта æмæ, дон куынæ ссардта, уæд айнæджы сынæгыл банцой кодта. Йæ сæр сагъæссаджы æнкъуыст ныккодта æмæ ставд цæссыгæй ныккуыдта:

– Ныр дыууæ ‘фсымæрæй ам æнæдон хæхты куы бабын уæм, уæд нæ нывйарæг мад цы ‘гъдауæй ‘рвитдзæн йæ царды бонтæ. О Иунæг Хуыцау, уæд та тæрккъæвда рауадз!

Фæлæ æрдз, æгомыг æрдз, кодта йæхион. Хур раздæрау йæ судзгæ тынтæ ‘рвыста сау хæхтæм. Бæрсæбег фестад, йæ алыварс та йæ цæст ахаста æмæ арф комы ‘рдæм йæ цæстæнгас аздæхта. Дардæй йæм сау стъæлфæнтау разындысты фугæйы къутæртæ. Бæрсæбегмæ афтæ фæкаст, æнæбын цад суыдта йе та уыцы фугæты ‘хсæн уазал суадон

хæлхæлгæнгæ згъоры. Цыдæр æнæуынгæ тыхтæ йæ размæ схойæгау акодтой. Цыма йæ дойны æрбайрох кодта, уыйау æмуырдыг тындзы. Дзæвгар куы ‘руад, уæд фæцудыдта æмæ тæвд къæйдуртыл ахауд. Ныууынæргъыдта, тæригъæддаджы цæстæнгасæй скаст хохы ‘рдæм æмæ æрхæндæг хъæлæсæй загъта:

– Уæд та дæ цуры куы амардаин, мæ иунæг æфсымæр. Ох, мæнæ æнæ донæй царæфтыд кæнæм.

Йæ цонджы фыдтæм дæндагæй фæлæбурдта. Аджих, йæ чъырццæ былтæ ахсыдта. Арф ныуулæфыд æмæ та акаст фугæты ‘рдæм:

– Ацы æнæдон, æнæхъæд хæхты уыцы фугæтæ æнæхъуаджы нæ зайынц. Чи зоны... Дон...

Йæ къухтыл æнцойгæнгæ сыстад, слæууыд йæ къæхтыл æмæ расыг лæгау йæ сæр разылд, ацух-мух кодта, фæлæ йæхи фæфидар кодта æмæ та размæ атындзыдта. Куыддæртæй бахæццæ фугæты къутæртæм. Фæлæбурдта фугæйы сыфтæртæм, зыдæй дзы ратыдта цалдæр æмæ сæ ауыылдта. Сыфтæрты дон зыд ныхъуырд акодта æмæ æркаст, фугæты æхсæнты сырдтæ цы нарæг фæндаг скодтой, уымæ. Бæрсæбег æргуыбыр кодта, æмæ уымæл зæххыл бæрæгæй зындысты саджы къахы фæдтæ. Цыдæрхуызон йæ зæрдæ барухс, афтæ йæм фæкаст, цыма æппæт зынтæн кæрон скодта. Йæ ризгæ къухтæй ракъахта хуырджын сыджыт. Уымæл сыджыт йæ армыдзаг фелвæста, нылхъывта йæ, фæлæ дзы иу цæстысыджыйас æртах не ‘рхауд. Уæд арф ныуулæфыд, æмæ уымæл сыджыт зæрдæйы ‘нкъарæнтæ базмæлын кодта, талынг зæрдæйы къуымтæ барухс сты, æмæ загъта:

– О райгуырæн зæхх!.. О адæмы дарæг сау сыджыт, ратт иу доны хуыпп, æрмæст иу ныхъуырды фаг уазал доны æртах...

Уымæл сыджыт йæ риумæ балхъывта æмæ йын цыма фæриссынæй тарст, уыйау æй зæххыл æрæвæрдта сындæггай. Иуцалдæр къахдзæфы размæ ацыд. Саджы къахвæдтæ цыма фæфылдæр сты, афтæ йæм фæкаст. Йæ цæстытæ фæирд кодта, йæ зонгуытыл æрхауд, кæсы, æмæ саджы къахвæдты – дон.

Фыр цинæй йе уæнгтæ ныррызтысты. Фæхъæр кодта:

– Дон!.. Уæ Иунæг Хуыцау, Ды – нæ хъахъхъæнæг!..

Фестад æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта:

– Мæ иунæг æфсымæр Бысал, кæд ма дæ дæ хъаруйæ ис ныфс, уæд æвæстиатæй цу ардæм, мæнæ дон!..

Бæрсæбеджы фæдисы хъæр дымгæ хæхты ‘рдæм аскъæфта, фæлæ Бысалмæ нæ фехъуыст. Айнæджы дыдæгъты байсыстысты. Бæрсæбег та æркаст саджы къахвæдмæ. Зæххыл адæлгом. Йæ былтæ фæцъупп кодта, саджы фæды сæ анорста. Схуыпп кодта дон æмæ йæ зыд ныхъуырд ныккодта. Цины улæфт скодта, йе уæнгтæ фæфидардæр сты, æмæ фæныфсджындæр, йæ цæстытæ дзæгъæлтæ нал кодтой. Саджы къахвæды ма цы доны ‘ртæхтæ аззад, уыдон бæргæ ануазид, фæлæ...

Сагъæсгæнæджы хъæлæсæй загъта:

– Æз бæргæ фервæздзынæн адзалæй, фæлæ Бысал... Æрцу, мæ иунæг æфсымæр!.. Мæнæ мæ нуазæнæй бануаз!.. – Цæхгæр фæзылд. – Ехх, сидзæрты мадау сагъæстæ цы кæнын. Ныр æрдзон тыхтимæ нал тох кæнын. Мæ уд ме ‘муд æрцыди!..

Ныр цудтытæгæнгæ нал цæуы, фæлæ згъоры хæххон сæгуытау хæхтыл уæлæмæ. Хур арвыл акъул, афтæ Бæрсæбег схæццæ, йе ‘фсымæры кæм ныууагъта, уыцы айнæджы сæрмæ. Фæсонтау. Аракæс-бакæс кодта, фæлæ Бысалы не суыдта. Йæ сæрыхъуынтæм фæлæбурдта æмæ æрхæндæг хъæлæсæй загъта:

– Сæрæй мæ иунæгæй ныууагътай. Дæхи сæр бафснайдтай!

Æруад дæлдæр. Акасти йæ алыварс. Айнæджы бынмæ ауыдта сау æндæрг. Тарст сæгуытау агæпп кодта айнæджы бынмæ. Бысал дæлгоммæ хаудæй лæууы. Бæрсæбег æм февнæлдта, рабадын æй кодта, фæлæ йæ сæр йæ риуыл акъул, йæ хъуыр ма тæпп-тæпп кæны.

– Бысал, хъусыс, Бысал... Нæ амонд нæ бахъахъхъæдта... Ссардтон дон!..

Бысал доны кой куы фехъуыста, уæд йæ лакъонхуыз цæстытæ байгом кодта, скаст йе ‘фсымæрмæ æмæ ныллæг хъæлæсæй райхъуыст йæ дзыхæй:

– Мæнг зæгъыс уый ды... Зæрдæ фæфидарæн...

– Ард дын хæрын æфсымæры фарнæй, сомы дын кæнын иунæг Хуыцауæй, ссардтон дон... Æз дзы бануæзтон...

Бысалæн йæ чъырццæ былтæ базмæлыдысты, арф ныуулæфыд æмæ загъта:

– Æгайтма мын ды цардæгас уыдзынæ.

Куыд, цы, фæлæ уæхскыл хæссæгау кодта Бысалы Бæрсæбег. Тындзы размæ, хатт скæсы арвмæ, хур хохы фæстæмæ куыд æввахс кæны,

афтæ Бæрсæбеджы зæрдæ тарæй-тардæр кæны: ацы æдзæрæг хæхты тар æхсæв йæ сау базыртæй куы ʻрæмбæрза, уæд тас у, йæ нуазæн куынæуал ссара, уымæй.

Куы хæсгæ кодта Бысалы, куы йе ʻнцæйтты цыди. Бирæ тухитæ æмæ фыдæбætты фæстæ æрхæццæ сты, Бæрсæбег дон кæм схуыпп кодта, уыцы фугæты цурмæ. Бысал йæ алыварс акаст æмæ, суадоны хæл-хæл йæ хъустыл куынæ ауад, уæд йæ сæр нынкъуыста. Бæрсæбег бамбæрста йе ʻфсымæры хъуыды æмæ йын йæ амонæн æнгуылдзæй ацамыдта саджы къахвæдмæ:

– Мæнæ ардæм æргуыбыр кæн æмæ мæ нуазæнæй ануаз.

Бысал йæ цæстытæ фæирд кодта, зæххыл æрхауд, ныггуыбыр кодта саджы къахвæдмæ æмæ зыд нуæзт акодта, Бысалы нуазæны ма цы доны цъыртт уыди, уый.

Афтæ йæм фæкаст, цыма йе ʻккойæ стыр уаргъ аппæрста, цыма йыл фæскъæвда хуры тынтæ атыхстысты. Йе ʻмуд куы ʻрцыд, йæ зæрдæ куы фæлæууыд, йе уæнгтæ куы фæфидар сты, уæд сонтау фестад, йæ былтæ асæрфта, ныттыхст Бæрсæбегыл, йæ цины цæссыгтæ æргæр-гæр кодтой æмæ йын афтæ:

– Дæ нуазæн бирæ, мæ ныфсы мæсыг, дæ нуазæн. Абонæй фæстæмæ нуазæн кадæн уæд. Цæуæд фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Дæттæнт æй ирон сгуыхт бæгъатыртæн кады охыл. Уый тыххæй фервæзтыстæм адзалæй.

Уæдæй фæстæмæ кæд бирæ азтæ, бирæ æнустæ раивгъуыдта, уæддæр ирон кады нуазæн у æвидигæ.

*КОЛИТИ Витали*

# НÆ ФÆРАЗУН ÆНÆ ДÆУÆЙ

## МÆНÆН БА…

Нæ адæми хуæруй сæ фудæнхæ.
Сæ фудзудæ иссæй сæ зæруат.
Нæбал уогæй сæ фагæ уæлзæнхæ,
Дæлденгиз агорунцæ бунат.

Арви цъæх син бунтон искъундæг æй,
Кæрæдзей æвдирзун – сæ нисан.
Сæ миутæмæ кæсун зæрдунгæгæй,
Еугур сау фур соцъайæй ниццан.

Нецибал лæдæруй лæги зæрдæ,
Рауагътан есбонбæл æвгæлæн,
Гæр, гъе уотæ ниццан куринсæртæ, –
Мулк байзайуй, мах ба ниммæлæн.

Мæнæн ба æй мæ фагæ астъонæ,
Ци ‘й фæндуй унгæг дæр мин фæууæд.
Æрмæстдæр мин мæ еци астъонæ
Мæ зæрдтагон Дигорæ хуннæд!..

## САХЪАТ

Исæздахтæй лæхъуæн уæрагцохæй,
Идардæй нæ, нæхе Цæцæнæй.
Æ лæдзæгбæл хуæстæй галеу къохæй,
Цъæйæ ба лæдæрстæй æ гъæнæй.

Уосгор уогæй, ниццæй æрдæгуали,
Сах къæвдати тагъдæй æ сара.
Е ‘мдогон ба, цæргæй, галауани
Уолæфунмæ бидта сахъара.

Æй уомæн устур хецау æ фидæ,
Нæ зудта æппундæр æгудзæг.
Амæн ба хъæппæл дæр ма нæ уидæ,
Уотемæй евгъаудта æ рæстæг.

Кæддæр ба гъасти дæр æрсеридæ,
Æ фæххуæцæн нур ба – æ лæдзæг.
Мийнæвар дæр бæргæ иссеридæ.
Фал кæмæ? Ке гъæуй сахъат лæг?

Цæмæ тонуй зæрдæ æ хевастæй,
Къиривад ци ниццæй æ цæсгон.
Ке фæууарзта æнзтæ римæхст уарзтæй,
Уой абони коруй æ синхон…

И киндзгъасти æсхъиуд расуг зармæ
Гупп-гæрах и гъæунгæ ниццæй.
Тугъдон лæг ба бадгæй, сæ дуармæ,
Зирзиргæнгæ кудтæй хæкъурццæй…

## УÆД ÆМА НУР

Цардан раздæр æгудзæгæй,
Нæ уогæй фæндон къæбæр.
Фал нæ тарстан иуазæгæй,
Цитгин адтæй уæд хъæбæр.

Кæлгæ-уæлгæ нур хæдзæрттæ,
Нæ фурæфсесæй нæрсæн.
Фидæскъудтитæ нæ цæрттæ, –
Иуазæгæй ба тæрсæн…

* * *

О, дæлзæнхæ фæууо уарзти адæ,
Ци нæ ба уæд баййафта мæ сæр.
Фал, æвæдзи, царди зиндзийнадæй
Уоди зин æй никки хъæбæрдæр.

Мæхемæ ма ци ‘рдæмæ нийгъосон,
Мæ бауæр нæ содзуй дæ зингæй.
Æфсæйнаг дæр ку нæй минæносон,
Мæнæн ба, уæд, зæгъай, ци кæнгæ ‘й.

* * *

Уæ хæдзарæ рæхцуй гъæугæрон,
Бæргæ мæ хъур хæрдмæ исивазун.
Фал зæгъай, ци рæууонæ скæнон,
Ци нифсæй ма хуайон дæ къæразæ.

Ку мин æй дæ уавæр, ку лæдæрд.
Дæ хабар мæ кæнуй синдзæргъæвæ.
Ду æрцудтæ æндæрмæ лæвæрд.
Еунæг мæйæ, уæдта киндзæхсæвæр.

Лæдæрсуй мæ росбæл рист фæсмон,
Нæбал уинун тухстæй мæ развæндаг.
О, зæгъай! О, зæгъай. – Ци фæууон.
Мæ зæрдтагон æма мæ идæрддаг.

Нæ зиндзæй арвбæл мегъи æстуг,
Хор рæвдаудзæй дуйне æ сах тавдæй.
Мæн росбæл ба сæлдзæй цæстисуг,
Мæ рохс уарзтæй æз ба баайдагъ дæн…

* * *

Æгас бон нæ дзорæн кæрæдземæ,
Фæрсæй-фарсмæ бадгæй гобитау.
Фал ни ка ‘й фудзунддæр нæ дууемæй, –
Марауадзæ, равзарæд Хуцау.

Кæд гъæла нæ фæддæн зæрæрдæмæ,
Æцæгæй кæд зундæй нæ цæун.
Æнæ дæ ку нæ бухсун гæзæмæ,
Уæд дæбæл цæбæл бостæ кæнун.

* * *

Æй сæ конд кæмæндæрти æндæр,
Мулк, æхцатæ, ниуæзтæ сæ рази.
Уæд æфсес æрмæстдæр æ гæлдæр,
Æндæр ба алцæбæл дæр арази.

Мæ зæрдтагон æма зæрдæмбал.
Мæнæн ба мæ хъисмæт æндæр зар æй.
Кæми тухсай, еци зæнхæбæл,
Усмæ дæр мæ Хуцау ма фæццарæд…

## СИЛГОЙМÆГТÆ

Берæ хатт исхъæртæн искæунмæ,
Хатгай ба æстъæлфæн сæ карзæй.
Уæддæр сæмæ бæллæн сæ уинунмæ,
Уæддæр сæ æнæбæрцæ уарзæн…

* * *

Кæмæн – лигъз над, кæмæн – æнхъирдтæ,
Уотæ ‘й, уотæ ‘й царди уаг…
Косæг къохтæ некæд хъæрттæй,
Хецæуттæ ба – хæрхидзаг…

* * *

Макæд кæнæ хестæр дæ кадæй дæ бунæттæ,
Æмбесонд нæ фиддæлтæй байзадæй загъдæн.
Еугур адæн царди нæ исунцæ хецæуттæ,
Еугур хецæуттæ ба нæ фæуунцæ адæн.

## СÆР ÆМА АХСÆН

Нæ син е æндæр хузи уогæ уæвæн дæр.
Еу бауæрбæл уогæй, устур хонх ес се ‘хсæн.
Ку фæккосуй ахсæн, нæ фæккосуй уæд сæр,
Сæр ку коса, уæдта нæ фæккосуй ахсæн.

## ЭКСПРОМТ

*Л-æн*

Æз – саулох, ду ба – идонæ,
Мæ урамæг, мæ тæлæт.
Æнæ дæу мæ цард – зиндонæ,
Æй дæ хæццæ цард дзæнæт.

Мæлун дæбæл фур æрхунæй,
Уодагъай гæнгæй, тухуаст.
О мæ сæуми резгæ тунæ,
О мæ сæуми хорискаст…

## ЕУ ХЕЦАУÆН

Ду не ‘взаргæй, сау – уорсæй,
Устур бунæтти фæббадтæ…
Фал куд рантæсттæ фонсæй,
Уотæ фонсæй ба байзадтæ.

## ПОЭТГОНДÆН

Дæ дзурд къумух, фал æй лигъз инси,
Хъæртуй махмæ – куд дудзигъæр.
Гормон, æмдзæвгæ ку фæффинси,
Уæд-еу ракæнæ гъуди дæр…

## КЪУÆДЕПГОНДÆН

Дарæс зинаргъ, æфсæст ахсæн,
Цъухæй-цъухгин, гъæздуг хæдзарæ.
Æрмæст е ‘дзаг бийнонти ‘хсæн,
Убæл нæ хаудтæй дзурди барæ…

## КОНТРАСТ

Дуйне уотæ конд æй: æмвæрстæ цæрунцæ
Нæ фарсмæ, нæ хæццæ рæстадæ, мæнгард.
Адæмæн еуеутæ сæ тох фæцъцъирунцæ,
Адæмбæл иннетæ раттунцæ сæ цард.

## БЕРÆГЪ ÆМА АДÆЙМАГ

Æй берæгъæн æ цард, æ уагæ:
Зудæ, лæборун, æскъæфунтæ.
Фал си баййафа адæймаги,
Гъæуй нурма уой рауайунтæ…

## ДОН

Куд уæ фæндуй, уотæ æнгъæлетæ,
Æз ба – зæгъун уин æд рæстадæ.
Æнæ дон нæ бухсунцæ беретæ,
Кæнуй иннети цард донадæ…

## БÆГЪАТÆРТÆ

Уобæл дузæрдуг нæ кæнун æппундæр.
Сæ ном игъустгонд æй уонæн идæрдтæбæл.
Æрмæст кæми сиудæ еу лæг бæгъатæр,
Уоми сæдемæй ба цудæнцæ мæрдтæмæ…

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# ФЫДБЫЛЫЗЫ ЧЫНДЗ

*Ирон хабар*

## I

Фурды раз æрлæууæн ис, ис ын бацауазæн, фæрсмæ аздахæн. Ирон æгъдауы раз æрлæууæн нæй, нæй йын бауромæн, нæй йын æндæр уагмæ раивæн. Ирон адæм мардмæ куыд цæуынц, афтæ фæдисы цæуынц, зæгъгæ, уæд дуне нæ тæсæй æмризæджы ризид. Фæлæ сæ Хуыцауæй цыдæр амонд фæци – дунетæй зæгъын.

Иуахæмы та Нары стыр зиан æрцыд. Туалтæ – æгъдауджын адæм, иу туг, иу стæг, иууыл – хион, хæстæг, сызмæлынц æмæ ныххæррæтт ласынц, зиан кæм ис, уырдæм. Захъхъа чи сты, уыдон дæр сыстадысты лæгæй-усæй, цъалхæй-малхæй æмæ уыцы ивылд акодтой Нармæ. Хъæуы ма баззад æрмæст сабитæ æмæ иу ног чындз.

Саби цы мæт кæны! Хъазынц быровдоны, рыг калынц, сæ хъæлæба хъуысы. Чындз йæ зылдтытæ кæны. Ирон чындзæн йе 'хсæв – цыбыр, йæ бон – даргъ, уæддæр йæ кæнинæгтæ – хæрх. Доны дуртæ дæр ын – æхсинаг, цъитийы рыгтæ – сæрфинаг, йæ армыдзыхъхъы дон æхсиды, уынгты гауызтæ тауы.

Фыййауы дæр йæ гуыбын кæдæм нæ хæссы. Уæзæгыл йæ фос фæуагъта, йæхæдæг рæгътыл Фаллаг коммæ ныссæррæтт ласта æмæ Сауыбыныл Нары бамидæг. Хæрнæджы афæстиат æви æндæр фыййæуттыл бамбæлд, Хуыцау – йæ зонæг, фæлæ нæ зыны, фос дзæгъæлæй хизынц. Изæр дæр кæны, уæдæ куыд, æмæ æмбаргæ фос хизгæ сæхи дæлæмæ-дæлæмæ уадзынц хъæумæ хæстæгдæр.

Уыцы афон иу бирæгъы йæ фыдбылызы къæхтæ кæцæйдæр æрбахастой. Æвæццæгæн, Хилачъы йæ дзыхы куы ницы бафтыд, уæд æй Тутыр Захъхъамæ сарæзта. Захъхъа сæхи бирæгъы Нармæ ардыдтой, ай та йæ тæлтæг зонд фисынмæ здæхта. Фосыл йæхи ныццавта, уæдæ цы. Иу сæгъыл фæхæст. Сæгъы мехъхъ фæцыд, иннæтæ комы 'рдæм ныггуылф ластой. Йæ зæрды уыд цæгъдынмæ авналын, фæлæ йе 'фсæртæ æваст нæ феуæгъд сты. Бирæгъы амондæй дзуджы фарн фылдæр у, хорз адæм. Сæгъы мехъхъ чындзы хъустыл ауад. Акаст фаллаг фарсмæ: уартæ – фыдракæнд. Къулæй хъыримаг

раскъæфта, хæтæл гæзæнхъæдыл авæрдта æмæ – дæнг. Бирæгъ хæрдмæ фæхауд, уæддæр йæ амæттаджы не суагъта, афтæмæй тулгæ-тулгæ доны был балæууыд, хуыртыл йæ тъæпп фæцыди.

Мæрддзыгойæн дæр хæдзар агурын афон уыд. Пуриатмæ æрбахæццæ сты. Уым сыл æваст топпы хъæр сæмбæлди. Исдуг фергъуыйау сты, сагъдау лæууынц. Æрæджиау иу куырыхон зæгъы:

– Сæфæм! Чидæр нæм бахъавыд, хъæухаст нæ кæны.

Барджыты сæрæнтæ сæ бæхтæ фæцагайдтой. Фæндаджы рыг сæ сæрыл систой, уайтагъд хъæуы балæууыдысты. Кæсынц, хъæу – сабыр, никуы æхст, никуы сыгъд. Æрмæст сывæллæттæ цъыбар-цъыбур кæнынц, бæстæ сæ хъæрæй хæссынц. Сæ хионты размæ сæхи æппарынц, сæ гæндзæхтæ тилынц: «Бирæгъ! Бирæгъ!»

Мæрддзыгой æрбатымбыл. Хъуыддаг сбæрæг ис. Уалынмæ фыййау дæр Алæфау æфсæст æмæ хъалæй æрцæуы къуылдымыл. Йæ размæ ауадысты дыууæ лæппуйы. Къæрцц – иуæрдæм, дзæхст – иннæрдæм, хъæуы ма дæ – нал.

Хъæу æмызмæлд сси. Фæсивæд чындзæй æппæлынц. Зæрæдтæй иутæ зæхмæ кæсынц, фæлæ сын зæххæй дзуапдæттæг нæй. Иннæтæ тыхсынц, рафт-бафт кæнынц. Чидæртæ хъызынц.

– Уый цавæр æхст у дыууæизæрастæу! Исчи афтæ кæны, уымæй дæр хæрнæджы бон ! – хъаст кæны иу.

– Бирæгъ нын нæ фос цагъта, нæ фос! – дзуапп ын дæтты иннæ. – Мæ уд йæ къухты фæхъхъау!

– Нæ, нæ, мæ хур, фосæй æгъдау хистæр у, – фыццаджы фарс хæцы æртыккаг. – Бæстæ фæдис фестын кæн, уый цы мæрддаг æгъдау у, и?

Сылгоймæгтæ зæххыл бынтон нал хæцынц. Иу ран – сусу-бусу, иннæ ран – сыбы-сыбы. Чындз – худгæ хурау рæсугъд, артау – йæ фезмæлд. Нырмæ дæр йæ уындæй сæ бон талынг кодта. Ныр лæппуты стауæн ныхæстæм хъусынц, æмæ сæ быны дон бацыд, дымгæ сын сæ кæрдæнтæ хæссы. Иу сисрæбын цæуы зæрдиаг ныхас.

– Мæнæ мæрдтæн диссаг! – йе 'рмттæ цæгъды иу къæдзой ус. – Ацы уæзæгыл топджын ус фыццаг хатт уынын.

– Аларды йæм фæхъыза, кæд нын нæ бирæгъы хай кæдæм исы! – йæ раздарæны рыгтæ æрцагъта тымбылтæ сылгоймаг.

– Абон дын дæ бирæгъы хай чи айста, уый дæ райсом дæ лæджы

хайæ æнæ хай фæкæндзæн, – æнтуаны цырвы къæбæр баппæрста иу тыппырриу идæдз.

Ацы фæстаг ныхасæй масты гарз систа æнхъизынтæ. Устытæ пиллон уадзынц, ардауынц сæ лæгты. Лæгтæй дæр фыдуынд æмæ дзæппæлгъ ус кæмæн уыд, уыдоны æрфæндыд хуры цæст фæздæгæй æмбæрзын.

Уыйадыл хъæу хъуыддагхуызæй æмбырд кæнынц ныхасмæ. Бакæс сæм, уæд лæг зæгъдзæн: бæлвырд, адон Калак исын сфæнд кодтой, æмæ сæм уынаффæ уыдзæн. Æмæ сæм уыд уынаффæ: æрцыд, иратаманы цы нæ уыд, ахæм хъуыддаг, ног чындз хотыхæвзарæн кæны – уый нын стыр худинаг у, нæ уæзæгыл ын бынат нæй, æмæ йæ фæндаг дарæд йæ цæгатмæ. Йæ лæг ма цыдæртæ сдзырдта, фæлæ йын йæ дзых ахгæдтой. Сыстад иу урсбоцъо лæг æмæ ракодта стыр зонды ныхас:

– Ды кæстæр дæ, лæппу. Кæстæр сонт æмæ рæдиаг у. Залгъæды дидинæг сæнычча сайы йæ уынд æмæ йæ адæй, фæлæ фæлтæрд цæу зоны: уый марг у, æмæ дзы йæхи дæрдты ласы. Нывæрзæн здахаг у. Фæлæ мах дæ сагъæс и, дæуыл мæт кæнæм. Хуыцау бахизæд, фæлæ æхсæнгарз кæцырдæм фæзилдзæн, уый бæрæг нæу.

– Лæг – лауыз, ус – фæлдахæг! – зондыл зонд æфтауы æндæр пехуымпар. – Махæрдæм æй куы фæцаразой, уæд Нарты сæфт нæ кæнæм, Нарты сæфт!

Марадз, исты зæгъ ахæм зонды ныхмæ! Скъæлдзой цъылынæй сыгъдæн аздахæн нæй. Хъуыддаг алыг и. Уанел райхæлд, æмæ алчи йæ хæдзармæ сæрыстырæй цыдис.

Чындзы мой разынд уæздан лæг. Уыцы æхсæв йæ уатмæ нал бацыд. Мусы къуымы зæронд хосыл йæхи æруагъта æмæ йæ хъысмæтимæ тæрхоны бацыд, фæлæ хъысмæт хивæнд у, дзуапп никæмæн дæтты. Чындз цы ‘хсæв арвыста, йæ зæрдæ цытæ дзырдта, уымæн та чи цы зоны. Чындзы зæрдæмæ ныккæсæн нæй – æхгæд у æнусон згæ гуыдырæй.

Райсомæй Ресы тенкайыл куыддæр сæуæхсиды базыр аныдзæвд, афтæ лæппу уæлхæдзармæ рацыд, æмæ æнæхайыр хъыримаг кæмтты ыннæрыд дыккаг хатт.

Гæрах фестад сау зæрватыкк, ам цъыкк, уым цъыкк, топпы хъæрæй фæраздæр, фондз æфцæгыл асыффытт ласта, æмæ кæмтты азæлыд ног хабар.

## II

Хабар Сыбамæ ныххæццæ, дымгæ йæ адæмы хъусты цæгъды. Уыцы рæстæг уым иу лæппулæг цард. Афицер уыд æмæ службæйы лæууыд Калачы. Уыдис ын зæронд мад æмæ фыд, даринæгтæ. Рох сæ нæ уагъта, рæстæгæй-рæстæгмæ сæ уæлхъус лæууыд. Фырты хæс æххæст кæны, йæ фадат куыд амоны, афтæ, фæлæ иу хъуыддагæй сæ коммæ нæ кæсы – бинонты кой нæ кæны. Лæппу – хæрзконд, бакастджын, дзыхæй – рæвдз, кафын æмæ зарынмæ Нартæ йæ цуры рыг дæр нæ калынц. Стыр сахары уый сылхъуаг не 'ййæфта бæгуыдæр. Уæдæ йын, ус, службæйы асиныл хæрдмæ хизгæйæ, уæлдай уаргъ кæй уыдзæн, уый дæр хъуыдыгонд уыдис. Фæлæ йæ ус курын уыдæттæ нæ уадзынц, уый зын бауырнæн у. Уыдис ын уæзгæдæр æфсон. Лæппу хорз зыдта йæ хъæуы уаг, йæ мыггаджы ахаст. Чызг-уазæг сæм æмгæрон нæ цæуы, чындзмæ дæр сæ бæттæнтæ тонынц. Марадз, цæй, дæхæдæг – Гандзайы, дæ къай та – Сыбайы: урс дзыкъы – сырддоны. Нæ, мæ хуртæ, сæрыл сызгъæрин сыкъатæ хæссынæй уæхсчытыл сызгъæрин пъагæттæ дарын æхсызгондæр у. Сымахæн дзæнæты дуар гомæй чи дара, ам ахæм лæппу нæй.

Афтæ скарста йæ хъысмæт. Фæлæ йæм ныр æрыхъуыст захъхъайаг чындзы хабар. Лæппуйыл зæд атахт, æмæ загъта: «Æнхъæлдæн, цы агуырдтон, уый ссардтон». Уыйадыл ныллæууыд æмæ хъуыддаг æнхъизын кæны. Хæстæджытæ, хионтæ, цæстуарзонтæ базмæлыдысты, тыхсынц, сагъæс кæнынц, зонд амонынц: «Уагъд усæй цы кæныс?», «Уыцы налат нæ сафдзæн!», «Ам нæ милмæ сисдзæн æмæ нæ кæрчыты цагъд кæндзæн!», «Захъхъайы Аларды нæм чындзы хуызы æрцæуы». Фæлæ усгур йæ фæнд тæры. Бæгæны æхсид, æндæр дын иу цырв дæтдзæн, иннæ дын хуымæллæг хæсдзæн. Афтæмæй хъуыддаг сырæзт. Адæм чындзæхсæв бахордтой, Сугъарон Гуыбар Сыбайы æрбынæттон ис.

Хæдзар къуыримæ йæ хуыз скалдта. Чындз зæронд гарнайы бынат ракъахта æмæ дурын къултæ чъырæй рацагъта, – лæг сæ айдæнау йæхи уыдта. Кæрт – чындзы уатæй æфснайддæр, уынгтæ авгау æрттивынц. Чындз зилæнтæ кæны. Сæрæн дын зæгъон, æмæ – фæйлаугæ арт. Донмæ рацæуы, æмæ йæм лæгтæ систы аууæттæй кæстытæ кæнынц. Уый – хуры гуыдыны хуызæн, йæ буар рухс уадзы, йæ цыдмæ кæс, æмæ зæд арвæрдыныл рогæй фæцæуы. Сыбайы лæгтæ сæ былтæ

асдæрынц, сæ рихитæ аздухынц. Фæлæ сæ цæстытыл ауайы æндæр ныв: ацы хæдзары къулыл ауыгъдæй лæууы Зораты Дзоццæйы хъыримаг, уый сын баззад номдзыд цуанонæй, æмæ йыл рыг абадын нæ уадзынц, сæрфынц æй фæнык æмæ фæлмæн фæсмынæй. Хъыримаг та ахæм дæлимон у, æмæ кæцырдæм фæирвæздзæн, уый бæрæг нæй.

Иубон куы уыд, уæд чындз хосдзаутимæ ацыд. Устытæ ссивынц, лæгтæ мæкъуылтæ амайынц. Сылгоймаг сылгоймагæн удхæссæг у, æвзæрæн хорз – цæсты сындз. Сæхи йыл худæгæй хæссынц. Иу зæгъы: «Чындз, кæдæм цæуыс, фахсы ратулдзынæ, æмæ хъæу зынгхуыст кæны». Иннæ дзуры: «Дæ урс къухтæ хурмæ ма басудзæнт, æвгъау сты сау кæнынæн». Чындз ницы дзуры. Афтæмæй ссивынц. Уыдон иу уис рахафынц, уый – дыууæ, уыдон уылæн скæнынц, уый гол æрæппары. Лæгтæ йыл сæ цæст æрæвæрдтой. Сæхæдæг йæ цæстмæ ерыс кæнынц, сæ удæй арт цæгъдынц.

Иннæ бон хосласæн кæнынц. Фахс – сæгъы фарс, галвæндаг бæрæг дары гæзæмæ. Къуылдымы тигъыл – дæргъæццон цыргъ дур, цирхъау зæххы ныссагъд, æмæ йæ сæрты ахизæн нæй. Адæмы цард зындон кæны. Галтыл мæкъуыл хæдзæй ласынц, галтæ дурыл кæлæхау бырынц. Лæгтæй иутæ сæ сынæг мæкъуылмæ саразынц, иннæтæ – галтæм, хауын сæ нæ уадзынц, фæлæ рындз дæр йæ куыст кæны. Йæ быны æвзæр æрхы бирæ мæкъуылтæ ныххæррæгъ, бирæ галтæ фесты сынтыты амæттаг. Чындз уыны хосдзауты хъизæмар – æлгъитынц дуры, утæхсæн кæнынц.

Дыккаг бон чындз æддæмæ нал разынд. Хъæуæн та дзырддаг фæзынд. Иу ус дзуры: «Нæ уын дзырдтон: фæсхохаг сыл мах куыстæн фæразы! Фæгобан ис æмæ йæ гобанæй нал сты». Иннæ йæм фездæхти: «Цытæ лæхурыс, цы? Уый дын æнæ лæгæй фæразы? Æнхъæлмæ кæс! Сæумæцъæхæй бæхыл саргъ авæрдта æмæ йæ лæгмæ адзæхст ласта».

Цалдæр боны рацыд. Бæрæгбон уыд, æмæ Сыба куывдтæ кæнынц. Чындз куыд фæзынд, уый ничи базыдта. Уый сыхы лæппуты амбырд кодта, сæ къухты сын зазнтæ æмæ белтæ бафтыдта, йæхæдæг хордзентæ йе ‘ккой баппæрста, æмæ уыгæрдæнмæ сфардæг сты. Дуры бын цыппарæрдыгæй халæн æрмæг бавæрдта, фителыл зынг ацагъта, æмæ иннæ фæскъуылдым æрныгъуылдысты.

Гъæйдæ-гъа! Æгæнон рыпп фæцыд. Бæстæ ныццарыдта.

Дынджыр уæйыг-дур арвмæ къæртгай фæхауд, æмæ арв дурызгъæлæн фестад. Адæм стыр хæдзары дывæлдахæй фынгтыл бадынц. Æваст нынкъуысти чъырын агъуыст. Цары сæгтæ æрызгъæлынц. Уæлæндыгтæ æмдзеллау сисынц. Лæхурæг уæззау фиутæ сæ бæстытæ æртонынц æмæ астæрдыл фæйнæрдæм цæлхытæ фæхауынц. Бадты адæм сæ бынæтты фесхъиуынц, стæй исдуг цавд дуртау сагъдæй баззайынц. Аларды нæм фæхъызыд, арв нæ æрцавта – уыцы хъуыды сыл сау мигъау æрбадт, æмæ æндзыгæй лæууынц. Царæн æрхауынæй тæрсынц, фæлæ, æддæмæ ракæлой, уый дæр нæ ахсы сæ сæр.

Уалынмæ хæдзары фæмидæг иу-дыууадæсаздзыд лæппу, йе стыр фыдмæ бауад æмæ тагъд-тагъд дзуры:

– Баба, тындз, тындз!

– Уæ, баба дæ сæрылхаст фæуа, кæдæм ма тындзон, ай ныл арв дæлæмæ куы хауы, уæд.

– Цылгъ дул нал и! Зыпп – æмæ нал и! – дзуры лæппу.

– Дæ быллыгъ гуылæвзаг у, уый нæ зоныс? – уайдзæф кæны чидæр. – Уый чындзы кой кæны. Мачи дзы уа, кæмдæр та йын цыдæр бантыст.

– Йæ фыдбылыз йæ фæстæ æрхæццæ! – хатдзæг кæны иу куырыхон.

Сæ зæрдæтæ се ʻмуд æрцыдысты æрæджиау. Уæд афæдис кодтой сæ сæрæнтæ æмæ уыгæрдæны балæууыдысты. Кæсынц, æмæ дурæн йæ кой, йæ хъæр – нал. Мæнæ фын, зæгъгæ, загътой. Дуры бынаты – мусуат фæз.

Æхсæв-бонмæ хъæуы æндæр ныхас нал уыди. Чындзыл алы хуызты аргъуыдтой: иутæ йæ рыгты æвдылдтой, иннæтæ йæ æхсыры цады надтой.

Дыккаг бон хос ласынц. Хæдз аппæрстой. Мæкъуыл дзоныгъыл авæрынц, æмæ йæ галтæ зуыгъзуыгъгæнгæ скъæфынц. Лæгтæ заргæ цæуынц æмæ сæ хæрзгæнæгæн арфæтæ кæнынц.

– Зæд нæм æртахт, зæд, табу йæ фарнæн, – дзырдтой лæгтæ.

– Йедау фæут, – хъаст кодтой устытæ. – Уый сылыстæг у? Уанцон нæу! Хæйрæг у æмæ гуыппытæ кæны.

## III

Хъæуы цæстытæ чындзы фæдыл дзæгъæлтæ кæнынц. Хъавæгæй æвзидæг фæраздæр вæййы. Сыбайы уыд лæппулæг сауджын. Уый

кæмдæрты ахатт, фенæг лæг уыди, уынд-хъаруйæ – ифтонг, æмæ йæ зæрдæ йæхиуыл дары. Кæсы, æмæ чындз иудадзыг – хæрзарæзт, æрфгуытæ ныррæдæнг кæны, афтæмæй цæуы. «Ай хуымæтæджы нæ уыдзæн бæрæгбонхуыз, – хынцы йæхинымæр сауджын. – Бакæс æм, уæд йæ буар йæхимидæг хъазы. Уæдæ лæгахуыр ус хъуамæ цы кæна? Бавзарын æй хъæуы». Æмæ сагъуыд чындзыл. Козбау ныхас ын нывæнды, зæрдæлхæнæнтæ йын кæны, лæварæй йæ цух нæ уадзы, кувы йын аргъуаны чиныгæй, сæ хæдзары – арахъхъы сыкъайæ.

Бæх æмæ сылгоймагыл æууæнк нæй – афтæ сын баззад Уастырджийы дзыхæй. Афтæмæй дын чындз сауджынæн æмгъуыд скодта иу изæрмæ. Зæрæдтæ фынæй куы уой, уæд æрбацæудзæн амынд уатмæ. Чындз фæсдуар лæудзæн.

Хъыпп-сыпп скæнæн нæй. Загъта йын, куыд æй базондзæн, уый дæр.

Сауджын æмгъуыд афон æрбалæууыд уаты дуармæ. Ныр – саудалынг. Чындз дуар гæзæмæ фæзыхъхъыр кодта. Сауджын йæ даргъ боцъо æрбадардта, сылгоймаг хъуынтыл фæхæст æмæ дуар ахгæдта. Боцъойы æмбис мидæгæй аззад, сауджын – æдде. Дуар – æнгом, ричъи – фидар, марадз, ахæм къæппæгæй дæхи ратон. Сауджын базыдта йæ Хуыцауы цæф. Раиваз-раиваз кæны, фæлæ, цæсгомы царм цы сриссы, æндæр ницы. Хъæрзы, нæты, фæлæ ирвæзæн нæй.

Цæфæй нæ мæлыс, уый та дын – рæхуыст. Йæ хæдфæстæ æвиппайды чидæр февзæрди.

– Лæгай! Лæг цы у, уый йын фенын кæн! – дзуры чындз æддæмæ.

Æваст фæцыд уисы дзæхст æмæ сауджыны хъихъхъ.

– Уис аппар, лæдзæгæй бавнал! – сиды та чындз.

Цы бамбарын æй хъæуы, – нæмæг уыд йæ мой. Уый, Хуыцауы æлгъыст, сауджынæн йæ пæлæз хæрдмæ сæппæрста, йæ хæлаф – бынмæ. Сауджын æдылытæй нæ уыд. Бамбæрста, цы йæм кæсы, уый, фæлæ ма йæ зæрдæ дардта бинонты æфсармыл. Уалынмæ йæм афицер лæдзæг фæцарæзта.

– Ма бакæн, ма бакæн! – тарст хъæр фæласта сауджын. – Хуыцауы раз дæхимæ сау тæригъæд ма райс.

Уыцы уысм налат сылгоймаг сарæзта стыр фыдбылыз. Замманай

боцъо хæсгардæй æмбисыл ачъепп ласта. Дуар та фæзыхъхъыр кодта, æмæ, дæ фыдгул афтæ, сауджын зæххыл уæлгоммæ сæмбæлди. Иу къуыбылецц ма акодта, стæй йæ тæвдæй фестади æмæ кæрты дуармæ ныццавта. Кулдуар фæивгъуыдта æмæ пысыраты смидæг и. Дæ балгъитæгыл уый бон акæнæд. Цыма арты бахауд, афтæ гом зæнгтæ пиллон суагътой. Пысыратæ кæлмытау лæбурынц, сæ маргдæндæгтæ фæлмæнты садзынц. Лæг æмæ ус тыргъæй кæсынц æмæ худæгæй къæцæлтæ кæнынц.

Иуафон сауджын йæхи æрæмбæрста æмæ хæмпæлтæй ралæсти. Йæ амонд уыд, æмæ йæ пæлæз – даргъ, йæ фæччитæ йын æрæппæрста, йæ гæмттæ нал зындысты, æмæ, над бирæгъ кæртæй куыд аирвæза, афтæ кулдуарыл асæррæтт ласта. Цæст дæр æй нал ауыдта, талынджы аныгъуылд.

Арв æмæ зæхх алцы дæр уынынц. Адæмæй цы басусæг кæнай, уый та нæй дæлдзæхы дæр æмæ уæларвы дæр.

Уæдæй фæстæмæ Сыба сæхи хурмæ дардæй тавтой, фæлæ дзы сæхи судзынæй хызтой.

*2003 аз*

*ГАБОЛАТЫ Зауырбег*

# КУЫДЗÆЙ КУЫДЗДÆР

*Радзырд*

Гуыби кæд йæ сыхаг Саханджериимæ мæлæты тынг нæ фидыдта, уый ма æгас куы уыди, уæд (фидаугæ дæр цас нæ кодтой, цæрæнбонты фæрсæй-фæрстæм фæцардысты, дыууæйæ дæр – нымад лæгтæ, æрмæст сæ иу – адæмы цæсты, иннæ та – йæхимæ гæсгæ), уæддæр йæ дыууиссæдзæм боны кæндмæ ацæуын йæхицæн хæсыл банымадта. Йе 'вæрæн бон дæр сæм куыннæ уыди, фæлæ, Гуыбийы фидар хъуыдымæ гæсгæ, дæ хæрз сыхагæн йæ алы кæндмæ дæр куынæ цæуай, уæд дæ кад дæлдзиныг кæны.

Уæвгæ, хъæуы мидæг иу зианы кæнд нæ, фæлæ иу авдæнбæттæн дæр æнæ Гуыбийæ нæ хицæн кодта. Сыхæгтæ-иу æй исты хъуыддаджы фæдыл куы бацагуырдтой, уæд-иу ын уæлдай æхсызгон уыд, фæлæ йæм, зæгъгæ, хонæг йе та хъæргæнæг йæ хæдзары дуар не 'рбахоста, уæд дæр хæрам нæ кодта. Йæхи-иу къæрццарæзт скодтаид æмæ-иу араст уыдаид, фæздæг кæцæй калд, уырдæм.

«Æгъдауыл хæст лæгæн, уæлдайдæр сыхагæн, афтæ æмбæлы!» – фæзæгъы ахæм рæстæджы. Уыимæ йæхицæн та уыцы уысм йæ цæстытыл фынгæвæрд ауайы, раст ын цыма хъарм арахъхъæй йедзаг сыкъа йæ арм батавы, уыйау циндзастæй зына-нæзына мидбылты бахуды.

Гуыби иннæ хæттытæй хъæуджыдæр абон иучысыл фæфæстиат ис æмæ, Саханджеритæм куы схæццæ, уæд æй фынджы кæрон æрбадын бахъуыди… Фæлæ ницы кæны – ам дæр фынг ницæмæй хъуаг æйййафы. Кæронæй бадын та рагæй æрмæст уый тыххæй нæ уарзы, æмæ йæм, хистæртæ сидтæй сидты 'хсæн цæуыл фæныхас кæнынц, уый хорз нæ фæхъуысы.

Фыццаг рæгъæй ссардтой Хуыцауы ном, дыккагæй Саханджериййæн рухсаг загътой, æмæ Гуыби йæ хæс сæххæстгæнæгау йæхи йæ гуыбыны дæлбар бакодта. Нуæзта æмæ хордта йæ уды дзæбæхæн. Æнæбын боцкъайы ныккалæгау цалдæр сыкъайы куы акъул кодта, уæд æм фынджы сæрæй хистæрты ныхас хæццæ кæнын байдыдта. Гуыби кæд йæ хæрд-нозт нæ ныууагъта, уæддæр æнæхъæнæй хъустæ фестади.

– Уæллæй, тынг цæуаг у, тынг! – загъта фынджы хистæр Бимбол.

– Раст зæгъыс. Кæдæй йæ зонын, уæдæй абоны онг æз хъæубæсты нæ федтон нæдæр цины, нæдæр зианы хабар, æмæ дзы ай ма уа! – баххæст кодта Бимболы дзырд Гацыр.

Ацы ныхæстæ тынг æхсызгон уыдысты Гуыбийæн. Йæ риу дæр ма æнæбары размæ ракъуыпп кодта дæсны кафæгау!

«Мæнæ мын цы аргъ кæнынц, куыд мæ нымайынц! – ферттывта йæ сæры. – Раст фæзæгъын: ирон лæг хъуамæ алкæдæм дæр цæуа!»

– Ахæм æгъдауылхæст æмæ цæуаг стæмтæ разынынц, – Лексо, чысыл йæ мидбылты бахудгæйæ, ныхасмæ бафтыдта æмæ фескъуыдта Гуыбийы хъуыдытæ.

Гуырысхойаг фæкасти Лексойы бахудт Гуыбимæ æмæ цымыдисæй афарста дзурджыты:

– Чи у, чи, кæй кой кæнут, уый?

– «Чи» йæ зынтæй схонæн ис, «цы» йыл тынгдæр фидауы, мæнмæ гæсгæ, – дзуапп ын радта Бимбол, – Толаты куыдз Бурийы кой кæнæм. Алы хъуыддаджы дæр фыццаг æрбацæуæг уый вæййы, стæй дзы иунæг мадзал дæр нæ ферох уыдзæн. Йæ хицауы фæстæ куы сцæйуайы, уæд ма Толайæн хъазгæйæ афтæ дæр фæдзурынц, бинонтæй иу куы уа, уæд фаг у, зæгъгæ.

Гуыби, ахæм дзуапп фехъусгæйæ, размæ агуыбыр, афæлурс æмæ йæ дзыхы ныхас нал бадти… Фæлæ уæддæр йæ кæнон кодта – сæркъулæй хордта, нуæзта… Æмæ цы? Хæринаг уымæн нæу? Стæй, Бурийы дæр иу æмæ дыууæ хатты куынæ расырдтой фынгты цурæй, уæд ныр уый тыххæй йæ хæрын ныууадза? Фыццаг уал уый, æмæ æрдзы скондæн баивæн нæй, дыккаджы та, Гуыбийы ничи никæдæм суры.

*Майрæмы мæй ,2024 аз*

# ПИРАТ

*Радзырд*

**1**

Сæрды-иу скъолайы ахуырæй куы суæгъд дæн æмæ-иу куыддæр мæ улæфты бонтæ æрхæццæ сты, афтæ-иу мын æвæстиатæй æнæ ‘рбалæугæ нæ уыди Алагиры ме стыр мады хæдзары. Кæд ме ‘мгæрттæ денджызтæм æмæ æндæр улæфæн бынæттæм хордтой сæ былы цъæрттæ, уæд мæнæн та мæ дзæнæтон бынат ам уыди. Дæ ныййарджытæй – сæрибар, тезгъо кæнынæн бынæттæ – бирæ. Хуыздæр ма дæ цы хъæуы? Уæдæ хъазæнтæй дæр цух не ‘ййæфтон: кæм-иу цары аджигул кодтон æмæ-иу дзы исты цымыдисаг зæронд дзаума ссардтон, кæм та-иу хъуыддагхуызæй згæ зæгæлтæ æмæ хъæды гæбæзтæй мæхæдæг исты бацъапп кодтон. Фæлæ уæлдай тынгдæр мæ зæрдæ ‘хсайдта хæдзарон фосмæ…

Цалынмæ-иу райсомæй сæрдыгон хур зивæггæнгæ Хадзмайы къуыппы сæрмæ схызти, уæдмæ-иу нæ хæдзар дзолгъо-молгъо сси. Афтæ мæм касти, цыма æппæт дунейы цæрæгойтæ дæр æмбырдæй ам змæлыдисты. Иу ныхасæй, Нойы нау – нæ кæрт. Иуæрдыгæй уасæг хъуыддагхуызæй йæ уасынæй хæдзаронтæн æмæ сыхæгтæн сæ адджын фынтæ сырдта æмæ сæ кусынмæ разæнгард кодта, иннæрдыгæй нæл гогызтæ, сæ базыртæ ныппака кæнгæйæ, дæсны кафджытау ерысы кафт кодтой, индиаг пылтау-иу сæ хæтæлфындзтæ æруагътой, сæ базыртæй-иу уисæйттау зæхх рамарзтой, стæй-иу хъæлæсыдзаг нытътъæлланг ластой. Карчы цъиутæ та удæгас персайнаг гауызæй уæлдай нæ уыдысты. Саутæ, цъæхтæ, буртæ, гомхъуыртæ, гоппойтæ, иннæтæ, аннæтæ… Æмæ дзы цынæхуызон уыди… Сæ мадæлты фæстæ хæринагагур разил-базил кодтой алыхуызон нывæфтыдтæ фæлдисгæйæ. Хатт-иу уыцы «базармæ» нæ хъуг дæр йæ родимæ фæйнæ æххормаг «му»-йы бафтыдтой, мах дæр ам стæм, зæгъгæ… Уыцы тæккæ афон-иу сын мæ фыдымад хæринаг уарынмæ куынæ фæуыдаид, уæд сæ митинг революцимæ расайдтаид. Уæдæ куыд? Æххормагæй ма фæлмæн адæймаг дæр куы смæсты вæййы…

Уыдоны ‘хсæн мæм Пират касти хиуылхæцаг уæздан лæджы хуызæн (йемæ кæд дунейы рухс иу аз федтам, уæддæр, куыйты нымадмæ гæсгæ, уый уыди ацæргæ, æмæ йыл мæн хуызæн æрыгон лæппутæй хъауджыдæр йæ кар æмæ фæлтæрддзинад уæз кодтой). Йæ сæр-иу лæдзæгыл æруадзæгау йæ раззаг къæхтыл æрæвæрдта, афтæмæй-иу дзæвгар рæстæг æнæфестъæлфгæ хуыссыди кæрты астæу, раст цыма йæ куыдзы боныл сагъæс кодта, уыйау. Æрмæст, цъиуты налатдæртæй искæцы йæ мукъумæ æгæр хæстæг бацыд, зæгъгæ, уæд-иу йæ асурыны охыл йæ фындзыхуынчъытæй тынг рафу кодтаид, рыг систаид æмæ-иу йæ сæр пыррыччытæгæнгæ ныттылдтаид.

Йæ зæрдахаст мæ тынг æфтыдта дисы. Цæйбæрц бирæвæрсыг фæзилæнтæ дзы уыд! Куыд хæстæг лæууыд йæ миниуджытæй адæймагмæ! Пират зыдта хион дæр æмæ æддагон дæр. Хæстæджытæй нæм исчи уазæгуаты æрбацыд, зæгъгæ, уæд-иу æй дардмæ фæхатыдта æмæ, раст цыма ацы тæккæ уысм йæхи куы баурома, уæд йæ зæрдæ фæйнæрдæм аскъуыйдзæн, афтæ-иу, цины рæйд кæнгæйæ, цъилау зылди кæрты астæу, цалынмæ исчи дуар бакодтаид, уæдмæ. Уазæгæн-иу йæ бон къахдзæф акæнын дæр нал уыди: куы-иу йæ хъæбысмæ гæпп кодта, куы та-иу йæ къæхты бын атылди… Тынг уарзта адæмы, æрмæст кæмæйдæрты уыдта йæ удхæссæг. Æмæ сæ мах дæр номæй-номмæ

зыдтам. Пиратæн-иу йæ хъуыр-хъуырæй дæр уыд бæрæг, уынджы нæ рæзты чи ‘рцæйцыд, уый. Нæ сыхæгты усæн йæ куыдзы дæр нæ хæдзармæ хæстæг æрбацæуын нæ, фæлæ æрбакæсын дæр нæ уагъта, уайтагъд-иу æй йæ разæй айста. Æвæццæгæн, ирон æмбисонд йæ зæрдыл дардта: «Куыдзæн йæ дарæджы зондæй хай ис».

Уæдæ мæнæн та Пират уыди мæ хистæр цæдисон æмбал. Куыд хæдзары кæстæрыл, афтæ мыл аудыдта. Æдзухдæр уади мæ фарсмæ, дардта мæм йæ цæст æмæ мæ алыхуызон фыдбылызтæй хызта, цыма мæ исчи йæ бар бакодта, уыйау… Афтæ уыди æрвылсæрд дæр…

## 2

– Лæппу, машинæйы бабад æмæ цом! – фæдзырдтæ мæм мæ фыд. Æнæуи дæр ма тыххæй лæууыдтæн, фæлæ йæ куы айхъуыстон, уæд цингæнгæ уыциу сæррæтт бакодтон нæ «Жигули»-йы. Абалц та кодтам Алагирмæ.

Цъæх арвы къуырфæй хур йæ сызгъæрин æмбæрзæн айтыгъта нæ бæстыл. Дуне йæ сæрдыгон кæрдæгхуыз фæлысты цæхæртæ калдта. Бæрзонд бæлæстæ фæндаджы был мæ рæзты æмраст рæнхъæй фæд-фæдыл згъордтой, сыгъдæг уæлладжырон уæлдæф та æрдæггом рудзынгæй мæ цæсгоммæ йæ сатæгæй цавта. Мæ зæрдæ чи у, уый фыр цинæй йæхи риуы къултыл хойынæй нал æмæ нал æнцади.

«Мæнæ, мæнæ та мæ хъæлдзæг хиирхæфсæн бонтæ райдайдзысты», – хъуыды кодтон мæхинымæр æмæ сусæгæй мидбылты худтæн. Рагацау мæхицæн стыр пълæнттæ нывæстон, кæд æмæ цы кусдзынæн, уыдæттæн, фæлæ мæ сæйраг бæллиц уыди мæ зонджын æмбал Пиратыл тагъддæр фембæлын…

Нæ хæдтулгæ йæ цыд æрсабыр кодта, баввахс и мæ зонгæ æмæ уарзон хæдзармæ. Кæрты дуар байгом ис, æмæ нæм мæ фыдымад рахызти, æрбакодта мæ йæ хъарм хъæбысы. Уый мын мæ рустæн райгæйæ батæ куы кодта, уæд æз та сагъæсыл бафтыдтæн: «Ацы хатт бабуйæ Пират куыд нæ фæраздæр и, цингæнгæ мæ йæ быны куыд нæ акодта иннæ хæттытау?»

Иу уысмы фæстæ йыл ахъуыды кодтон, йæ азтæ йыл сæ уæз бынтон кæй æруагътой, – йæ фæстаг къæхтæ ма тыххæй йæ фæдыл ласта (рæстæг йæ кæнон кæны, уæдæ куыд...). Бакатай кодтон: «Кæд бынтон нал у йæ сæрæн æмæ искуы сатæджы хуыссы? Цæуон æмæ йæ бацагурон».

Ме стыр мады мæ фыдимæ ныхасгæнгæйæ фæуагътон. Мæхи байс-

тон мидæмæ æмæ хæдзары алфамбылай мæ цæст ахастон. Куыддæриддæр æй ныууагътон фарон, афтæмæй æрбаййæфтон кæрт – цъиутæй та дзы къах авæрæн нæ уыди. Фæлæ дзы нæ куыдз нæ разынд… Райдыдтон лæмбынæг агурын. Мæнæй хуыздæр чи зыдтаид а хæдзары æмбæхсæнтæ – цынæ хуынкъæй дзы ракастæн… Фæлæ, цас фылдæр агуырдтон Пираты, уыйас мын мæ гыццыл зæрдæ тынгдæр æвдæрзтой цавæрдæр æнахуыр æнкъарæнтæ… Æрзылдтæн, федтон алкуы дæр, фæлæ куыдзы ссарын мæ къухы нæ бафтыд… Цы гæнæн ма мын уыди, фæстæмæ рацыдтæн æмæ хистæрты ныхас æрдæгыл фескъуыдтон:

– Бабу, æмæ нын Пират та кæм ис? – бафарстон тыхстæй мæ фыдымады.

– Ныммарди Пират, мæ лæппу… – уæззау сулæфгæйæ мын радта дзуапп.

– Уый та куыд?!. Куыд ныммарди?..

Фыддæр цæуыл фæрыстæн, уый дæр нæ фæхатыдтæн: Пираты кæй нал фендзынæн, æви дзы «ныммарди» кæй загъта, ууыл… Æз æй мæ сабийы зондæй адæймаджы æмсæр куы æвæрдтон… Хионау хæстæг куы уыд мæ удæн, уæд ахæмæй «ныммарди» зæгъæн куыд ис?..

– Куыдзæн йе сæфт йæ гуыбынæй у, – æваст мын мæ хъуыдытæ фескъуыдта мæ фыдымад. – Зæрондмæ фæцарди, фæлæ йе ‘взæр ахуыр нæ ныууагъта… Амæй размæ йын хъæбæр дзулы карст йæ къусы ныппæрстон; карчы цъиутæ йæ куы ауыдтой, уæд ыл уайтагъд амбырд сты. Пират та, цыма кæрдзыны хъæстæ никуы фæци, уый тарст фæкодта йæ дзулы карстæн, æмæ... Афтæмæй, мæ къона, йе ‘мбисонд – йæхи… йæ хъуыры фæбадти…

Тынг æнкъард кодтон, фæлæ рæстæг алцæмæн дæр хос кæны… Мæ кары куыд цыдтæн, афтæ фылдæр хатдзæгтæ кодтон мæхицæн Пиратæн йæ миниуджытæй дæр æмæ йе сæфты хабарæй дæр. Ахуыргæнæгæн мын фæбæззыди: хорздзинæдтæ дæр дзы райстон, æвзæр цы у, уый дæр бамбæрстон… Мæхицæн скарстон, кæй не ‘фты алы бæллиц, алы фæнд къухы, цин æмæ хъыг кæрæдзийы радгай кæй ивынц, алцæмæн дæр кæй ис кæрон, бирæ хорздзинæдтæн иу рæдыдæй дæр кæй ис ахахх кæнæн…

Æвæццæгæн, уыцы бонты мæ сабидуг алидзыны фæнд скодта. Цард мын ног цæлхвæдыл слæууыд. Сæрдыгон хур мыл абон дæр кæсы, фæлæ уæды хуызæн нæ тавы…

*18.06.2025 аз*

ÆЛБОРТЫ Беллæ

## ДЕ ‘НГУЫЛДЗТÆ

Куы фенын æз лыстæг урс æнгуылдзтæ,
Доны чындзытæ раст цыма, фæзæгъын.
Куы ‘ркъæдз вæййынц æнæлазæй дæ армыл,
Æз асæттынæй уыдонæн фæтæрсын

Æхсæв цыма фынæй кæнынц дæ риуыл,
Дæ комулæфты дымгæмæ ызмæлынц.
Ыстъалытæ сæм мæйрухсмæ уæларвæй,
Сæ мидбылхудгæ, уайсадгæ ныккæсынц.

Дæ фæлурс ныхтæ – дидинсыфтау, бонæй
Нывæнды сыл йæ тынтæ хур æнæнтау.
Тæхуды, ‘мæ мæ цæссыгтæ сæ уæлæ
Куы ‘рттивиккой æдзух сæууон æртæхтау.

Куы бахæссыс ды де ‘нгуылдзтæ дæ былтæм,
Цæмæндæр уæд дæ мидбылты фæхудыс,
Цыма сты уыдон дидинджыты губакк,
Æмæ сын ды сæ хæрздæфмæ ысмудыс.

Куы фенын æз рæсугъд æнгуылдзтæ иумæ,
Уæд цины уылæн анхъæвзы мæ туджы.
Фæзындис цыма уалдзыгон джыджына,
Æмæ дзындз фæрдыг бамбæхстон йæ къусчы.

Куы базонай, æз нал фендзынæн никæд
Дæ урс æнгуылдзтæ, – уыдон мысын нууыл, –
Æз зонын æй, мæ «урсдоны чындзытæ»
Ды равæрдзынæ цадæггай мæ риуыл.

*15.05.2025 аз*

## АМОНДАГУРÆГ

Цæрæнбонты мæ рухс амонды агуырдтон,
Мæ дидинджытыл дыргъдоны зылдтæн.
Йæ мидбылты мæм се 'хсæнæй кæд бахудид,
Цы нæ вæййы, дæсны фæрсæг цыдтæн.

Æрбадтæн-иу нæ кæрзы бын мæйрухс æхсæв,
Æнæнымæц ыстъалытæм кæсгæ.
Æнхъæлдтон-иу, кæсы мæм цыма ме стъалы,
Мæ рухс амонд, тыбар-тыбур кæнгæ.

Куы-иу федтон сæууон æртæх цъæх кæрдæгыл,
Уæд-иу мæ цинæн нал уыдис кæрон.
Цыма мæ амонд 'ртæхы хуызы бацыди,
Цæмæй йæм æз дзындз фæрдыгау кæсон.

Куы-иу ыскасти хурзæрин сæумæрайсом,
Уыдтон-иу уæд йæ хъарм тынтæй рæвдыд.
Цыма Хуыцауæй ратгæ у зæххон амонд
Æмæ мæм хуры рухс тынтыл æрцыд!

Фæлæ цы фæци, о Хуыцау, дæ мидбылхудт?
Мæ удæн-иу куыд æхцон уыди, куыд.
Мæнæн уыди уый ме стъалы, мæ хуры тын,
Æндæр амонд мæ царды мæн нæ хъуыд.

Нæй, царды амонд 'рымысгæ у, зонын æй,
У арвæрдынау алы хуызтæй конд.
Рæумонц уды уысмæн бæллиц – цæст рæвдауæн,
Æнæ бавналгæ стъалыйау – бæрзонд.

*15.05.2025 аз*

## ЗАРÆДЖЫ БАЗЫРТЫЛ

Мæ зарæджы ды фестадтæ сырхмæтæг,
Дæ уаз бакаст йæхимæ 'лвасы мæн.
Сæумæрайсом дæм рудзынгæй фæкæсын,
Зыныс бæрæгæй дидинджыты 'хсæн.

Мæ дыргъдоны ды не ‘рзадтæ мæтæгау,
Нæ банкъары дæ адджын тæф мæ уд.
Уæддæр мæ зæрдæ буц вæййы дæ уындæй,
Нывæфтыдау дæ аив ‘мæ рæсугъд.

Ды фестадтæ мæ зарæджы стъалы, –
Æрвон зæдтæ уынынмæ дæм тæхынц.
Къæлæтæрфыг мæй бамбæхсти дæ ауон,
Хæлæггæнгæ дæм Авд хойы кæсынц.

Нæ дæ ыстъалы, зæдтæ дæм нæ тæхынц,
Нæ калыс арвыл Бобронау тæмæн.
Уæддæр æхсæв æз арвы ‘рдæм фæкæсын,
Дæ рухс тынтæй цыма рæвдауыс мæн.

Мæ зарæджы ды фестадтæ суадон,
Æнтæф боны мæ дойны дæ сæттын.
Дæ быны ‘рттивынц урс дзындзы фæрдгуытæ,
Æркъæдз дæ сæрмæ авдхуызон æрдын.

Нæ дæ суадон, не суадзын мæ дойны
Дæ сатæгæй – бæллиц у уый æрмæст.
Уæддæр дын æз дæ рог хæл-хæлмæ хъусын,
Мæ рухс сæнтты фæуыны дæ мæ цæст.

Сырхмæтæгæн йæ фæрсты уайы суадон...
Æцæг у æви ‘рымысгæ у уарзт?
Æрбатахти кæркæ-мæркæ гæлæбу,
Зырзыргæнгæ сырхмæтæгыл æрбадт.

Мæ рухс фæндтæ фæтары сты рæу фынау,
Мæ зарæг фестад урсбазыр бæлон.
Мæнæн дæр маргъау базыртæ куы уаид, –
Рæсугъд бæллицтæн царды нæй кæрон…

*15.05.2025 аз*

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ДЗЫРД-ХУЫЦАУ ДУГÆЙ ДУГМÆ

*Дунейы стыр фысджыты цард æмæ сфæлдыстадыл цыбыр афæлгæсты хуызы сарæзта йæ ног уацмыс Гусалты Барис. Цымыдисаг уый у, æмæ дзы баиу сты цалдæр жанры – прозæ, публицистикæ æмæ литературон критикæ. Автор дзуры аив дзырды хæзнадонмæ æвæджиауы æвæрæн бахæссæг алы дугты нæрæмон поэттæ æмæ прозаикты цард æмæ сфæлдыстадыл, алы рæстæджыты сæм цы цæстæнгас дардæуыд, йæхæдæг сын кæд цавæр аргъ кодта, уыцы бонтæ мысгæйæ. Чиныгкæсæгимæ зондæй-зондмæ ныхасы хуызы та æнæмæнг æвзæры классикты сфæлдыстадон бынтæм ног æмæ ногæй здæхыны разæнгарддзинад.*

## АНГЛИСАГ ЛИТЕРАТУРÆ

Дунейы мидæг аивадон литературæ æппæтæй хъæздыгдæр æмæ уæлдæр къæпхæнмæ кæм схызт, уыдоны ‘хсæн сæ фыццæгтæй, æнæмæнгæй, иу уыдзæн Англис. Гъемæ йын, хъыгагæн, йе ‘ппæт зынгæ æмæ стыр фысджытыл дæр аххæссын нæ фадат нæ самондзæн – кæйдæрты дзы æрмæст се скойæ фæнысан кæндзыстæм, кæуылдæрты та бæстондæр ныхас бацайдагъ хъæудзæн.

Иттæг цымыдисаг у, англисаг литературæ цы уавæрты æмæ куыд рæзт, уый. Йæ бындуры иу адæмы æвзаг æмæ культурæ нæй, фæлæ къорды. Англис ма хуындæуы Стыр Британи. Йæ сакъадæхтыл антикон дунейы фæстаг æнусты цардысты кельтаг адæмыхæттытæ, æмæ, Чырыстийы Райгуырды азæй нымайгæйæ, уыдон I–V æнусты фесты ромæгты дæлбар. Стæй та фæзындысты ног тыхгæнджытæ – англисаг æмæ саксонаг знæмтæ, кельтаг бынæттон цæрджыты иу хай сдæлбар кодтой.

Куыдфæстæмæ Британийы сакъадæхтыл æлдариуæг кæнын райдыдта англисаг культурæ, уæдмæ англисæгтæ фæуæлæхох сты Уэльс æмæ Ирландийыл, Шотланди баиу кодтой сæ бæстæнмæ. Уыйадыл XVIII æнусы шотландиаг æмæ ирландиаг фысджытæ сæ уацмыстæ нывæндын райдыдтой англисагау, се сфæлдыстад ссис англисаг литературæйы исбон.

Æмæ-иу кæй къухтæм нæ бахауд йæ историон фæндагыл Англис,

кæй: англоты, саксты, ютæгты, даниæгты, викингты байзæддæгтæ норманнты, латинæгты…

Кæд фæзынд уæддæр сæ литературæ, зæгъæ, уæд, дам, V–XV æнусты. Поэзийы темæтæ уыдысты истори, фыдæлты æгъдæуттæ, уырнæнтæ, царды закъæттæ, æфсармы домæнтæ… Уæлдай тынгдæр рæзыд дины литературæ, стæй йæ тыхы бацыд рыцарты поэзи, йæ хæдразмæ та динæн табутæ кæнынæй сæрибар литературæ – поэтикон чиныг «Альфреды æмбисæндтæ», адæмон дзырдбæстытæ, цыргъзонд ныхæстæ, нывыл царды æууæлтæ. Уыд ма ахæм жанр дæр – быцæуыл æнцайæг. Зæгъæм, поэмæ «Уыг æмæ булæмæргъ». Уыг домы тызмæгæй æнæ уæлдай митæй хи дарын, зонды алы фæлтæрæнтæй хи хизын, булæмæргъ та сæйрагдæр хоны уарзондзинады цинтæ, уый бæрæгбæттæ.

Рыцары сурæт амыдта, цæмæй уый уа рæстады фарсхæцæг, æнæбонты æмæ рæстæй æфхæрдты сæрыл дзурæг, йæ культурæ хъуамæ уыдаид алывæрсыг, хъæздыг æмæ бæрзонд, йæ цæсты – стыр кад сылгоймагæн, йæ хъуыдытæ – æнæхæрам, сыгъдæг, уæлтæмæнон… Рыцарты литературæйы сæйрагдæр сюжеттæ баст сты корнуэльскаг (кельтаг) къарол Артуримæ æмæ Тымбыл фынджы рыцартимæ – Ланселот, Персевал, Гавейн, Тристан – кæлæнгæнæг Мерлины тыххæй фыст романтæ, сæ къухфыстытæ баззадысты XIII–XIV æнустæй фæстæмæ. Дæрдтыл зындгонд рауад сыгъдæг англисаг æвзагыл фыст чиныг «Домбайы зæрдæйы хицау Ричард…»


**Джеффри Чосер**

Цыдис Сæдæазон хæст Францимæ – куы-иу сæ иу фæуæлахиз, куы та – сæ иннæ, фæкарздæр сты хуымæтæг адæм æмæ феодалты ‘хсæн ахастдзинæдтæ – уый 1381 азы расайдта Зæхкусджыты хæст. Гъемæ дын уыцы змæст уавæр фæахъаз литературæйы цæхгæр рæстæн. Æппæт поэтты сæрты акаст **Джеффри Чосер** (1340–1400) – англисаг дзырдаивады реализмы бындурæвæрæг. Йæ поэмæ «Кентерберискаг радзырдтæ» йын схуын-

дæуыд XIV æнусы англисаг царды энциклопеди. Адæймаджы фæлгонц аразы дыууæ хуызы дæр: табуйагæй дæр æмæ æлгъыстагæй дæр.

Англисаг аивады ног дуг уæд ралæууыд, æмæ 1476 азы чиныг мыхуыр кæнын куы райдыдтой. XVI æнусы та йæ бартæ райста ног поэзи – иуæй, англисæгтæн сæхи æгъдæуттыл æнцад, иннæмæй та – италиаг гуманистон идейæтæ æмæ æмдзæвгæты хуызтыл. Йæ тыхы бацыд сонеты жанр – Сэмюэл Дэниел, Генри Констебль, Майкл Дрэйтон, Уильям Шекспир. Сгуыхтдæр поэтыл банымадæуыд Эдмунд Спенсеры – поэзийы алы жанрты дæр иттæг дæсны. Бæрзонд къæпхæнмæ схызт драматурги Шекспиры руаджы. Уый сфæлдыстад сси дунеон литературæйы хæзнаты хæзнадæр. Трагедитæ фыссыны хъуыддаджы йæм хæстæг лæуд фæцис Джон Уэбстер.

XVII æнусы поэтты æхсæнæй дардмæ разынд Джон Мильтон (1608–1674). Йæ идеал уыд æфсармджын удгоймаг, культурæйы уавæрыл æнувыдæй тыхсæг, æхсæнады хæрзæбоныл мæтгæнæг. Йæ рад ралæууыд буржуазон романæн – йæ саразæг Даниэль Дефо. Йæ роман «Робинзон Крузо»-йы фæзынд ног герой – демократон æхсæнады минæвар. Уæдæ Джонатан Свифт чи у, уымæн та йæ кад у Англисы стырты-стырдæр сатирик, зæгъæ, – зыдгæнæг, æфсармы цæлхдуртæ ницæмæдарæг капитализмы цъаммар митæ æппæты фыццаг уый хурæргом скодта – чи нæ нæ бакаст йæ заманы «Гулливеры балцытæ»!

Ох-хына, цы дæсны æрмдзæф фысджытæ гуыры иу историон афонтæй иннæмæ!

Сэмюэл Ричардсон – уый та мидхæдзарон царды æмæ психологон романы бындурыскæнæг, йæ хуыз-йæ формæ та – фыстæджытæ. Ноджы ма литературæ фæхъæздыгдæр кодта царды лыстæг хабæрттæм дæр æргом здахынæй – йæ цинтæ æмæ хъыгтæм, удсыгъдæггæнæнтæ æмæ зæрдæхалæн трагедитæм: «Памела», «Кларисса Гарло» (1741–1748 азтæ). Уæдæ йæхи бæрæг фæд ныууагъта англисаг литературæйы Генри Филдинг дæр: фæарфдæр кодта романы сюжет, бахаста йæм адæмон гуманистон идеалты мидис… Стæй та дын мæнæ Ричард Бринсли Шеридан дæр, йæ «Фыддзыхты скъола», зæгъæ, ахæм чиныгимæ – сатирикон комедиты бæрзæнд.

Цæуы рæстæг, ивынц дугтæ-замантæ, уæндон санчъехтæ йæ рæзты фæндагыл кæны Аив Дзырд. XVIII æнусы арвыл – поэзийы арвыл – цæхæр скалдта Роберт Бернсы стъалы. Стæй фæразмæцыд сты «цады

скъола»-йы минæвæрттæ-ахуырдзаутæ Уильям Вордсворт, Сэмюэл Кольридж (иу афон дын ай афтæ, поэзи, дам, у сæ фидауцдæр бынæтты æвæрд дзырдтæ…), Роберт Саути…


**Джон Мильтон**

Бæрнон бынат æрцахста Вальтер Скотты поэзи, фæлæ йын уæддæр æмæ уæддæр кадгæнæг басгуыхтысты йæ историон романтæ – Советон Цæдисы уæлдай уæрæхдæр мыхуыргонд цыдис «Айвенго». Цы тынг æхсызгонæй йæ бакастæн æз дæр «на заре туманной юности»!.. Уæдæ кæм уыд æмбал романтикон поэзийы бардуæгтæ Джордж Гордон Байрон æмæ Перси Биши Шеллийæн! Тынг сæм бахæстæг Джон Китс дæр.

XVII æнусы поэтты ‘хсæнæй уæлдай бæрзонддæр æмæ дардмæдæр зыны **Джон Мильтон** (1608–1674).

Йе сфæлдыстады йæм æппæтæй уæлдæр æвæрд у æгъдауджын æмæ ‘фсармджын удгоймаг – æппæтдзыллон хæрзтæ æмæ культурæйыл мæтгæнæг-тыхсæг. Йæ зындгонддæр поэмæтæ сты «Фæдæлдзæхы дзæнæт» æмæ «Дзæнæты раздæхт». Ныхас дзы цæуы æппæт уыдæттыл зæрдæйы арфæй, æмæ адæймаг куыд алæмæты рæсугъд у, стæй йæ бæрзонд кады тыххæй аргъуцы аккаг кæй у, фæллой æмæ тохы фæрцы куыд фæуæлахиз вæййы æнæрай хъысмæты нывыскарстыл, куыд æнтыстджынæй ахизы алы фыдгæнд цæлхдурты сæрты.


**Джонатан Свифт**

Уыд ма хъуыстгонд цæхгæрдзырд публицист дæр – уыцы ном ыл сфидар йæ чиныг «Ареопагитика»-йы фæстæ.

Æппæты фæстагмæ ныффыста ахъаззаджы трагеди «Самсон-хъазуатон».

Англисаг Салтыков-Щедрин схонæн ис **Джонатан Свифты** (1667–1745) –

бирæтæн нæ зонгæ æмæ уарзон чиныг ныффыссæджы: æххæстæй йын афтæ хуыйны уырыссагмæ тæлмацгондæй – «Путешествия в некоторые отдаленные страны света Лемюэля Гулливера, сначала хирурга, а потом капитана нескольких кораблей».

Йе сфæлдыстады сæйрагдæр рахæцæны тыххæй йын раст æмæ стыр аргъ скодта Лев Толстой: «Шел по деревне, заглядывал в окна. Везде бедность и невежество, и думал о рабстве прежнем. Прежде видна была причина, видна была цепь, которая привязывала, а теперь не цепь, а в Европе волоски, но их так же много, как и тех, которыми связывали Гулливера. У нас еще видны веревки, ну бечевки, а там волоски, но держат так, что великану-народу двинуться нельзя».

Свифты сæйрагдæр сфæлдыстадон хотых у, йæхи царды уæлбикъон чи кæны æмæ хоны, уыдоныл былысчъилæй худын, сæ сусæггаг хъуыддæгтæ сын хурмæ калын.

Йæ тæхудиаг бæллиц уыд сæрибарæй, хæдбарæй фæллой кæнын лæгæн йæхи æмæ адæмы сæрвæлтау, сæ хæрзæбонæн.

Свифт æнусæй-æнустæм тæхæг фаг базырджын дзырдбæстытæ ныууагъта, семæ мæнæ ахæмтæ:

*Дунейы царды кæй ницы ис æнусон, æнусон айдагъдæр йæхæдæг уыцы фæтк у.*

* * *

*Æмбисонды рæстдзæф ныхæстæ! Кæмæй сæ рамырхтай? (Фарстæуыд иу фыссæджы).*

* * *

*Алкæй дæр бирæ цæрын фæнды, фæлæ, базæронд уа, уымæ та ничи бæллы.*

* * *

*Сæ фазыл куыд бырынц, хæрдмæ дæр афтæ хилынц алы къуыдиппытæ.*

* * *

*Ныр цы цардæй цæрыс, ныр, уымæй дæ Хуыцау бирæ дугты фæцæрын бауадзæд!*

* * *

*Кæд искæй тугдæппæл фелхыскъгæнинаг дæ, уæд искæй ахæм æлхыскъмæ дæхæдæг дæр цæттæ у.*

* * *

*Адæймаг цы ‘взаджыхъæдæй дзуры, уымæ гæсгæ йæ сбæлвырд кæндзынæ, чи у æмæ цы у, уый.*

* * *

*Хахуыргæнæджы хъавд у хуызджер лæгтæм, зулкъ дæр раст тæккæ афтæ хъавы дзадждджындæр дыргътæм.*

* * *

*Куырыхон лæг бынтон иунæг уæд нæ вæййы, æмæ иунæгæй куы баззайы.*

* * *

*Кадмæ бæллæгæй æгаддæр нæй адæмæй.*

* * *

*Хорз чиныг хорз зонды хорз хъæбул хуындæуы.*

* * *

*Дин у æнæфæразгæ, сæйгæ уды гакк.*

* * *

*Кæд фæстæзад дзыллæ сæ ныхтæ искæй ныссагътой, уæд æй зон: дунемæ ног курдиат рантыст.*

Тынг номдзыд, кадджын æмæ уарзон у йæ райгуырæн бæстæйы суанг абон дæр шотландиаг поэт **Роберт Бернс** (1759–1795). Хъуыстгонд æмæ нымад поэты ном та йыл Советон Цæдисы сбадт Самуил Маршакы курдиатджын тæлмацты руаджы.

Кæд сабидугæй фæстæмæ дæр фыдцæрдтытæ кодта, уæддæр ныфс æмæ зæрдæсаст никуы уыд, уæлдай æргомыздæхтæй дардта йæхи æхсæнадон змæлд æмæ уавæрмæ. Уыйадыл ма йыл дзырдхæсджытæ дæр сæ дзырдтæ фæхастой, уыцы заман дæр «кæдæм æмбæлд, уырдæм».



**Роберт Бернс**

Уыйхыгъд адæмæн та сси сæ удхæстæг, сæхион, се 'ввахс адджын æмæ зынаргъ поэт – бонæддæдæргæнгæ, мамæлайы къæбæрæй чи цард, уыдон дæр ын сæ фæстаг суаритæй æлхæдтой йæ чингуытæ, уымæн æмæ дзы сæхи рыстытæ-тыхстытыл мæтгæнæджы æрмдзæф уыдтой, сæхи цинтæ æмæ дзы хъæрзын хъуыстой. Æмæ Роберт дæр уымæн хатыдта йæхи æцæг адæмон поэтæй.

Ирон чиныгуарзонæн йæ зæрдæйыл сæмбæлд ахæм рæнхъ – уый дæр та Маршакы тæлмацæй æрхæссæм:

*В горах мое сердце, а сам я внизу...*

Нæхи ирон мадæлон æвзагыл дæр æрдзон фидыд кæны:

*Мæ зæрдæ ис хæхты, мæхæдæг – бынæй...*

Хатырæй мын уæд Робертæн йæхирдыгæй дæр æмæ поэзи стыр аивадыл нымайджыты 'рдыгæй дæр, фæлæ дзы æз мæ зæрдыл иу хъæлдзæг – «къæйных ныхас» – æмдзæвгæ бадардтон:

*Растет камыш среди реки,*
*Он зелен, прям и тонок.*
*Я в жизни лучшие деньки*
*Провел среди девчонок.*

*Пускай я буду осужден*
*Судьей в ослиной коже,*
*Но старый, мудрый Соломон*
*Любил девчонок тоже!*

Сызгъæрин талатæ суадзæд Роберт Бернс, цы Æцæг дунейы ис, уырдыгæй… иумæ Самуил Маршакимæ.

Иу ахæм фæзилæн ма: кæй поэтикон мæсыгмæ гæсгæ амадта йæхи поэзийы хæрдтыгæсæг мæсыг, уый та уыд Роберт Фергюссон. Æмæ уый хæрз æрыгонæй куы фæмард – цыд ыл æрмæстдæр 23 азы, – уæд ын йæ ингæныл айнæг къæйдур сæвæрдта хифыст эпитафиимæ:

*Ни урны, ни торжественного слова,*
*Ни статуи в его ограде нет,*
*Лишь голый камень говорит сурово:*
*– Шотландия! Под камнем сим твой поэт!*



**Джордж Ноэл Гордон Байрон**

Æмæ фæстаг рæнхъ уæлдай растдæрæй хауы Бернсæн йæхимæ…

Дыууæ генион поэты рад дæр уæдмæ æрхæццæ – **Джордж Ноэл Гордон Байроны** (1788–1824) æмæ **Перси Биши Шеллийы** (1792–1822).

Байрон райгуырд Лондоны, цардхъуагæй та рухс дунейæ ахицæн Грецийы Миссолунгийы чысыл горæты.

Революцион романтизм поэзийы жанртæн сæ ахсджиагдæртæй иу у, æмæ дзы, раст зæгъгæйæ, Байроны æрмдзæфæн æмбал нæй. Лорды кадджын ном та йæм æрхауд йæ фыдыфыды æфсымæрæй.

Йæ сабибонтæ арвыста Шотландийы горæт Абердины. Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта 13-аздзыдæй Харроуы, Лондонмæ хæстæг аристократон скъолайы ахуырдзауæй. 1805 азы бацыд Кембриджы университетмæ æмæ йæ каст фæци æртæ азы фæстæ. Уыцы рæстæг – 1807 азы – фæзынд йе 'мдзæвгæты фыццаг чиныг «Hours of idleness («Æвдæлонджынæй»). Ам фæбæрæг йе сфæлдыстадон мадзал – романтикон хуызы дунембарынад. Дыууæ азы фæстæ сси лордты палатæйы уæнг.

Стæ-ма, адæмыхæттытæ цы сты æмæ цавæртæ сты, уый мæхи цæстытæй фенон, базонон сæ, зæгъгæ, фæраст балцы Хæстæг Хурыскæсæн æмæ Хуссары Европæмæ. Æмæ уæд фæзынд йæ зындгонддæр уацмыс – «Чайльд Гарольды бæстæзонæн балц». Зæр-

дæрисгæйæ уыны Испани – Наполеонимæ хæсты куыд рауурæтмæ ‘рцыд, фæлæ цы хъæбатыр æмæ цы æнувыд сты йæ адæм сæ фыдыбæстæйыл, уый; дисы йæ ‘фтауы Албанийы хъæбулты сæрибармæ уарзондзинад; уæлдай аргъуцгæнгæйæ бафты Грецийы арæнтыл, фæлæ мæнæ ацы рагон бæстæйы зæрдæхалæн уавæр: иуæрдыгæй, – сæрыстыр дзы кæмæй уай, ахæм фыдæлты истори æмæ сæ незаманты цыртдзæвæнтæ, иннæрдыгæй та, – хъазайрагон цард туркаг æфсондзы бын.

Поэт йæхи рæбинаг хъуыдытæ, сагъæстæ æмæ æнкъарæнтæ «балæвар» кæны йæ поэмæйы сæйраг архайæг Чайльд Гарольдæн. Æмæ уый дæр авторау фæлвары бамбарын социалон бæллæхты гуырæн, цæмæн бауадзы наци йæхи дæлдзиныг кæнын, цæмæн уыйбæрц сты бæстæты къуыхцытæ æмæ цоппайаг фæзилæнтæ сæ историон райрæзты фæндагыл. Хатгай-иу Байронмæ афтæ дæр каст, æмæ ‘ппæт æнæрай хабæрттæ-уавæртæ сты адæмæн сæхи аххос, æнæхсæст, талынгзонд, æнæфсарм-æнæчетар кæй сты, уый фæстиуæг. Фæлæ-иу фæстагмæ ахæм хатдзæгмæ ‘рцыди, зæгъгæ, алцæмæн дæр ис историон быйндур, адæмæн сæ бон раиртасын цæмæн нæма у, ахæм.

Поэмæ афтæ æнтыстджын рауад, ахæм зондахасты æмæ æнкъарæнты ратæдзæн, æмæ, æвæццæгæн, дунейы æппæт адæмты æвзæгтæм дæр тæлмацгонд уымæн у. Байрон æцæг стыр поэт кæй у, ууыл англисæгтæ басастысты, æхсæндзарды алы буц æгъдæутты аккаг æй схуыдтой, фæлæ сæ уый та уыдæттæй йæ хъуырмæ сси, нæ йæ хъуыдысты, тыхстис сæ. Æмæ йæ уыцы мидуавæр равдыста къорд лирикон æмдзæвгæйы: «Йæ цæссыгкалæг чызгæн», «Зæрдæхæлар ныхæстæ Саррæйæн, графиня Джерсейæн», «Дæлимоны балц» æмæ æндæрты.

Хицæн бынат æрцахста йæ поэзийы, Наполеон сæ сæйраг хъайтар кæм у, уыцы цикл: «Одæ Наполеон Бонапартæн», «Цыты легионы стъалыйæн», «Наполеоны фæндараст»… Императоры цæстмæ дзы дары ахæм уайдзæф, æмæ, дам, уыйау хъомысджын су, дунейы æмбал кæмæн нæ уыд, уыйау, сæрибары бæрзонд идейæтæй та дæхи иуварс айс.

1813–1816 азты реакцион заман Байроны дунембарынад фæуæрæхдæр æмæ фæарфдæр, æмæ уыцы æууæл æнæ фæбæрæг нæ уыд йе ‘мдзæвгæтæ æмæ поэмæты арæзты – хурыскæсæйнаг ном цы циклыл сфидар, уыдоныл: «Джауыр», «Абидосскаг чындзаг», «Корсар», «Ларæ», «Коринфыл æрхъула», «Паризинæ». Поэмæтæ семыдзаг сты

драматикон тохæй, уый фæвæййы катастрофæйæ. Байроны геройтæ сыстынц сæ царды, сæ хъысмæты, се 'хсæнады ныхмæ – сты æгъатыр хæсты бацæуджытæ, мастисджытæ, фыдгæнды тæссармæ фæндаг равзарджытæ – иу дзырдæй, бæллæхы адæм…

Уæд иуафон Байрон бавдæлд æмæ Библийы æрмæджытæм гæсгæ куы ныффыссид къорд уацмысы – «Дзуттаг зæлтæ» – æмæ дзы куы стауид лæджы æнæбасæттон мидтых æмæ уды хъомысæй, йæ монон домбайдзинадæй, цардмæ уарзон тыхæй, йæ алæмæтæй цардæн æмæ адæймаджы æнæбассæтондзинадæй, сгуыхтдзинæдтæй, мæлæтæй æдæрс уæвгæйæ, тохæй æппæлгæйæ: «Иевфайы чызг», «Ды дæ царды фæндаг балхынцъ кодтай», «Æрттивгæ чызг фæцæуы», «Вавилоны цæугæдæтты былгæрон»…

Уыцы æмдзæвгæтæй æппæты сгуыхтдæры амонд æрхаудта ацы рæнхъытæм: «Уираг зæлтæ». Æмæ йæ уырыссаг æвзагмæ дæр раивта Лермонтов йæхæдæг, афтæ зæгъгæйæ: «Нæ, æз Байрон нæ дæн…» Нæй йын æнæ æрхæсгæ йæ тæлмацæн, генион поэтты 'хсæн æппæты тæригъæддагдæр хъысмæты æфхæрд поэтæн:

## ***Еврейская мелодия***

*Душа моя мрачна. Скорей, певец, скорей!*
*Вот арфа золотая:*
*Пуская персты твои, промчавшиеся по ней,*
*Пробудят в струнах звуки рая.*
*И если не навек надежды рок унес,*
*Они в груди моей проснутся,*
*И если есть в очах застывших капли слез,*
*Они растают и прольются.*

*Пусть будет песнь твоя дика. Как мой венец,*
*Мне тягостны веселья звуки!*
*Я говорю тебе: я слез хочу, певец,*
*Иль разорвется грудь от муки.*
*Страданьями была упитана она,*
*Томилась долго и безмолвно;*
*И грозный час настал – теперь она полна,*
*Как кубок смерти яда полный.*

Иу цыдӕр ӕлгъыстау – хъысмӕты ӕлгъыстау – фӕзынд ма ахӕм: цы боны хорзӕн вӕййынц стыр поэттӕ бинонты царды ‘рдыгӕй ӕнамонд? Ис, цымӕ, уымӕн дӕр та Хуыцаумӕ дзуапп? Ӕдылы нӕ дӕн: куыд Ӕм нӕй ома…

1816 азы Гордон бынтон рӕствӕндаг нӕ фӕцис, йӕ цардӕмбал агургӕйӕ. Ӕмӕ дын йе знӕгтӕн ӕфсон-бындур куы фӕуид поэты уд хӕрынӕн алы фыдкӕйтты фӕрцы. Байрон фӕлыгъд Швейцаримӕ. Женевӕйы цады был сӕмбӕлд Шеллиимӕ, ӕмӕ, кӕд бирӕ цӕмӕдӕрты фӕйнӕхуызон цӕстӕй кастысты, уӕддӕр балымӕн сты.

Нӕй, нӕй, лӕгӕн йӕ туджы цы тырнӕн ис сӕрибармӕ, уымӕн баныгӕнӕн. Ӕмӕ ууыл фидарӕй ӕууӕнды поэт дӕр – ӕмӕ йын кӕд ӕмӕ ӕвдисӕн та у Прометейы фӕлгонц (кӕс «Прометей»). Алы адӕмыхӕттытӕ-бӕстӕтӕ зонынмӕ тырныдзинад нӕ мынӕг кодта йӕ мидӕг (мӕгуыр Пушкин, мӕгуыр: нӕ йӕ ауагъдӕуыд  уый та фӕсарӕнтӕм…), ӕмӕ та балӕууыд Миланы, стӕй Венецийы (ӕз дӕр ӕй бӕргӕ бауарзтон ацы горӕт йӕ иу фендӕй дӕр!) ӕмӕ дзы ӕртӕ азы афӕстиат. Ӕмӕ та ам дӕр йӕ зӕрдӕмӕ хӕстӕг райста италиаг адӕмы хъӕрзын австриаг ӕфхӕрды дӕлбарӕй. Гъемӕ фыссы поэмӕ «Тассойы хъаст», «Чайльд Гарольд»-ы фӕстаг хӕйттӕ ӕмӕ лирикон ӕмдзӕвгӕтӕ, сӕ хъуыстгонддӕр «Луддиттӕн зарӕг». Йӕ «Одӕ Венецийӕн» ӕмӕ политикон поэмӕ «Дантейы нывгонд фидӕн»-ы Байрон сиды италиаг адӕммӕ, цӕмӕй сӕ зӕрдыл ӕрлӕууын кӕной сӕ фыдӕлты ном ӕмӕ кад ӕмӕ сыстой сӕ сӕрибары сӕраппонд, цӕмӕй Итали баиу уа, уый охыл.

Ацы нымад азты сфӕлдыста къорд трагедийы: «Сарданапал», «Дыууӕ Фоскарийы», «Венецийы дож Марино Фальеро». Адӕмы цардамондыл архайджыты хъысмӕт Байронмӕ гӕсгӕ уымӕн кӕуинаг рауайы, ӕмӕ, дам, сӕхӕдӕг адӕмӕй дӕрддзӕф сты. Ног фӕлгонцы йӕ поэмӕ «Каин»-ы ӕвдисы библейаг Каины, йе ‘фсымӕры марӕджы: уый ныр у змӕнтӕг, нӕ йӕ уырны, Хуыцауы бон алцы дӕр кӕй у; хӕрзгӕнӕг, ӕндӕр, дам, адӕймаг уыйбӕрц дӕлдзиныггонд ӕмӕ ‘фхӕрд цӕмӕн ӕййафы. Ацы Каин ӕгӕрон уарзтӕй бауарзта адӕмы, ахӕм хъуыдыйыл хӕст у Байронмӕ, ома куы ницӕуыл ӕууӕндай, уӕд амондмӕ фӕндаг ӕнтыстджындӕрӕй ссардзынӕ. Ӕрмӕст та уымӕн дӕр йӕ трагеди уый мидӕг ис, ӕмӕ йӕ фӕндты, йӕ тохы зыбыты иунӕг кӕй разыны.

1821 азы поэт афтыд Пизӕмӕ, австриаг пъӕлицӕ йӕм дзы йӕ хъус

дары. Ам Шелли æмæ Ли Хантимæ журнал «Либерал»-ы цалдæр номыры ныммыхуыр кодтой, фыссы драматикон поэмæтæ, сатирæтæ. Дарддæр кусы æмдзæвгæтæй фыст роман «Дон Жуан»-ыл, Пушкин ын стыр аргъ скодта йæ ацы уацмысæн иннæтæй уæлдай – у, дам, «удивительное шекспировское разнообразие». Фæлæ йын æй кæронмæ фыст фæуын йæ мæлæт нæ бауагъта…

1823 азы июлы æмбисыл Байрон Италийæ фæцæуæг Грецимæ – йæ балцы нысан та уыд бердзенæгты тохы архайын, туркæгты æфсондзы бынæй куыд раирвæзой, уый сæраппонд. Йæ бæрны йын хæцæг адæмæй иу къорд бакодтой, æмæ йæхи тынг арæхстджынæй равдыста. Йæ иу æмдзæвгæйы тæхудиаг хоны хæстон лæджы мæлæт тохы быдыры:

*Достойней нет солдатской доли,*
*Могила – здесь перед тобой.*
*На вольной воле, в чистом поле*
*Найдешь покой.*

Хъæбатыр лæг æмæ стыр поэт æнæнхъæлæджы æрсад тæфсæгæй, фæлæ ‘фсæддон хайæ нæ ацыд йæхи дзæбæх кæнынмæ – йæ адзал æй æцæгдæр хæсты быдыры ссардта… Æппæт Греци йыл фæрыст, саударæг ыл уыдис.

XIX æнусы дунеон литературæйыл тынг бандæвта Байроны тæваг, суанг ма ахæм змæлд дæр фæзынд – байронизм.

Йæ уацмысты æвзаргæтæ Уæрæсейы бирæ хæттыты уыдысты джиппы уагъд стыр тиражтæй.

Уæддæр та куыд рæстдзæвин загъд у: цы мæгуыр дæ, айдагъ мулкæй хъæздыг чи у, уый!

Æмæ Англисы бухъхъæй цæрæг уæлдæронтæ дæр Байроны мард цытджын уæлмæрды – «Поэтты къуым»-ы – ныгæнынæн бар нæ радтой, хæлæгæймæрдтæ!.. Гъемæ уыдон абон кæм сты æмæ чи сты, Джордж Ноэл Гордон Байрон та у æппæт дунеон аив литературæйы табуйаг бæрзæндтæн сæ иу.

О, йе ‘мтохгæнæг бердзенæгты курдиатмæ гæсгæ поэты зæрдæ баззад Грецийы сыджыты.

Байрон фæдзæхстыты хуызы цы ныстуантæ ныууагъта, уыдонæн нæм сæ хуыздæртæ адон фæкастысты:

*Æнæ сылгоймаг нæдæр цæрын зонæм, нæдæр йемæ иумæ æмдзæрин уæвын.*

* * *

*Хæларад у æнæбазыр уарзондзинад.*

* * *

*Æз уарзын мæ фыдыбæстæ, ме 'мзæххонты та – нæ.*

* * *

*Зины фатдоны фæлмæн хъæлæсæй хуыздæр фат нæй зæрдæйæн.*

* * *

*Иу цæссыг æркалынæн туг æнæхъæн денджыз ныккалдæй фылдæр æхсар хъæуы.*

* * *

*Сусæгæй кæуæджы хъыг цæстмæ ми нæу.*

* * *

*Æхсæв стъалытæ æмæ сылгоймæгты æрттивынгæнæг у.*

* * *

*Йæ райгуырæн бæстæ чи нæ уарзы, уымæн ницы ис бауарзæн.*

* * *

*Уарзондзинады тугхъæдгом кæд æдзух мæлæтдзаг нæу, уæддæр никуы байгас вæййы.*

Перси Биши Шелли райгуырд нымад бинонты 'хсæн, ахуыр кодта хорз цардæй цæрæг адæмы скъолайы – дæрдтыл хъуыстгонд Итоны.

Æвзонгæй дыууæ романы ныммыхуыр кодта фæсномыгæй, æцæг ын аивадон æгъдауæй лæмæгъ рауадысты, фæлæ комдзог цыдысты йæ тохмондаг удысконды.

1810 азы ссис Оксфорды университеты студент, æрмæст дзы бирæ нæ афæстиат – ратардтой йæ, йæ трактаты афтæ кæй дзырдта, дин æмæ лæджы зонды авналæнтæ кæрæдзийæн ницы бавæййынц, зæгъгæ. Ацы цау æмæ, хуымæтæг хæдзайраг чызг Гарриэт Уэстбрукы кæй ракуырдта, уыйадыл йæ фыдимæ сæ цард фæсаджил. Ирландимæ



Перси Биши Шелли

ацыд, ам сæ хæдбардзинадыл цы хæст самадтой ирландиæгтæ, уым архайдта, ныффыста публицистикон уацмыстæ: «Ирландийы адæммæ сидт» æмæ «Адæймаджы барты деклараци», йæ бындуры уыд америкаг «Хæдбардзинады Деклараци»-йы домæнтæй дзæвгар хай.

Фæстæмæ Англисмæ куы раздæхт, уæд ныффыста философон поэмæ «Ус-къарол Маб». Критикæ дзы кæны нырыккон политикон æмæ социалон институттæ, бæллиццаг фидæн та йын у ахæм, æмæ, дам дзы нæдæр промышленность, нæдæр базарад æмæ дин-уырнынад кæй нæй; уый фæрцы цардæй аиуварсгонд сты мæгуырад, æбар уавæр, дыдзæсгомдзинад æмæ алцæмæ пайдайы цæстæй кæсын…

Кæд райдианты материализмæн табу кодта, уæд куыдфæстæмæ та æргомыздæхт фæцис идеализммæ, йæ уарзондæр философы кад та æрхауд Платонмæ. Царды, дам, алцæмæн дæр ис бæлвырд æмгъуыд, æппæтæй æнусондæр у монон, интеллектуалон аивдзинад, алæмæты æууæлтæ царды мидæг – уый у, уый, æцæгдзинад, дунесконды рафæлив-бафæлив, ис æрмæстдæр Æрдзы Мон, æмæ уый уынаффæ кæны дун-дунеты ахаст- дзинæдтæн. Æмæ, дам, Хуыцау дæр Æрдз йæхæдæг у, æндæр Хуыцау уæвгæ дæр никуы уыд. Цыдæриддæр зæххыл ис, уыдонæй, дам, алцæмæн дæр ис цæрæццаг уд, æнкъарæнтæ удгоймæгтау. Æмæ уыцы зондахастæй лæууы социалон хæрæмтты ныхмæ. Шелли йæ философон трактатты сиды уымæ, цæмæй, йæ дуджы цы социалон системæ æрбынæттон, уый ивд æрцæуа демократийы æууæлты.

Ахæм домæнтæ æвæрд сты суанг йæ лирикæйы дæр – йæ пантеизм, ома Хуыцау æмæ Æрдз æмсæр, иу хонæг зонд, ирдæй зыны йæ мифологион темæтыл фыст æмдзæвгæты («Гимн Аполлонæн», «Паны гимн», «Уарзондзинады философи»). Æрдз куыд æнаипп у, рæсугъд, æнæлаз, хъуамæ афтæ уой аивад æмæ уарзондзинад дæр – рухсæй дзаг сты царды цинæй уарзондзинадыл фыст рæнхъытæ: «Индиаг серенадæ», «Чындзхасты зарæг», «Джейн К.».

Фæлæ йæ интимон лирикæйы æрхæндæджы уылæн дæр сабухы («Мимозæ», «Æхсæвы цæстыл», «Знæт дымгæтæ зарынц»). Иуцалдæр поэмæйы быцæу кæны йæ хæлар Байронимæ, зæгъæм, поэмæ «Юлиан æмæ Маддало»-йы. Революцийы фæрцы царды уавæртæ ивыны тыххæй фыст у стыр поэмæ «Леон æмæ Цитна», чысыл фæстæдæр ногæй ахæм сæргондимæ мыхуыры фæзынд «Исламы сыстад». Æуухæнды дзы, боныфæстагмæ цыфæндыйæ дæр рæстад кæй фæуæлахиз уыдзæн, уыл. Италийы цæргæйæ, Шелли драмæтæ сфæлдисынмæ дæр бавдæлд тирани æмæ сæрибары хъысмæттыл – ахæм у «Сæрибаргонд Прометей», хæццæ йæм кæнынц рагон грекъаг мифтæ æмæ Эсхилы трагедийы «Уæнгбаст Прометей»-ы мотивтæ.

Йæ цыбыр царды кæронмæ ʻввахс ма къорд поэмæйы ныффыста Перси Баши. Цымыдисаг сты поэзийы тыххæй йæ хъуыдытæ: «Поэзи, царды рæсугъддзинад цы æмбæрзæнæй æхгæд у, уый иуварс сисы, хъуамæ поэзи зондамонæг-дидактикон ма уа, фæлæ уа хæдхуыз æмæ хъара лæджы зæрдæмæ; поэзийы алæмæтдзинад ахъаз у адæмы моралон æгъдауæй хуыздæр кæнынæн; поэзи æмæ зыдыка, хи уарзын, хи уæлбикъон хонын дард лæууынц кæрæдзимæ; поэт амоны, куыд аивдæрæй цæрын æмбæлы, уый».

Поэзийы дæсныйадмæ, æмдзæвгæты архитектоникæмæ дæр ахадгæ ивддзинæдтæ, ног æгъдæуттæ бафтыдта.

Йæ дыккаг бинойнаг Мэри дæр у зындгонд фыссæг, иумæ цардысты Италийы. Ам Шелли фыдбылызы амæттаг бацис – денджыз куы сабухта, уæд фæдæлдон Ливорнойæ цæугæйæ. Йæ поэзи та у æнæмæлгæ.

Æрмæстдæр æм дыууæ базырджын дзырдбасты ссардтон сæрмагонд чингуыты:

*Фыдгæнды бирæйæ хорздзинад дæр рауайы.*

* * *

*Дунейы мидæг уымæй фыдракæнддæр хъуыддаг нæй, æмæ политикæ æфсармæй куы адард вæййы.*

XIX æнусы англисаг литературæ схызт йæ рæзты уæлдæр къæпхæнмæ, æмæ уый та уыд критикон реализм. Уыцы аивадон



**Чарлз Диккенс**

мадзалæй пайда кæнгæйæ та æппæтæй сгуыхтдæр фæцис, сæ уæдыккон царды аивадон энциклопеди кæй схуыдтой англисæгтæ, уый – **Чарлз Диккенс** (1812–1870). Дунейы стыр фысджыты стырдæртæй иуыл нымад. Æппæт дунейы дæр зындгонд систы йæ эпикон уацмыстæ – романтæ «Оливер Твист», «Домби æмæ йæ фырт», «Дэвид Копперфилд», «Уазал хæдзар» æмæ æндæртæ. Йе сфæлдыстады æргом сæйраджыдæр арæзт уыд æфхæрд æмæ дæлдзиныггонд дзыллæты царды уавæртæм, хъæздгуыты æмæ мæгуырты ныхмæвæрды æууæлтæм. Фыссæг у кæддæриддæр дæлдæргонд адæймаджы фарсласæг, уæлдай уарзондæр та йын сты сывæллæттæ, уæлдай риссагдæр æмæ йын хъизæмайрагдæр у уыдоны хъысмæт.

Диккенсы аивадон хотыхтæ сты мæстæйхæлд сарказм, уарзæгой мидбылхудгæйæ юмор, бæрзонд патетикæ. Адæймаджы мидтыхтæ, йе ‘рдзон сконд, фыссæгмæ гæсгæ, ахæм сты, æмæ кæддæриддæр фыддзинадыл, фыдæхыл уæлахиздзау чи уыдзæн. Уырныдта йæ, æмæ царды бындур гуманистон идеалтæ кæй сты, адæймагуарзондзинады домæнтæ. Зондамонæг, фæткæвæрæг кæй уыд, лæджы æфсармагайæг, уый дæр ыл фидыдта – уæдыккон литературæйы бæрджытæм хаудта уыцы миниуæг дæр.

Ахуыр кæн, æмæ дæумæ дæр цæрын цæуа, зæгъгæ, раст цыма ахæм хæс сæвæрдта йæ размæ, уыйау у йæ мидис хъæлдзæгдзинады эпопея «Пиквикы клубы фыстæджытæ»-йы. Зæрдæхæлар, куыддæр уæдæгонд Пиквикы сурæт хионау ссис дунейы чиныгкæсджытæн. Алчи дæр нæ йæ зæрдæмæ хæстæг айсы стæй ма Оливер Твисты гакъон-макъон царды хабæрттæ дæр, цыдæр ныфсы рухс нæм дзы ракæлы – фыдбонæн дзы кæрон æрцæуы цыфæндыйæ дæр, кæд нæм, хъæздыг цъулбер зæрдæхæлар æмæ ‘фсармджын куы разыны, уый дызæрдыггаг хорздзинад кæсы, уæддæр.

«Цыппурсаг радзырдтæ», «хъомыладон романтæ», детективон фæрæзтæ дæр схион сты йе сфæлдыстады Диккенсæн. Иузаман аздæхт

историон æрмæгмæ дæр – зæгъæм, ахæм бындурыл амад у роман «Дыууæ горæты тыххæй уацау». Автобиографион ын рауад роман «Дэвид Копперфилд» – кæд дæргъвæтингомау у, уæддæр æй æвæллайгæйæ кæсыс. Цард куыд æмтъерытæ у, куыд вазыгджын, алырдæмты къабазджын, ууыл ирдæй, æнтыстджынæй дзуры йæ роман «Уазал хæдзар»-ы.

Фæлæ ма иу ахæм фæзилæн дæр абон рæхойы лæджы миддуне: кæд ма нæ кæй равдæлдзæн суанг стыр фысджыты номдзыд уацмыстæ дæр кæсынмæ?..

Федор Достоевский фыста, зæгъгæ: «Мы на русском языке понимаем Диккенса, я уверен, почти так же, как и англичане, даже, может быть, со всеми оттенками». Максим Горький дæр ын йæ сæйрагдæр миниуæг рæстдзæвин раиртæста: «Диккенс изумительно постиг труднейшее искусство любви к людям».

Уæддæр уæд æмæ уал цæрæд иппæрдæй дæр курдиаты сфæлдыст Дзырд, æмæ та йын кæд иуахæмы аргъгæнæг, табугæнæг дæр разынид…

Чарлз райгуырд стыр горæт Портсмутмæ хæстæг хъæуккаг бæстæвæрд Лендпорты наулæууæны кусæг чиновничы бинонты ‘хсæн. Циу алы хуызы дæр хъуæгтæ цард, уый суинаг фыссæг æвзонгæй базыдта йæхи уавæрты. Йæ фыд ныггаффутт, хæсджынты хъоргъы дæр ма йæ ауагътой – уыдæттæ Диккенс сныв кæндзæн йæ роман «Чысыл Доррит»-ы.

Нæй, сæ царды гæнæнтæ йын фадат нæ радтой бæлвырд ахуырад райсынæн, фæлæ йын уыйхыгъд уæлдæр скъолайау фæцис царды фæлтæрддзинад – куыста парламенты стенограф æмæ газеты репортерæй. Литературæйы йæ фыццаг æрмдзæф дæр фæрæстмæ, йæ ном дæрдтыл айхъуыст, æмæ дзы нывыл цæрæг рауад. Америкæ, Итали, Франци æмæ Швейцарийы кæй уыд балцыты, уыдон куынæ нымайæм, уæд иудадзыгдæр цард Лондоны йе та уырдæм хæстæг йæ фæсгорæт бæстыхайы къорд бинонтæ æмæ хæлæрттимæ.

Литературон куыст кодта, куыд редактор, афтæ дæр нымад цыд, уагъта дыууæ литературон-аивадон журналы дæр ма – «Хæдзарон чиныгкаст» æмæ «Æххæст афæдз». Актеры курдиат дæр æм фæхæццæ: архайдта хихъæппæрисадон спектаклыты æмæ зылд бæстæйы

алы рæттыл, йæ уацмыстæй-иу адæмæн хицæн бынæттæ кастис хъæрæй.

Æдæппæт сфæлдыста 15 стыр романы, очеркты цалдæр чиныджы, уацаутæ, радзырдтæ æмæ пьесæты æмбырдгæндтæ. Йæ «Бозы очерктæ» куыддæр фæзындисты, афтæ йын ном скодтой, цард дзы цæдджджинагау фыцгæйæ æвдисы: мæнæ уын Лондоны уынгтæ, донбылтæ, базартæ, дуканитæ, тæрхондæттæ, ахæстæттæ, рынчындæттæ, хъулæттæ цардæй цæрджытæ – саугуыстгæнджытæ, мæгуыргуртæ, лæппуты мæйттæ, иннæрдыгæй, – хъæздгуытæ, абадгæ чызджытæ æмæ æнæус лæгтæ, къленц-мыленц чындздзонтæ, уынгты алы лыстæг товартæ уæйгæнджытæ…

Дисы ‘фтауы йæ куыстуарзондзинад дæр. Фенæфæразгæ, уæддæр ма фыста – кæронмæ йын нал ахæццæ йæ фæстаг роман «Эдвин Друды сусæгдзинад». Æмæ лæгæн йæ бонтæ цыфæндыйæ дæр, стæй йæ гæнæнтæ æмæ йæ тыхтæ дæр нымады сты: Диккенсæн йæ туг йæ сæрмæ ныццавта, æмæ дунейы фысджытæн сæ тæккæ егъаудæртæй иу 1870 азы 8 июны ахицæн.

Стыр фыссæджы ном та йæм æрхаудта, 25 азы йыл куы сæххæст, уæд. О, йæхæдæг йæхицæн аргъ кæнын раджы райдыдта: æз, дам, фæзмын кæй нæй, ахæм дæн…

Цæмæй ма уыд диссаджы адæймаг, уый уымæй, æмæ йын кæд æмæ дунемæ рантыст дæс сывæллоны сæ мад Кэйт Хогартимæ, æцæг, ссæдз азы куы фæцард, уæд ахицæн… Æрхаста, 18 азы кæуыл цыд æрмæстдæр, ахæм рæсугъды, фæлæ ницы амонд бавзæрста йемæ.

Æцæг хъæздыг, тынг хъæздыг у англисаг литературæ суанг стыр фысджытæй дæр, чи ма нын дзы баззад нæ афæлгæсты иуварс, уыдонæй дæр – Уильям Теккерей, Роберт Стивенсон, Редьярд Киплинг, Бернард Шоу, Джон Голсуорси, Герберт Уэллс, Уильям Сомерсэт Моэм, Джек Лондон…

Кæй цардвæндаг æмæ дзы кæй сфæлдыстадыл нæ аххæссæм, уыдонæн сæ сæйрагдæр-зындгонддæр чингуытæ ранымайдзыстæм… Æцæг Диккенсы зондамонæн ныхæсты фæстæ.

*Кæд исчи искæд джентльмен уыдис, уæд алкæд дæр ахæм уыдзæн.*

* * *

*Никæд, зæгъгæ, макуы дзур.*

* * *

*Ægъдау æмæ ‘фсармхъуаг адæм куынæ уаид, уæд юристтæ дæр нæ хъæуиккой.*

* * *

*Дунейы мидæг ахæм æххормæгтæ ис адæмæй, æмæ Хуыцауæн кæрдзыны къæбæр æнхъæл сты.*

* * *

*Зондцух удæгас адæймаг мардæй тасæфтаудæр у.*

* * *

*Адæймаджы лæмæгъдзинæдтæй æппæтæй цымыдисагдæр æмæ йын ныббаринагдæр у уарзондзинад.*

* * *

*Цард нын уый тыххæй лæваргонд у, цæмæй йæ сæрвæлтау фæстаг улæфты онг тох кæнæм.*

* * *

*Рæстдзинад кæддæриддæр уæндон, ныфсхаст вæййы.*

* * *

*Уæдæмæ афтæ бакæнæм: цыртдзæвæнтæ, хæрзиуджытæ, цинтæ, алы кадджын нæмттæ, стæй, цы нæу пенсийы аккаг, уый дæр ма Ничи æмæ Ницыйæн раттæм, Лæгау Лæгæн та-иу йæ бæрны ахсджиаг хъуыддаг бакæнæм.*

* * *

*Æз мæ чингуыты æдзухдæр нæ Ирвæзынгæнæгæн уыдтæн табугæнæг, кæд æмæ мæ рæбинагдæр хъуыдытæ ахæм сты, уæд.*

* * *

*Адæмыл æнувыд куыд уай, йæ прогрессыл æвæллайгæйæ æмæ зæрдиагæй куыд кусай, йæ хæрзæбон æмæ амондмæ куыд тырнай – гъе уыдон сты литературæйы вазыгджын хæс.*

* * *

*Дæхæдæг нæ фæнывылдæр уыдзынæ, иннæты фæхуыздæрмæ куынæ тырнай, уыцы хуызы сын сæрхъуызой куынæ уай, уæд.*


**Уильям Мейкпис Теккерей**

**Уильям Мейкпис Теккерей** (1811–1863) – «Кадылмарды армукъа. Геройæ цух роман». Ныффыста йæ 1848 азы. Иллюстрацитæ дæр ын йæхæдæг скодта. Ацы уацмысы хуыз ног уыд XIX æнусы англисаг литературæйы, йæ сюжет у бирæкъабазджын, нæй дзы нæдæр интригæ, нæдæр къуырцдзæвæн. Сæйраг архайæг дзы уымæн нæй, цæмæй, дам, чиныгкæсæг йе 'ргом бынтондæр аздаха æппæт æхсæнадмæ. Армукъа та хоны адæмты цард иумæйагæй, хатгай йæ нæ фæуырны, хæрамдзинадыл фæуæлахиз уæвæн кæй ис, æмткæй фыдгæндтыл, уый.

Нымадæй йæм цыппар ахъаззаг ныхасбасты разынд:

*Хæст æмхуызон хъалон исы нæлгоймагæй дæр æмæ сылгоймагæй дæр, æцæг æй сæ иутæ тугæй фидынц, иннæтæ та – цæссыгæй.*

* * *

*Мад – уый сабитæ Хуыцауы хонынц афтæ.*

* * *

*Дунесконд у айдæн: нæ алчи дæр дзы йæхи уыны.*

* * *

*Байтау исты ракæнд – æркæрддзынæ ахуыр, байтау истæуыл ахуыр – æркæрддзынæ характер, байтау характер – æркæрддзынæ хъысмæт.*

**Роберт Люис Стивенсон** (1850–1894) – «Хæзнаты сакъадах». Ацы роман ын айхъуысын кодта йæ ном æнæхъæн дунейыл. Цымыдисаг æви, растдæр зæгъгæйæ, дисы 'фтауæг цауты бындурыл фыст жанрæн



**Роберт Люис Стивенсон**

ацы уацмыс йæ идеал басгуыхт.Ноджы ма Дефойы, «Робинзон Крузо»-йы авторы, аивадон фæрæзтæ фæарфдæр кодта, психологон æгъдауæй фæуырнинагдæр, сюжет фæнуарджындæр æмæ цымыдисагдæр.

Æмбæлынц æм ахæм зондæмхиц ныхасбæстытæ дæр йе сфæлдыстады:

*Уæдæмæ сразы уæм ууыл дæр, æмæ нын æнæразы уæвынæй дæр кæй ис цæрыны бар.*

* * *

*Не 'ппæт дæр æй хорз зонæм, парламент циу, уый, æмæ не 'ппæт дæр уыйадыл æфсæрмæй судзæм.*

* * *

*Дзыхыл хæцынæй дзы æвирхъаудæр гæды ныхас нæй.*

* * *

*Æвзонгæй дæр æмæ зæрондæй дæр мах æрвылбон фæстаг балц-круизы цæуæм.*

* * *

*Чи зоны, æмæ хъысмæт хæлардæр зæрдæ дары сæтæлæджы хъузджытæ уидзæгмæ, милуанджынимæ абаргæйæ.*

* * *

*Мысинæгтæ сты ахæм уæлæдарæс, æмæ сæ цасфæнды куы дарай, уæддæр нæ ихсийынц.*

* * *

*Æхцаты тыххæй нæ бар-æнæбары нæ сæрибарæй хай фидын хъæуы.*

* * *

*Йæхæдæг авгæй конд хæдзары чи цæры, уый хъуамæ искæй рудзгуытыл дуртæ ма 'хса.*

* * *

*Фæсмон цæуыл нæ чындæуы, уый зиан нæу.*

* * *

*Дун-дуне диссаг æрмæст уымæ нæ кæсы, æмæ йæхимæ диссагæй кæмæн ницы ис.*

* * *

*Литературæ у дыууæ лæджы ‘хсæн æхсызгон æмæ ахсджиаг ныхæсты фæрæз.*


**Герберт Джордж Уэллс**

**Герберт Джордж Уэллс** (1866–1946) – махæн дзы, абоны уæрæсейæгтæн, XX æнусы 70 азы дæргъы советон адæмæн, уæлдай зындгонддæр у йæ чиныг «Уæрæсе хуыдалынджы». Ома, 1920 азы Ленинимæ куы сæмбæлд лæгæй-лæгмæ æмæ йемæ куы фæныхæстæ кодта, уæд æй ныффыста. Кæд æй нæ уырныдта, Советон Уæрæсе йæ къæхтыл кæй слæудзæн æнæ Ныгуылæны æххуысæй, уый, уæддæр дзы бирæ рæстытæ радзырдта фæсарæйнаг чиныгкæсджытæн бæстæ æмæ большевикты тыххæй. Æмæ уыйадыл нæ фæцыд йæ зæрдæмæ Черчиллæн.

Уæдæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман дæр Уэллс уыдис Советон Цæдисы фарсхæцæг.

Сæйрагты-сæйраджыдæр та уый у, æмæ Герберт Джордж сси наукон фантастикæйы бындурæвæрæг XX æнусы литературæйы. Уыцы жанры йын æппæтæй зындгонддæр у йæ роман «The time machine» – «Рæстæджы машинæ». Ам адæм æцæг не сты архайæг фантастикон уавæрты, Жюль Вернмæ куыд уыд, афтæ, фæлæ цавæрдæр æрымысгæ морлоктæ æмæ элойтæ.

Хъуыстгонд сты йæ иннæ романтæ дæр: «Доктор Моройы сакъадах», «Гамхуд-адæймаг», «Дун-дунеты хæст».

Йæ 80 азы дæргъæн царды йын дзæвгар чингуытæ сфæлдисын бантыст алыхуызон жанрты.

Ис æм афоризмтæгонд ныхæстæ дæр:

*Кæнинаг дын куы ницыуал уа æмæ æрæнкъард дæ, зæгъгæ, уæд дын уый – уарзондзинадæн тæхудиаг сахат.*

* * *

*Адæмты цард цæуы ахуырад æмæ алы бæллæхты ерысы.*

* * *

*Не ‘цæг адæмыхатт – адæймаг.*

* * *

*Уэллсы бафарстæуыд:*

*– Дæ фырт къорд фæсарæйнаг æвзаджы куы зоны, ды та иу дæр нæ – цæмæн афтæ у?*

*– Уымæн, æмæ уый хорз лæджы фырт у!*



**Джозеф Редьярд Киплинг**

Ног замантæ, ног дуг – ног зарджытæ. Англис-колонизатор ныххæфс æнæхъæн дунейыл. Æмæ уымæй хъал уыд ацы поэт æмæ прозаик дæр:

**Джозеф Редьярд Киплинг** (1865–1936) – æмæ гуыргæ дæр кæд æмæ ракодта сæ колонийы – Индийы горæт Бомбейы. Хурыскæсæны адæмтæ, дам, талынг сты, æмæ сæ уыдон, англисæгтæ-саксойнæгтæ, размæцыд кæнынц, æмæ уыцы темæйыл фыссы йæ зындгонд æмдзæвгæ «The white man‘s burden» – «Урс лæджы уаргъ».

Æппæтæй нын зындгонддæр сты Мауглийы царды хабæрттæ дыууæ уацмысæй – «Джунглиты чиныг» æмæ «Джунглиты дыккаг чиныг».

Йæ ном Киплингæн дунейыл айхъуыст поэтикон æмбырдгæндты фæрцы: «Къазармайы зарджытæ», «Авд денджызы», «Фондз нацийы» æмæ æнд.

Æз, дам, фыссæг уыдзынæн, зæгъгæ, ахæм хъуыды йæм ныффидар

17-аздзыдæй, æмæ уый бафтыд йæ къухы. Сфæлтæрдта царды, куыста уацхæссæгæй, хæстытæ æмæ-иу рын кæм стыхджын, уырдыгæй фыста уацтæ, бындуронæй зонгæ кодта адæмыхæттыты æгъдæуттимæ, балцыты фæцыд къорд бæстæтæм – Китай, Америкæ, Япони, Австрали, Африкæ… Куы-иу Индийы цард, куы Англисы, Америкæйы, стæй æппынфæстагмæ æрæнцад Англисы. Фыссын та уыцы иу рæстæг райдыдта æмдзæвгæтæ æмæ прозæ. Æмткæй йын йе сфæлдыстад куы райсай, уæд Киплинг у Империйы зарæггæнæг.

Фæлæ уæддæр чиныгкæсджыты зæрдæтæм фæндаг ссардта уымæй, æмæ бæрзонд кæй æвæрдта лæгдзинад, алы фæлварæнтæн бынсын, æмгардзинад, æууæнк. Адæймаджы миддуне йæ уыйбæрц не ‘ндæвта, сæйрагдæр æм каст, лæг цы хъуыддагыл хæст у æмæ дзы куыд арæхсы, алцы йын куыд æнтысы.

Константин Симонов афтæ фыста, зæгъгæ, Киплинг æрыгон поэттæ æмæ прозаикты дисы æфтауы «своим мужественным стилем, своей солдатской строгостью, отточенностью и ясно выраженным мужским началом, мужским и солдатским». Иттæг тынг фæцарæхст Джозеф мæнæ афтæ зæгъынмæ дæр: «Адæм цард-цæрæнбонты цы наркотиктæ ‘рхъуыды кодтой, уыдонæн се ‘ппæты тыхджындæр сты хуымæтæг дзырдтæ».

Базырджын ныхæстæ рауад Редьярды ахæм рæнхъытæй дæр:

*О, Запад есть Запад, Восток есть восток,*
*и с места они не сойдут,*
*Пока не предстанет Небо с Землей*
*на Страшный Господень суд.*

Дæрдтыл хъуыстгонд у йæ ‘мдзæвгæ «Рыг» ахæм рефренимæ: «И отпуска нет на войне».

1907 азы Джозеф Редьярд Киплинг схорзæхджын литературæйæ Нобелы премийæ. «Мæнау тынг хорз лæг у уый дæр. Нæ дыууæйы бæрны сты дунейы сусæгтæ: базонæн цæмæн ис, уыдон Киплинг зоны, æз та уымæй уæлæмæ ‘ппæт дæр», – загъта Марк Твен.

Бæгуыдæр ма сты сæрмагонд æмæ бындурон ныхасы аккаг къорд фыссæджы – Сомерсет Моэм, Конан Дойл йæ Шерлок Холмсимæ; ирландиаг Джеймс Джойс, тыхджын, фæлæ тынг зын кæсæн роман-эпопея «Улисс»-ы автор; æрыгон чиныгкæсджыты кумир Джек Лондон

(хъазæн ныхас æрбалæууыд мæ зæрдыл – ахæм диалог: – Джек, ай Лондон у? – Нæ, Джордж, ай Вашингтон у…); Вирджиния Вулф; декадентон литературæйы фæтæг Томас Элиот; Дэвид Лоренс (номгæнæг ын у роман «Леди Чаттерлейы хæзгул»); Джон Пристли æмæ ма къорд зындгонд фыссæджы – мæ нымадæй дзы номгонд фысджытæй англисаг литературæйæ хъæздыгдæр цыма нæй…



**Уильям Батлер Йейтс**

Уæдæ стыр кад кодта ирландиаг поэт **Уильям Батлер Йейтсæн** Нобелы премийы лауреат Иосиф Бродский. О, æмæ Йейтс йæхæдæг дæр у литературон премитæй ацы æппæты каджындæры номæй хорзæхджынгонд. Йæ цард, йæ хъысмæты цы ахадыдта Аив Дзырд, уый тыххæй æмбисонды хорз æмæ рæстытæ загъта йæхæдæг Уильям Батлер, æмæ мын сæ нæй æнæ 'рхæсгæ: «Вся моя жизнь – в стихах. Ради них я бросил свою жизнь в ступу. Я растолок в ней юность и дружбу, покой и мирские надежды. Я видел, как другие наслаждаются жизнью, пока я стоял в стороне один, рефлектируя и что-то бормоча, – мертвое зеркало, в котором отражается живой мир. Я похоронил свою юность и возвел над ней гробницу из облаков».

Уæдæ йын йæхи тыххæй та зæрдæбын æмæ аккаг ныхæстæ ныффыста Томас Элиот: «Он показал, что художник, который служит своему искусству с полной отдачей, тем самым совершает подвиг во имя своего народа и всего человечества».

Кæд ма нæ кæй равдæлдзæн ацы талф-тулф дуджы Йейтсы уацмыстæ кæсынмæ, æмæ дзы уæд та ма нымад рæнхъытæ æрхæссон æрмæстдæр базонгæйы охыл уæ размæ:

***След***

*Красивых я встречал,*
*И умных было две, –*
*Да проку в этом нет;*
*Там до сих пор в траве,*

*Где заяц ночевал,*
*Не распрямился след.*

***Ведьма***

*Бейся лбом, ради денег терпя,*
*Наживай капитал,*
*Будто с грязною ведьмой тебя*
*Сатана сочетал;*
*А когда ты иссяк и устал,*
*Свел тебя напослед*
*С той, кого ты с тоскою искал*
*Столько дней, столько лет.*

***Одному поэту, который предлагал не похвалить весьма скверных поэтов, его и моих подражателей:***

*Ты говоришь: ведь я хвалил других*
*За слово точное, за складный стих.*
*Да, было дело, и совет неплох;*
*Но где тот пес, который хвалит блох?*

О, Йейтс райгуырд 1865 азы ӕмӕ ахицӕн 1939 азы.

Ӕнӕцымыдисаг не сты, Йейтсы царды цы цаутӕ ‘рцыд, уыдон дӕр. Суанг ӕй ӕвзонджы бонты агайын райдыдтой философон фарстатӕ: чи у ӕмӕ цы у адӕймаг, цы йӕм ӕнхъӕлмӕ кӕсы фӕсмӕлӕт… Кӕд адӕмы та тыхстаг кодтой социалон проблемӕтӕ, Ирландийы хӕдбардзинад, уӕд. Фӕлӕ Уильямы рагон кельтаг кадджыты бындурыл фыст пьесӕтӕ ӕмӕ ӕмдзӕвгӕтӕ политикӕйӕ тынгдӕр сахадыдтой йӕ бӕстӕйы цардыл, дунейӕн сӕргом кодтой йӕ рагфыдӕлты бӕрзонд культурӕ – фӕзынд «кельтаг уылӕн», суанг ма ныры дуджы дӕр абухы…

1889 азы 30 январы дын сӕ хӕдзары къӕсӕрыл фегуырд чызг – Мод Гонн. Политикон ахстытӕн баххуысӕн ацы ӕхцагурӕджы Йейтс ахӕм уарзтӕй бауарзта, ахӕм, ӕмӕ йӕ цард-цӕрӕнбонты чи ахаста. Фӕлӕ йын Мод та ком радта… 25 азы фӕстӕ! Поэты ӕмбырдгонд «Дымгӕ хъамылы мидӕг»-ы фылдӕр ӕмдзӕвгӕтӕ нывонд сты йӕ уарзонӕн, йӕхицӕн та йын стыр поэты номгӕнӕг басгуыхт.

Къуыри ма баззад йӕ адзалы бонмӕ, афтӕ ныффыста, программон кӕй фӕхонынц, ахӕм уацмыс – «Сау мӕсыг». Йӕ мидис у тынг рагон:

иу фидары гарнизон сæхи нæ дæттынц знагæн, куы йæ базыдтой, хæст кæй фæцис, сæ къарол кæй фæмард æмæ ныр уымæн сæ ардбахæрдæй дæр кæй ссæрибар сты, сæ бæстæ та сæ басæттæджы дæлбар кæй бацис, æмæ йæ иууылдæр сæ ног сюзереныл кæд банымадтой, уæддæр:

*Про Черную башню знаю одно:*
*Пускай супостаты со всех сторон,*
*И съеден припас, и скисло вино,*
*Но клятву дал гарнизон.*
*Напрасно чужие ждут,*
*Знамена их не пройдут...*

*Пришельцы хотят запугать солдат,*
*Купить, хорошую мзду суля:*
*Какого, мол, дурня они стоят*
*За свергнутого короля,*
*Который умер давно?*
*Так не все ли равно?..*
*Но мы не оставим пост.*

Кæддæриддæр уыдис алы адæмтæм дæр нæртон лæгау лæгтæ. Æмæ та абон дæр – 2025 азы – хæцæны ахæмтæн сæ Фыдыбæстæмæ сæ уарзт æхсиды тугныккалд тохы быдыры…



Джордж Бернард Шоу

Англисаг фысджытæй бæлвырддæр æмæ бæстондæр ныхас кæуыл нывæнддзыстæм, уый уыдзæн бынтон хæдхуыз фыссæг, англисаг драмæмæ цæхгæр ивддзинæдтæ бахæссæг **Джордж Бернард Шоу** (1856–1950).

Æппæты разæй уал ын йæ афоризмтæй цалдæр куы æрымысин, стæй йын йæ цардимæ баст цаутæй дæр иу куы æрлæууын кæнин уæ зæрдыл – куыд дзырдарæхст уыд, уымæн æвдисæн, – уый мæ фæнды.

*Фæцæуы дын тæнтæхауд, æлвæст гуырджын Бернард Лондоны стыр уынджы æмæ хæрхæмбæлд фæцис иу хитъынджын-гæлдæрджын лæгимæ. Æмæ йын уый афтæ фæкодта:*

*– Шоу, дæумæ кæсгæйæ афтæ банхъæлæн ис, цыма Англисы, ды цы бахæрай, дæхи цæмæй бафсадай, уый нæй.*

*– Дæу уынгæйæ та лæг афтæ ахъуыды кæндзæн, æмæ нæм хæрд-нозтæй цыдæриддæр уыд, уыдон дæ хъæлæсы аирвæзтысты! Раст æнæтæл боцкъайау дæ...*

* * *

*Мæнæ рæсугъд-уынддзын цæмæй уай, ууыл сахуыр кæнæн куыд нæй, афтæ куырыхон зонды хицау уæвынил дæр нæ сахуыр уыдзынæ.*

* * *

*50 хатты зæгъæн ис «о», 50 хатты та «нæ», фæлæ сын ныффыссæн та æрмæст иунæг хатт ис.*

* * *

*Дунейы мидæг бирæ ис магусайæ исбонмæ тырнджытæ, стæй ма ис ахæм æдылысæртæ дæр, æмæ кусынмæ рæвдз æмæ гæрзарм чи сты, æцæг, схъæздыг уой, уый та кæй нæ фæнды.*

* * *

*Кæд дохтыр ныфсæвæрæн гæды ныхæстæм нæ арæхсы, уæд уый йæ дæсныйады аккаг нæу.*

* * *

*Æндæр адæймагмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсын у æнæуынондзинадæн æппæтæй ирддæр æвдисæн.*

* * *

*Лымæнты æмæ суанг уарзон адæмы ‘хсæн дæр иуахæмы уыцы сахат ралæууы, æмæ кæрæдзийæ даринаг хæстæ фидын кæд бахъæуы.*

* * *

*«О» зæгъынмæ æгæр рæвдзæй ма лæуу, «нæ» зæгъынмæ – æгæр фæстиатгæнгæ, æмæ уæд æвæсмон уыдзынæ.*

* * *

*Цардвæлтæрдæй базоныс æрмæст, раздæрты-иу куыд сæлхæр уыдтæ, уый.*

* * *

*Мæ хъуыддагæй та-иу куы ницы рауад, уæд-иу мæ кад та уæлдæр кодта.*

* * *

*Æцæгæлон бæстæйы куы вæййын кæнæ уазæгуаты искæмæ, уæд мæхи афтæ никуы фенкъарын, цыма нæхимæ дæн.*

* * *

*Æз кæй нæ уарзтон, уыдоны маст-иу, æз кæй уарзтон, уыдон дывæрæй райстой.*

* * *

*Диссаг та куыд не сты адæм: æппындæр сæ хъуыддаг кæм нæй, сæ фындз тынгдæр уым тъыссынц.*

* * *

*Чи арæхсы, гæрзарм чи у, уый аразы, кæны; гуылмыз чи у, хъæдынкъухæй бынтон æнарæхст, уый та иннæтæн дæсныйад амоны.*

* * *

*Цæмæй дæ ма ʻрцауындзой, уый охыл дæ сæркъуырты схудын кæн!*

* * *

*Афтæ йын куы зæгъай искæмæн, арвыл 999888777666555 æмæ 3 стъалыйы ис, зæгъгæ, уæд æй бауырндзæн, фæлæ йын йæ зæрдыл куы æрлæууын кæнай, ацы бандон дын тæккæ ʻрдæбон дæхи цæстыты раз куы сахуырстой, зæгъгæ, уæддæр дыл нæ баууæнддзæн æмæ дзы йæ амонæн æнгуылдз фæцæвдзæн бæрæггæнæг.*

* * *

*Сæрибарад лæгæй уый домы, бæрнон цæмæй уай. Гъе, гъе, бирæты та уæдæ уымæн нæ фæнды сæрибар уæвын.*

* * *

*Æрæджиауы хорзæхы бæсты фæлтау никуы æмæ ницы.*

* * *

*Фидæн та йæ сбæлвырд кæндзæн: абон сау-сауид циу, уый урс-урсид уыд, зæгъгæ, ныффæрск уыдзæн.*

* * *

*Дæ цæфæн дын дзуапп чи нæ ратта, уымæй тæрс.*

* * *

*Йæ Хуыцау арвыл кæмæн цæры, тæрс уыцы адæймагæй (ома уымæн Хуыцау йæхи мидæг нæй. – Г.Б.).*

* * *

*Тасæй тæрсæгæй цагъардæр ничи у.*

* * *

*Уæвгæ та хицауы бынат лæджы нæ халы, уый æдылытæ æфтауынц цæсты хицауы бынат.*

* * *

*Сылгоймаг æмæ нæлгоймаг цас хъомылгонд сты, уый сæ хылгæнгæйæ сбæлвырд вæййы.*

* * *

*Дæумæ дæр фæткъуы æмæ мæнмæ дæр фæткъуы, æмæ сæ куы баивæм, уæд дæумæ дæр æмæ мæнмæ дæр фæйнæ иу фæткъуыйы баззайдзæн. Фæлæ иугæр дæумæ дæр хъуыды куы уа, æмæ мæнмæ дæр куы уа хъуыды, æмæ сæ кæрæдзийæн куы зæгъæм, куы сæ баивæм, уæд нæ дыууæмæ дæр уыдзæн фæйнæ дыууæ хъуыдыйы.*

* * *

*Æнæуынондзинад у, кæй фæтарст, уый тыххæй тæппуды мастист.*

* * *

*Адæймаг – агуыридур: цас æй зынгдæр чындæуы, уыйас хъæбæрдæр кæны.*

Æмæ ма дзæвгар ис йæ рæбыны Шоуæн ахæм хæзнатæ – уæдæ йын йæхи тыххæй дзæгъæлы загъта Лев Толстой афтæ: «Лæджы зонд цас хъæуы, уымæй фылдæр ис йæ сæры зонд».

Хорз æм дзы «балæвæрдтой» йе 'мбæстæгтæ дæр: «Диссаджы хорз адæймаг: знæгтæ йын нæй, йæ хæлæрттæй та йæ ничи уарзы. Йæ бинойнаг хорз зыдта йæ дзыхыл хæцын – уымæн, æмæ йæм ныхасы бар никуы æрхауд» (Оскар Уайлд).

«Цитатæ кæмæй æрхастæуыд, уый нæ зонут, зæгъгæ, уæд-иу сæ Джордж Бернард Шоуы ныхæстæ схонут!» (Найджел Рис).

Бернард райгуырд Дублины, уæдæ адæмыхаттæй та уыд нæрæмон ирландиаг. Скъолайы фæстæ акуыста клеркæй – уый исты къанторы раст «цуматы лæдзæгау» вæййы… Стæй афтыд Лондонмæ æмæ кърандасæй кусын райдыдта – фыста рецензитæ, уыимæ музыкалон уацмыстыл, йæ ныфс бахаста аивадон литературæмæ дæр.

Æрыгонæй ныффыста цалдæр романы: «Артисты уарзондзинад», «Фæсмойнаг ускуырд», «Зындзард социалист». Фæлæ йын буржуазийы ныхмæ æгæр цæхгæрдзырд кæй уыдысты, уымæ гæсгæ йын сæ æрмæстдæр социалистон рауагъдæдтæ райстой мыхуыр кæнынмæ. Æмæ йæхæдæг дæр бонæй-бонмæ йæхимæ арфдæр исын райдыдта социализмы хъуыдытæ æмæ домæнтæ, пропагандæ кæнын сæ байдыдта сæрмагонд брошюрæтæ æмæ чингуыты фæрцы, сси социалреформистон Фабианон æхсæнады бындурæвæрджытæй иу.

Стыр Октябры революцийы фæстæ уæлдай зындгонддæр фесты «Интеллигентон сылгоймагæн фæндагамонæг социализм æмæ коммунизмыл» æмæ «Политикон иумæйаг бæрæгуат», зæгъгæ, уацтæ. Фаг сæ уыд цыргъзонд бынæттæ, буржуазон æхсæндзарды хъæнты æнауæрдон критикæ, фæлæ дзы алы мæнг ныфсæвæрæнтæ-иллюзитæ дæр чысыл нæй, фабианон реформистон фæзилæнтæ.

Уæдмæ сбæлвырд йæ романты бындурыл Шоуы сфæлдыстадон æрмдзæф – парадоксæй пайда кæнын, – чи æрфидар царды, уыцы идеологон догмæты аиппытæ хурæргом кæныны мадзал æм басгуыхт. Æмæ айдагъ аив литературæйы нæ, фæлæ критикæйы, музыкалон уацмысты фæдыл афæлгæстытæ фысгæйæ, театралон спектакльтыл рецензитæ мыхуырмæ цæттæ кæнгæйæ.

Æмæ куыннæ, кæд æмæ XIX æнусы кæронмæ ‘ввахс англисаг культурæйы стынг сты театры ахадындзинады тыххæй идеологон хæстытæ. Сценæйы хæс у адæмы ирхæфсын, хъæлдзæг кæнын, уæд Бернард та домдта, цæмæй театры сæйрагдæр арæзт-тенденци уа социалон драмæмæ ‘ргомыздæхт. Ацы фарстаты Шоу æххуысагур цыд норвегиаг драматург Генрик Ибсены сфæлдыстадмæ (сæрмагонд уац дæр ныффыста – «Ибсенизмы квинтэссенци».

Йæ пьесæтæ йын сценæйы сæвæрынмæ театртæ айсын кæй нæ куымдтой цензурæмæ гæсгæ, уыйадыл сæ Бернард мыхуырмæ лæ-

вæрдта – ам цензурæ нæ уыд. Æмæ йæм афтæмæй бабирæ сты «Зæрдæмæдзæугæ пьесæты» æмæ «Зæрдæхæссæн пьесæты» циклтæ, стæй та «Пуританты æртæ пьесæйы» цикл: «Дæлимоны ахуырдзау», «Цезарь æмæ Клеопатрæ», «Капитан Брансбаунды сидт». Уæд райгуырд, уæд, «идейæты драмæ», «дискусситæ кæныны» пьесæйы жанр ома. Шоуы æрхъуыды.

Пьесæйы астæуккаг цæджындз, дам, хъуамæ уой ныхмæвæрд идеологиты быцæутæ, æвæрд дзы цæуой æхсæнадон тыхстаг проблемæтæ, адæймаджы мидæфсармы тыххæй фарстатæ, зондахаст-дунембарынады принциптæ-уагæвæрдтæ…

Зынаргъдæр ын драматургæн уыдысты ахæм персонажтæ, æмæ, цард циу, цы ад кæны, æууæнкджын у – нæу, уый уазал зондæй чи ‘мбæрста, йæ зæрдæ фынтæй хъал кæмæн нæ уыд, алы рæсугъд сæнттæ-дзæнгæдатыл чи не ‘ууæндыд, йæ амондыл стох кæнынмæ цæттæтæ. Фæлæ уыдон дæр æдзух фæзминаг, æвæринаг, рæгъмæ хæссинаг сурæттæ нæ уыдысты – се ‘хсæн æмбæлд циниктæ дæр, хивæндтæ, фæлæ уæддæр æууæнчы аккæгтæ, зонд æмæ ‘фсармæй æххæст.

Æмæ цынæ темæтыл уыд дзурæг Шоу, цынæ: мæгуыртыл уырсиуæг кæныны хæрамдзинад, хæлд сылгоймæгты увæры æфсæнттæ, бинонтæ æмæ цоты хъомылад, дин, фыдыбæстæ уарзын – патриот уæвын, тæрхоны лæгты æгъдау æмæ ‘фсарм, закъоны рæстдзинад, юридикон цæстæй йæм кæсгæйæ æмæ а.д. Сидт уымæ дæр, æмæ, дам, тыхбегарайы ныхмæ, тыхтонайы ныхмæ хъуамæ тыхæй архайд цæуа – пьесæтæ «Дон Жуан зындоны», «Джон Булляйы æндæр сакъадах», «Майор Барбара»… Адон систы Шоуы драматургийы, зæгъæн ис, æмæ уæлдæр къæпхæн.

Бинонты цардыл, диныл, дыдзæсгомдзинады тыххæй дæр къорд пьесæйы сфæлдыста. Драмæ «Бланко Поснеты миты хурмæхаст»-ыл æрхæцыд Лев Толстойы цæст, æмæ фиппаинæгтæ скодта авторæн, стæй дзы æппæлгæ дæр ракодта. Уæлдай уарзондæр адæмæн рауад «Пигмалион» – хуымæтæг сыгъдæгзæрдæ чызг Элизæ æмæ ахуыргонд лæг Хиггинсы ‘хсæн ахастдзинæдтыл фыст.

Фыццаг дунеон хæсты фæстæ Шоуы дунембарынады ивддзинæдтæ æрцыд, англисаг империализм ницæмæйуал хуыздæр хуыдта немыцаг милитаризмæй, уыдоны хæстмондаг политикæйæ, зæгъæм, ахæм пьесæйы: «Огестус, йæ хæс æххæстгæнæг». Цæмæй æхсæнады арæзт ивд æрцæуа, уый тыххæй, дам, тыхæй архайын æмбæлы, зæгъгæ, ахæм

хъуыдыйыл та 1917 азы Октябры фæстæ фæхæст фидарæй – ныффыста гротескон фарс «Аннаянскæ, большевикты императрицæ». Йæ пьесæ «Зæрдæхæлдгæнæн хæдзар»-ыл кусгæйæ йæ зæрдыл дардта Антон Чеховы сфæлдыстад, схуыдта йæ «англисаг фантази уырыссаг темæйыл» – цардæй чи хъазы, уыдонмæ, дам, æгъдау æмæ æфсарм нымады нал сты, чи дзы цы мæрддаг у, уый бæрæг сæ нал ис. Æрмæстдæр зæрдиаг фæллой æмæ царды бындурты аивды ис ирвæзæн хос. Йæ ног пенталогийы – фондзхайон уацмыс «Фæстæмæ Мафусаилмæ»-йы та цымыдисаг хъуыдытæ дзуры: адæймаг йæхæдæг у цардхал, алы бæллæхтæй йæ байдзаг кодта, уымæн, æмæ, дам, йæ цард цыбыр у, æмæ йын нæ бантысы хъæугæ зонындзинæдтæ райсын, не сфæлтæры, нæ сарæхсы афойнадыл галиу æмæ рахиз кæрæдзийæ иртасын. Уый дын æцæг «идейæты æмæ дискусситы пьесæ» – быцæутæ сайæг…

1925 азы Бернард Шоу схорзæхджын Нобелы премийæ, йæ пьесæ «Сыгъдæг Иоаннæ» – Жаннæ д'Аркы тыххæй – куы фесгуыхт, уæд. Цалдæр азы фæстæ та драматургимæ раздæхт æмæ театрдзауты дисы æфтыдта ахæм пьесæтæй, куыд «Хорз нæу, фæлæ у рæстдзинад», «Уæрдон фæткъуытимæ», «Милуантæгæс сылгоймаг», карз ныхас загъта фашизмы ныхмæ (пьесæ «Женевæ»).

Йе сфæлдыстады сæйрагдæр рахæцæн уый ис схонæн, æмæ Шоу драмæ царды æцæгдзинадимæ æнгом кæй сбаста. 1931 азы æрбафтыд Советон Цæдисмæ, бæрзонд иста социализмы авналæнтæ, йæ царды фæстаг бонмæ баззад Уæрæсейы хæларæй… Нымад цæуы XX æнусы аивадон литературæйы корифейтæ Ромен Роллан, Максим Горький, Томас æмæ Генрик Маннты æмсæр фыссæгыл…

Æмбисондæн хæссинаг рауад Пигмалионы сурæт иу æнусæй иннæмæ. Уацмысы хъуыддаг та уыд цымыдисаг…

Шоуы хуыздæр, æнтыстджындæр комеди «Пигмалион» рухс федта 1913 азы. Йæ сюжет арæзт у антикон таурæгъмæ гæсгæ: скульптор Пигмалион мармæрæй диссаджы, æмбисонды рæсугъд сылгоймаджы сурæт сфæлдыста æмæ… Æмæ йæ удæгас сылыстæгау бауарзта! Æмæ æнцой нал зыдта. Йæ тæригъæдмæ кæсын, йæ табутæм ын хъусын куы нал быхсыдта уарзондзинады чызг-бардуаг Афродитæ, уæд дурын сурæты мидæг уд бауагъта, æмæ дзы уæд удмидæг, æгас сылгоймаг рауад – Галатея. Пигмалион æй ракуырдта…

Уый та дын аивады тæмæссаг тыхы кæлæнтæ!..

Оскар Уайльд, æххæстæй та – **Оскар Фингал О ‘Флаэрти Уилс** (1854–1900).

Хорз поэт, хорз прозаик, хорз драматург æмæ сгуыхт дывæлдах цыргъзонд-парадоксты автор, стæй…

Стæй æнамæндтæм хауæг адæймаг (Шекспиры загъдау: «Хуыздæр лæгтæн сæ амонд-хъысмæт æвзæрдæр рауайы…).

Йæ фыд – цæстыты хъуыстгонд дохтыр, йæ мад – фыссæг. Йæ райгуырæн горæты колледж куы фæцис, уæд та йæ ахуыр кæронмæ адарддæр кодта Оксфорды университеты. Студент ма уыд, афтæмæй фыста æмдзæвгæтæ. Йæ сæйрагдæр нысан схуыдта æрвылбоны цардмæ рæсугъддзинад хæссын, дæ гуыбын æмæ рагъы мæт дæлдæр æвæргæйæ.



**Оскар Уайльд**

Æрыгонæй фæстæмæ дæр цæхгæрмæгуырдау цæхгæрдзырд рахаста æмæ бухъхъ цардæй цæрджыты сæрзилæджджын кодта, размæцыд фæсивæдæн та сæ зæрдæмæ æнцонæй ардта фæндаг. Афтыд Америкæйы Иугонд Штаттæм, горæттыл зылд, эстетикæйæ сын лекцитæ кæсгæйæ. Шоуимæ иумæ сæ къухтæ петицийы бынмæ бавæрдтой ахæм курдиатимæ, цæмæй, мæлæты тæрхон цы чикагойаг анархисттæн рахастæуыд, уыдонæн хатыргонд æрцæуой…

Уалынджы йын йæхи, æхсæнадон æфсарм æмæ, дам, æгъдау халæг дæ, зæгъгæ, дыууæ азы æмгъуыдмæ ахæстоны бамидæг кодтой. Куы ссæрибар, уæд Парижы æрцард. Йæ миддуне куыд ивта удхар кæнгæйæ, уый тыххæй поэмæ ныффыста – «Редингскы ахæстоны балладæ» (1898). Æхсæндзарды хуызтæй йæм, иннæтимæ абаргæйæ, хуыздæр каст социализм – уæд, дам, хуыздæр фадæттæ уыдзæн лæджы рæзтæн, цард аивдæр кæнынæн.

Фыссын райдыдта лирикæйæ дзаг аргъæуттæ æмæ прозаикон æмдзæвгæтæ, цымыдисаг новеллæтæ – худгæбылæй æлхыскъгæнджытæ. Фæлæ прозæйы йе ‘ппæты уæлдæр уацмыс у роман «Дориан Грейы портрет». XIX æнусы раст интеллектуалон уацмысты сæйрагдæр сгуыхт. Суанг ма йыл нæ рæстæджы дæр быцæуаг ныхæстæ не ‘нцайынц. Ссаринаг æмæ бакæсинаг у алы ног фæлтæрæн дæр. Уæдæ

йæ пьесæ «Куыд ахсджиаг у хиуылхæст уæвын» та нымад у англисаг драматургийы æнтыстджындæр комедийыл.

Зæрдыл æрлæууынц Александр Грибоедовы ныхæстæ, зæгъгæ, фыдæхтауæг æвзæгтæ дамбацайæ тæссагдæр сты: дам-думты азарæй Оскарыл бынтондæр хæлд нæлгоймаджы ном бæхбадт фæцис – мыхуыр æй нал кодтой, йæ пьесæтæ йын театртæ сценæйы нал æвæрдтой. Уæд æй ногæй та фæмидæг чындæуыд ахæстоны дæр.

Йе 'ввахс хæлæрттæ ма йыл æнувыд уыдысты æрмæст, афтæмæй рухс дунейæ ахицæн Парижы. Фæлæ англисаг литературæйæн та Оскар Уайльды номимæ байуарæн нæй – уый туг бауагъта æрдæгмард театры, сфæлдыста ног хуызы роман, фæуæрæхдæр кодта критикæйы авналæнтæ æмæ, сфæлдыстадон кусæг хæдбар цæмæй уа, ууыл фæтк ныффидар кодта.

Æгæр бирæ дæр ма ныууагъта йæ фæстæ парадоксалон, цыргъ зондæй иттæг рæвдзгонд ныхæстæ, гъемæ дзы налхъуыт-налмасдæрау, махмæ гæсгæ, кæцытæ сты, суанг ма уыдонæй дæр се 'взаргæдæрты ранымайæм…

*Дæхи æрдзон хуызы дарын зын у – уымæн дæргъвæтин рæстæг нæ бабыхсдзынæ.*

* * *

*Дун-дуне театр у æнæмæнг, æрмæст актерты труппæ та сæ хæрзтæй нæу.*

* * *

*Нæлгоймагæй богъолидæр нæй. Иу фадат-æууæл ма баззад сылгоймæгтæн: куыд хуыздæр гæнæн ис, афтæ сын сæ гуыбын дау.*

* * *

*Цы 'хсызгон вæййы лæгæн, кæм дæм æнхъæлмæ кæсынц, уырдæм куынæ фæзыныс, уæд.*

* * *

*Хуыцау, адæймаджы фæлдисгæйæ, æгæр бауæндыд Йæхиуыл.*

* * *

*Рæстдзинад куы зæгъай, уæддæр дæ иуахæмы карзæй азимаг фæкæндзысты.*

* * *

*Мæхицæй фалæмæ ма лæг зæрдиагæй кæимæ аныхæстæ кæна, уый нæй.*

(Ам Владимир Путины хъаст æрбаймысыдтæн: «Махатмæ Ганди дæр амардис, æмæ ма лæг кæимæ аныхæстæ кæна, уый нал ис…»).

* * *

*Фыр мæстджынæй мæ ницыуал фæхъæуы нозт æмæ хæрдæй фæстæмæ.*

* * *

*Бахатыр кæн, нал дæ базыдтон – тынг аивтон æз, тынг!*

* * *

*Кусынæй уæлдай бирæтæ, сæхи цы фæкæной, уый нæ зонынц.*

* * *

*Цы ма бакæна лæг ныры фæсивæд лæппутæн: чызджы ахуырст дзыккутæ сæ цæсты кадджын не сты.*

* * *

*Æз мур дæр æлгъин нæ дæн: мæнæн мæ фаг у, æппæтæй хуыздæр цы у, уый дæр.*

* * *

*Цæмæй фæстæмæ ферыгон уон, уый охыл æз разы дæн алцы кæнынил дæр, æцæг, райсомæй раджы не стдзынæн, гимнастикæ мæ рох уыдзæн, стæй æхсæнадæн пайдайаг никæцырдыгæй уыдзынæн.*

* * *

*Тамако кæй дымут, уымæй раппæлинаг стут: хъуамæ алы нæлгоймаг дæр исты хъуыддагыл хæст уа! Æндæр уæдæ Лондоны магусатæн ныккæнæн дæр нæй.*

* * *

*Æппынæдзух дæр уымæй тæрсын, æмæ мæ рæстæрдæм куы бамбæрстæуа.*

* * *

*Æз ын йæ боныхъæд йеддæмæ ницы аивин Англисæн.*

* * *

*Æнæ Хуыцау адæймаджы дæр тынг фæнды ахæм истæуыл æууæндын.*

* * *

*Мацы архай – уымæй дзы уæззаудæр куыст нæй.*

* * *

*Хъуыды кæд ницæмæй тæссаг у, уæд уый хъуыды нæу.*

* * *

*Макуы æууæндут, йе 'цæг карыл чи басæтты, уыцы сылгоймагыл: ахæм æргомдзырды бон цыфæнды бакæнын дæр у.*

* * *

*Амондджынæй зæрдæхæлар вæййы лæг, фæлæ зæрдæхæларæй та амондджын æдзух нæ вæййы.*

* * *

*Иунæг хæс æвæрд ныл ис историйы раз: иудадзыг дæр æй ногæй-ногмæ ивын æмæ фыссын.*

* * *

*Хуыцау нæ бафхæрыны фæнды куы бацæуы, уæд нын нæ лæгъстæтæм Йæ хъус æрдары.*

* * *

*Цард цыбыр у, аивады æгасадæн та кæрон нæй.*

Уайльды æмдзæвгæтæй иу уæддæр æрхæссæм…

**Священная жажда свободы**
*Прекрасны идеалы демократий,*
*Когда подобен каждый Королю, –*

*Но я определенно не люблю*
*Разгула нынешних крикливых братий;*

*Монарх достоин менее проклятий,*
*Чем гнусных демагогов болтовня, –*
*Анархией Свободу подменя,*
*Они уже готовят нас к расплате;*
*Мне мерзостно, когда над баррикадой*
*Возносится позорный красный флаг,*
*И хамство правит: под его громадой*
*Дух гибнет, Честь мертва, молчат Камены, –*
*И слышен лишь Убийства да Измены*
*Кровавый и неторопливый шаг.*

Æмæ ма фæстаг аккорд:

*Змей страсти в юности мне грудь сосал,*
*И все ж душа преграды все спалила...*
*Я, глянув Красотке в лицо, познал*
*Любовь, что движет Солнце и светила.*

Цыфæнды æмæ куыдфæнды куы фæуа, бæрзæнды бæрцбарæнæн хæхтæ куы райсæм, уæддæр дзы амæй-ай бæрзæнддæртæй иуæн æнæ уæлдæр уæвæн нæй – Кавказы, стæй æнæхъæн Европæйы хæхты сæрты Менги-Тау-Ошхамахо-Эльбрус куыд кæсы, дунейы арвræхойæг цъуппыты сæрты та бæстæтыл куыд фæлгæсы Джомолунгмæ-Эверест, раст тæккæ афтæ. О, фæлæ…

О, фæлæ литературæйы мидæг хъуыддаг уыйау бæлвырд нæ вæййы, Къоста æнæбыцæуаг Къоста куыд у, Пушкин иннæ ахæм, кæнæ Шота Руставели. Гъемæ дын иукæддæр Гетейы куы бафæрстæуаид, дæуæй Гейнейæ уæлдæр чи лæууы, зæгъгæ. Æмæ уæд уый ахæм дзуапп радта, нæ дыууæ дæр уын кæй стæм, немыц, ууыл, дам, цин кæнут…

*Уыдзæн ма*

*МАМИАТЫ Изетæ*

# ГЕРОИКОН СГУЫХТ ÆМÆ НАМЫС

*Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæ 1956–1960-æм азты поэзийы*

*Уац*

## «МÆ ФЫДЫЗÆХХÆЙ ИУ ЦАРД ДАРДТОН...»

1950–1960-æм азты ирон поэзийы егъау бынат ахсы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæ. Уæлдай ахсджиаг у хистæр кары фысджытæ-фронтовикты уацмысты. Уæды онг нæ адæмы рæстаг тохы поэтикон историйы цы ахадгæ рæнхъытæ бафыстой, уыдоны æдде йæм хастой ног фæзилæнтæ, иртæстой, нырмæ тобæйаг чи уыди, рæстдзинады уыцы сусæг тигътæ. Уыдонæй иу уыди «Нал сыздæхт»-ы темæ.

Джусойты Нафийы лирикон герой сиды, ныр фынддæс азы фæсарæйнаг чи сси, уыцы салдатмæ, æрцу дæ фыды уæзæгмæ, зæгъгæ («Æрыздæх», 1957). Афтæ банхъæлæн ис, цыма, салдатыл цы æрцыдис, цæй æфсонæй æнæздæхгæ у, боныфæстагмæ, удæгас у æви нал, уый дзурæг йæхæдæг дæр æххæстæй нæ зоны, уæддæр ын уайдзæф кæны:

*Нæ зæронд мад, кæугæ, куы цыд дæ фæстæ,*
*Дæ сау мастæй йæ рыст зæрдæ куы срæсыд!..*

Фæлæ йын дарддæр цы ныфсытæ æвæры, уыдонæй базонæм, салдат хæсты рæстæг кæй бахауди уацары. Цас æмæ цы хуызы аххосджын уыди уыцы хъуыддаджы, уый бынтон бæлвырд нæу. Бæлвырд дзы цы у, уый – уацары бахауджытæм ныр культы дуджы карз ахаст кæй раивта:

*Цыфæнды фод, фыдгæнæг ды нæ уыдтæ,*
*Æрмæст фыдран нæ бахызтай фыдызæхх,*
*Фæлæ уæддæр ныббарста уый йæ фыртæн,*
*Æрыздæх æм, æрыздæх!*

Уацары трагеди æвдыст цæуы салдаты бинонты уавæрæй: мысынц æй, æнхъæлмæ йæм кæсынц зæрдæрыстæй:

*Ам рох нæ дæ: нæ дæлбазыр нырма дæр –*
*Æнæ хицауæй, сидзæрæй – дæ цæвæг.*
*Афтид вæййы нæ фынджы цур дæ бадæн, –*
*Мыййаг, уæд та нæ дард бæлццон фæцæуæг.*

Уæлдай æфхæрдхуызæй уынæм бинонты хистæры. Стыр маст ын хæссы, ирон лæджы фырт йæ фыды уæзæгæй кæй фæхауæггаг и, уый («мæ сæфт хъæбул æцæгæлæттæм джиуы...»). Зæронды æнæбондзинад ирдæй разыны, æнæхъуаджы æфхæрд цы бæлас баййæфта, уыимæ абарстæй:

*Зæронд лæгæн фæрæтдзæф назы чъиуау*
*Йæ зачъетыл æрцæйхъуызы йæ цæссыг.*

Æмдзæвгæ фæуд кæны фæдисхъæрæмхæццæ зæрдæбын лæгъстæйæ. Лирикон субъекты фæнды йе ‘рвады зæрдыл æрæфтауын фыдæлты фарн, уый тыххæй йæм дзуры райгуырæн зæхх æмæ æрдзы номæй:

*Кæм дæ уæдæ? Хъæр мæрдтæм дæр ныхъхъуысы,*
*Дæумæ та сиды де схæссæг фыдызæхх:*
*Кæд ма лæг дæ, кæд ма нæ хæхты мысыс,*
*Уæд сæм рæхджы æрыздæх!*

Гъе ахæм хуызы райхæлы Нафимæ культы аххосæгтимæ баст хæсты темæйы иу поэтикон фездæхæн. Сæйраг дзы систы тохы быдыры нывтæ нæ, фæлæ, кæронмæ чи не сбæлвырд ис, лирикон геройы уыцы хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ.

Дзугаты Георгийы æмдзæвгæ «Удисæг салдат» амад у фольклорон традицийыл: цæф хæстон дзуры йæ мадимæ, кæны йын йæ тохы хабæрттæ. Хъайтары ныхас у поэтикон æнкъарæнты къуыбар, дзаг у хæсты конкретикæйæ, ис дзы мæлæг уды утæхсæн, йе ‘нæрцæугæ «тæхудыты» тыхджын улæфт:

*О гыцци, мæнæ æцæгæлон зæххыл*
*Сонтæй фæхуыссы мæ зынг.*
*Ахызт мæ риуы раст боны фæцъæхтыл*
*Судзгæ гермайнаг нæмыг.*

Тугæй ныхгæдта ирон салдаты «зардамон хъæлæс», иунæг хуыпп ын дон чи авæра, ахæм нæй йæ цуры. Адзалы дзæмбытæй йæ цы ратонид, уый – мады рæвдыд, удыхосау ын бæргæ фæцадаид:

*Гъей, джиди, иу мур дæ зæрдæйы хъармæй,*
*Наулæд дæ цæсты æнгас.*
*Йе мын куы ’рсæрфис мæ цæф риу дæ армæй, –*
*Фестид мæ хъæдгом æгас...*

Салдат тохы быдыры фæстаг нæ уыди, уæддæр æй тыхсын кæны, ныййарæджы лæггæдтæ æмæ фыдыбæсты хæрзтæ йын иууыл бафидын кæй нæ бантысти, уый. Хæстон лæг йæ бон базыдта цардæй æмæ йæхиуыл нал сагъæс кæны, ныр йæ мæт у ныййарæг мад: куры дзы, цæмæй йæхи æгæр ма бафхæра. Йæ хъæбулы хабар æм цы «сау гæххæтт» фæхæсдзæни, уый барст цæуы сау сынтимæ – фыдуацы символимæ ирон мифологийы. Поэт æй «фæцардхуыз» кодта иу чысыл æрхаххæй («абаддзæн *не ’фснайд кæрты*»). Уый у, «дзурæг деталь» кæй хонынц, ахæм – хæдзары æфсин куыстуарзон æмæ сыгъдæгуарзаг кæй у, канд уымæ нæ амоны, фæлæ ма цæстыл ауайын кæны дарддæры ныхвты мæстаг динамикæ: уыцы æфснайд кæрт мæрддзыгой адæмæй куыд айдзаг уыдзæни, ныййарæг æмæ хиуæтты судзгæ маройæ къæдзæх куыд хæлдзæни... Реалон мидис бацæуы хилæгимæ ассоциацийы дæр: мады зæрдæ зонаг у, хæстон фыстæг систа ризгæ къухæй, æмæ йæ армы «калмау тæлфы».

Лирикон геройы фæлмæн удысконд, йæ лæгуарзондзинад æмæ ирон æфсарм æххæстæй райхæлынц финалон рæнхъыты. Цыма, йæ зæгъинæгтæ йын, мыййаг, мæлæт кæронмæ дзурын куынæ бауадза, уымæй тарсти – иу хъуыды æнæсцухæй иннæйы ивта; ныр æмдзæвгæйы ритмарæзты фæзындис интонацион паузæ; ныхасы темп фæсабыр и – фырт æфсæрмдзæстыг æмæ къæзгæйæ сæргом кодта йæ фæстаг ныстуан:

*Табу дæ фарнæн...*
*Нæ куырдуаты кæстæр...*
*Хо дзы æнустæм зæгъын,*
*Амæндты хуыздæр йæ хай!..*

Æгъдау ирон лæппуйы мæлæты къæсæрыл дæр не суагъта уарзон чызджы ном сдзурын, фæлæ бынтон йæ кой ма скæна, уымæн дæр гæнæн нæй: се ’хсæн цы дзырд и, уымæй йæ хъуамæ суæгъд кæна – «амæндты хуыздæр йæ хай!..»

Хæсты темæйы ног оригиналон фæзилæн фæнысан кодта Гафез

æмдзæвгæ «Райгуырæн бæстæ»-йы (1963). Салдат Райгуырæн бæстæйæн æнувыдæй хъары йæ уарзт, дзуры, хæсты быдыры цыппар азы кæй уыди йæ хъахъхъæнæг, йæ фæдисон. Фæлæ фæстаг тохы фæмард æмæ ныгæд дæр æрцыди Германы зæххыл. Уæлахизы бон. Уый нæу фæсмойнаг («Æххæст – мæ фæнд, мæ хæстæ»). Æрмæст ын æнцой нæ дæтты, йæ фыдызæххæй кæй адард ис, уый:

*Уæвгæй дæр мын куыд зын уыд, куыд,*
*Æцæгæлон бæстæйы!*
*Йæ уæлдæф хус, æнæуд уыд,*
*Йæ сыджыт та хъæстæ уыд.*

Фæлæ йын скульптор сарæзта йæ сурæт, æмæ салдат дурнывы æрыздæхти йæ райгуырæн уæзæгмæ. Райгæйæ салам дæтты Ирыстонæн, йæ «дыккаг цард» дæр цæттæ у уый сæрвæлтау æрхæссынмæ:

*– Æгас цæуай,*
*Мæ фыдызæхх!*
*Дæуæй æз иу цард дардтон...*
*Кæд дæ фæнды,*
*Уæд та мын зæгъ, –*
*Дыккаг хатт дын æй раттон.*

Лирикон геройы патриотизм – удæгасæй æмæ йæ фæсмæлæт – ирддæрæй зыны, Гафез нын фыдæлты фæтк нæ зæрдыл кæй æрæфтын кодта, уымæй: ирон лæджы мардæн нæй уадзæн æцæгæлон зæххыл.

Хæсты æмæ йæ фæстæ азты литературæ стыр разæнгардæй йе ‘ргом аздæхта адæмон сфæлдыстады традицитæм. Уый уымæн, æмæ фольклорон идеалтæ æмзæл разындысты ныры патриотон сгуыхтытæ æмæ æхсарджын мæлæтимæ, æнцонæй фæндаг ардтой адæмы зæрдæтæм, сæ фæдыл сайдтой тыхджын æнкъарæнтæ.

Ахæм хъомысджын сси ирон поэзийы хъайтарон зарæджы иу æууæл: *удисæг кæнæ мард адæймаджы ныхас йæ ныййарæг мадимæ.* Æмбæлæм ыл Дзугаты Георгийы сфæлдыстады («Удисæг салдат»). Гафезы мард салдатæн мады бынаты ис Райгуырæн бæстæ (кæс поэты æмнон æмдзæвгæ). Асаты Реуазы лирикон геройы ныхас та («Козаты Шаликъо», 1965) комкоммæ арæзт у дыууæ ныййарæгмæ – райгуырæн Ирыстон æмæ саударæг Дзыццамæ. Хъорнисаг лæппу, 646-æм авиацион полчъы тæхæг-штурмовик Козаты Шаликъо, фыццаг хатт фес-

гуыхти 1942 азы фæстаг бонтæй иуы, Острогожскы æфсæнвæндаджы станцæйыл бомбæтæ куы æркалдта æмæ знаджы нæмгуыты ихуардæй йæ арæхсты фæрцы æнæ исты зианæй куы аирвæзти, уæд. Йæ лæгдзинады тыххæй райста Фыдыбæстон хæсты 1-аг къæпхæны орден. Уымæй мæй дæр нæма рацыди, афтæ та зын уавæрты сæххæст кодта æфсæддон бардзырд, фæлæ фæстæмæ фæндагыл йæ хæдтæхæг зенитон æхсты бахаудис, мотор ссыгъди, йæхи къæхтæ дæр ын нæмыг ныппырх кодта. Арты æвзæгтæ кабинæмæ бахæццæ сты, йæ комбинезон ссыгъди, афтæмæй уæддæр Козайы-фырт цыдæр амæлттæй хæдтæхæг зæххыл æрбадын кодта. Алырдыгæй йæм тындзыдтой немыцæгтæ. Козайы-фырт йæ штурманæн бардзырд радта, цæмæй, цы хæстон хъусынгæнинаг сæм уыди, уый бынатмæ фæхæццæ кæна. Шаликъо йæхæдæг уæззау цæфтæ кæй фæци, уымæ гæсгæ йын лидзæн нæ уыди. Йæ гилдзытæ знæгтыл бахардз кодта, фæстаг, æвдæм, суагъта йæхиуыл. Козаты Шаликъойы ном цæрæнбонтæм фыст æрцыди, цы полчъы хæцыди, уый номхыгъды.

Асайы-фырты уацмысы æппæт ацы сгуыхтыты кой не ссардзыстæм, æмæ уым диссагæй ницы ис – хабæрттæ дзурæг Козаты Шаликъо йæхæдæг у. «Æз мæ сырх тугæй ныффыстон / Иу зынгхуыст лæппуйы зарæг», – зæгъы райдианы. Уый йæхи кой кæны, фæлæ куыд æмæ цыгæнæг уыди, уый æвдыстæуы, адæмон сфæлдыстадæн æрдзон чи у, ахæм иумæйаггонд формулæтæ æмæ фæлгонцтæй («Судзгæ стъалыйау æрхаудтæн»; «Æз мæ Райгуырæн, мæ бæстæн / Радтон карз тохы мæ зæрдæ!» æ.а.д.). Æмдзæвгæйы эмоцион хъару рæзы мард хæстоны зæрдæбын ныхасæй, йæ хъуыдытæ æмæ сагъæсты ранывæстæй. Хъусæм дзы уайдзæф мæлæтæн, æдзардæй йæ рухс дунейæ кæй атыдта, уый фæдыл, фæлæ дзы ис, уавæр цы у, афтæмæй йæ райсыны лæгдзинад дæр («Фæлæ хæст хæст у, – йæ хъуыддаг / У цæгъдын æмæ лæг марын»); ис дзы ныййарæг мадмæ аудæн-сидт, цæмæй хъысмæты цæфæн бабыхса («...зæрдæйы хъæдгæмттæн / Нал ис хосгæнæн цæссыгтæй»). Мард хъайтарыл фидауы, удæгасæй йын хиуылæрвæссонмæ кæй айстаиккам, уыцы хъуыды дæр: йæ кады мæлæт зарæджы аккаг кæй у – уæлдайдæр ын йæ нысан куыд æмбарын кæны, афтæмæй: уый фæрцы рæвдздæр байгас уыдзæни ныййарæджы зæрдæйы хъæдгом («Зарæг айсафдзæн дæ хъыгтæ»).

Æмдзæвгæйы иумæйаг фольклорон-таурæгъон здæхты сæрмæ

арвæрдынау кæронбæттæны стыбар-тыбур кодта индивидуалон-поэтикон фæзилæн: реалон топонимты скойæ зæрдæ тынгдæр агайынц æдзард лæппуйы мæнгæфсон ныфсытæ йæ мадæн, йæ хиуылхæцгæ рæвдауæн ныхас æмæ йе ‘нæбары хъынцъым:

*О гыцци, нырæй фæстæмæ*
*Мауал кæс мæнмæ æнхъæлмæ.*
*Зон, дæ сау лæппу фæстæмæ*
*Нал æрыздæхдзæн сæ хъæумæ.*

*Æз Чъребайы лæгъз уынгты*
*Нал æрзылдтытæ кæндзынæн.*
*Уæгъды мауал кал цæссыгтæ, –*
*Дзыцца, фынты дæм цæудзынæн.*

*Æмæ Хъорнисы мæсгуытыл*
*Уадау зилахар кæндзынæн.*
*Ды уындзынæ уым дæ фырты, –*
*Æз дæм рухс арвæй кæсдзынæн.*

Мард адæймаджы уд æрдзы алы хуызты удæгæсты сæрмæ – уыцы фæлгонц дæр фольклорæй цæуы. Цæрукъаты Алыксандр дзы спайда кодта, хæсты быдыры цæрынхъуагæй чи баззади, йæ уыцы хорз æмгары ном мысгæйæ («Фæстаг хъуыды», 1957). Æмдзæвгæ кæрæй-кæронмæ у, ирон поэзийы скаст кæй хуыдтой, Калоты уыцы Хазбийы монолог адзалы къæсæрыл. Автор зонгæ-зонын цæуы курдиатджын поэтæн йæхи «Фæстаг салам»-ы нывæфтыд хаххыл. Уый канд сæргæндты æнгæсдзинадæй нæу бæрæг. Алыксандры лирикон герой йæ «хуры хайы» ном дæр хуымæтæджы нæ баауон кодта:

*Мæ хуры хай... дæ ном нæ дзурын бæрæй...*
*Кæддæр уыдтæ мæ сонт митæм фыдæхау.*
*Кæд мын сæ ныр, фæстаджы бон, ныббарай, –*
*Мæ уд дæм хъуамæ базыртыл фæтæха.*

*Æхсæв дын-иу ныххойдзынæн дæ рудзынг,*
*Сæумæ дын хъæздзынæн дæ сау дзыккутæй.*
*Мæ цæсты сыг-иу нæугæрдæгыл судздзæн,*
*Æрттивдзæнис-иу дон мæ мидбылхудтæй.*

Уарзон чызгыл аудыны, цин ын хæссыны мотив дарддæр рахизы æндæр хуызы цæстылуайæнтæм: мыййаг дæм, зæгъы, æрдæгмæй изæрон арвыл мæ къæдз æхсаргарды састау куы фæкæса æмæ дæ цæстыл куы ауайон, «мæ туджы ахст фæзгъæртыл дзагъырдзастæй» хуысгæйæ, уæд мыл-иу фæхъыг кæн:

*Дæ мидхъуыдыты-иу дæ сæр æркъул кæн,*
*Æрхæц-иу мын мæ цæстытыл дæ хъыджы.*
*Æрæппар мыл дæ бæзджын сау дзыккутæ*
*Æмæ-иу сæ æрæхс дæ цæсты сыджы.*

Дзуццаты Х.-М. ацы рæнхъыты тыххæй фыста: «Цæрукъайы-фырт хорз æрцахста Хазбийæн йæхи поэзийы фæдисон-драматикон интонаци, йæ фæлгонцты экспресси. Уый у поэтикон фæлтæрты алы минæвæртты хицондзинад: иу дзы иннæйы бæсты зæгъдзæн йæ ныхас, равдисдзæн ын йæ ахаст иу кæнæ иннæ фæзындмæ...» Æцæг, дызæрдыггаг нæу æмдзæвгæйы хæдбындур фæлгонцад, тугамæстæй дзы зыны хæсты æцæг цæсгом. Гъе, фæлæ райдайæн рæнхъыты натурализм æмæ, лирикон герой чызгæн йæ мидхъуыдыты цы нывтæ ныббаста, уыдон Хазбийы поэтикон темперамент æмæ романтикон уынынадæн æцæгæлон цыма сты, афтæмæй ныхас та уый номæй цæуы. Хазби йæ цæргæйæ, цыфæнды зын раны-иу куы уыдис, уæддæр йæ уарзонæй куырдта, фæхуда йæм, фæндырæй йын ацæгъда.

Лирикон геройы нystуантыл амад у Харебаты Леониды «Хæстоны фæдзæхст» дæр. Автор, адæмон традици фæзмгæйæ, йæ персонажæн ныббаста цауты разуынд. Афтæмæй тыхджындæр кæны, уæгъды йæм чи æнхъæлмæ кæсы, йæ фырты мæтæй чи «баруад, ныххус», уыцы ныййарæджы трагеди. Хæст куы фæуа æмæ нæхимæ куы сыздæхай, фæдзæхсы мард хæстон йæ хæларæн, уæд дæм мæ нана фæндаджы был æнхъæлмæ кæсдзæни. Дардмæ дæ куы фена, уæд «мæ фырт у», зæгъгæ, фенхъæлдзæни. Барæвдау-иу æй. «Цы фæцис мæ иунæг?» – фæрсдзæни дæ.

*Дæ дзырдтæй йын бауадз йæ зæрдæмæ рухс <...>*
*«Æрцæуы дæ иунæг», æдзух ын-иу дзур*
*Æмæ йын йæ сагъæс ды афтæмæй сур...*

Ацы «уаз мæнгдзинад» у æмдзæвгæйы ахсджиаг хай, фæлæ уыыл нæ фæуд кæны. Ирон хæстон поэзийы фылдæрхатт куыд у, афтæ ам

дæр мады фарсмæ уынæм уарзон чызджы сурæт. Уымæ цыбыр ныстуан у мæлынæн æвгъау гуырды удыхъæды кæронбæттæн ирд æрхахх.

*Æрмæст-иу æвгъуыссæг кæй тыххæй фæдæн,*
*Гъе уыцы рæсугъдæн зæгъдзынæ, мæ бон:*
*Æрвыста ма, дам дын фæстаджы хæрзбон,*
*Дæ амонд, зæгъ, хорз!..*

Чи нал ис, уыцы хæстоны монолоджы æмрæнхъ амынд азты ирон поэзийы рапарахат ис йемæ ныхасы традици.

Дзугаты Георги йæ иу æмдзæвгæйы («Дæ кадгой», 1959) ары Æхсараты Енверы ном. Советон Цæдисы хъæбатыры фæлгонц ныв кæнгæйæ, йе 'ргом аздæхта фольклорон поэтикæйы фæрæзтæм. Патетикон хъæлæсы уагæй дзуры, Ирыстон йæ сахъ хъæбулæй куыд буц у, ууыл: йæ кад «Нæ урс хæхты акодта сагвæдау, / Нæ сæрмæ ыстахти цæргæсау». Тохы быдыры дæр æй æвдисы тæхгæ бæхыл, йæ къухы фæринк æрттивы, æмæ дзы знаджы фæкæны «цъæх фæнык». Енвер хъæбатырæй фæмард и Харьковы цур тугкалæн хæсты, нығæд дæр уым æрцыди. Риторикон фæрстыты нысан у хъайтары биографийы уыцы цауты ской:

*Уæд ма зæгъ, дæхæдæг кæм баззадтæ,*
*Дæ Ир дæ æдзухæй куы мысы.*
*Æви дæ Украины атагъатæ*
*Ныккодтой сæ фæлмæн хъæбысы?..*

Метафорон фæлгонц «*мард – фынæй*»-ы æххуысæй поэт æвдисы, ирон лæг йæ цард цы зæххы сæраппонд рауæлдай кодта, уый йæ хъæбулау кæй айста йæхимæ; иннæмæй та дзы эпикон бæгъатыры сурæт кæны ирддæр, йæ æнæмæлæтыл ын дзуры:

*Æви хæствæлладæй дæ тарф фынæй,*
*Дæ улæфтæй быдыр нызмæлы.*

Джусойты Нафийы «Хæрзбон»-ы (1957) адресат дæр сбæлвырд вæййы йæ фыццаг рæнхъæй – «Мæ хæсты мард æфсымæр!» Автор-лирикон герой мысы йæ зынгхуыст æмгары, æмæ йæм уый дæр фыныгъдауæй æрцæуы. Ныхас сын бацайдагъ вæййы. Ома дзургæ æрмæст сæ иу кæны, фæлæ ахæм хуызы, цыма дзуапп дæтты «ныгуылды бæстæй» бæлццоны фæрстытæн. Ацы нывæфтыд мадзал уацмысмæ

хæссы сæрмагонд, хъарм уддзæф. Поэты зæрдæ риссы æвзонг лæппуйы «мард» фæндиæгтæй:

*Æмæ фæфæрсыс мæн:*
*Нæ цард,*
*Нæ куыст,*
*Нæ фæндтæй.*
*Куы стихты кой æрæфтауыс æнкъардæй –*
*Сæ ныффыссын нæ бантысти дæуæн!..*

Æрхæндæг æмæ хæдæфсарм сты йæ дзуаппытæ, уæлион царды фæткæй йæ куы фарстæуы, уæд:

*Цы дын зæгъон, мæ мард æфсымæр, цæй?*
*Цæрæм,*
*Хъыг æмæ цинæй*
*Никуы вæййæм цух.*
*Рæстаг лæгыл цы фидауы зæххыл,*
*Гъе уымæй мах дæр аразæм нæ цард.*

Сæ фембæлды уавæр хъуыды сайы Нарты кадджытæм, бæлвырд рæстæгмæ-иу исты æфсонæй Мæрдты бæстæй кæй рауагътой, уыцы æвзонг хъайтартæм. Ам дæр, хæстæй чи нал сыздæхти, уымæн йæ балцы æмгъуыд у хуры скастмæ. «Фæрдыг кæны ныр райсомы æртæх», æмæ рæхджы атайдзæнис æхсæвы фын… Поэт-лирикон геройы æнкъарæнтæ цæстуынгæдæр кæнынц фæйнæхуызон эпитетты æнгæс зæлынадæй, хæрзбоны фæлхатæй:

*Хæрзбон!*
*Мæ хæстымард,*
*Мæ хæсгæмард æфсымæр,*
*Хæрзбон, хæрзбон!*

Ногсæвзæрд традицийы ссадвæдыл цæуы Тедеты Ефим дæр («Ме ‘фсымæрæн»). Поэт фæлмæн уайдзæф кæны, «æнæмæнг ма фембæлдзыстæм»-ы дзырдæй хæстмæ чи фæраст и, уыцы æфсымæрæн:

*Уæд нæ, нæ ныфс, цæмæн ныууагътай рохы?*
*Дæ бæсты нæм дæ сау гæххæтт куы ‘рцыд.*

Нымайы йын: йæ зæронд мад зæрдæдзæфау фæци, нæ хъыг кодта æрмæст йæ чысыл фырт, зарыди йæхицæн:

*Цæмæй æмбæрста, сидзæры ном уымæн*
*Кæй ныффыста дæ сырх тугæй фыдхæст.*

Хъынцъым кæны, æфсымæр кæм ныгæд ис, уый кæй нæ зоны, йе стыр маст фергом вæййы æлгъыстæнгæс дзырдбастæй («кæм дурты бын фæдæ»). Хуымæтæг, конкретон-цæстуынгæ нывтæй æвдисы хæсты азар баййафæг ирон бинонты уавæр.

Гаджиты Георгийы æмдзæвгæйы («Де 'мбæлттæ дæ урс бæрзы бын бавæрдтой..., 1956) салдат зæххон хъуыддæгтæн ницыуал зоны, æмæ йын лирикон герой нымайы, йæ сау хабар куы сыхъуысти, уæды цаутæ, уарзон чызджы катай:

*Де 'мбæлттæ дæ урс бæрзы бын бавæрдтой,*
*Писыртæ ныййарæгмæ ныффыстой,*
*Уарзонæн цыдæр зæрдæтæ бавæрдтой,*
*Фæлæ уый цы феххуыс ис йæ рыстæн?!*

Чызг тыхсы хæстæджыты уайдзæфтæй, мауал æм бад, дæ царды кой бакæ, зæгъгæ. О, фæлæ сæм куыд байхъуса, кæд æмæ уарзоны сурæт æнæсцухæй цæстытыл уайы, афтæ йæм кæсы, цыма кусгæ-кусын вæййы йæ фарсмæ, мысы, куыд-иу зарыди хъазты... Хуымæтæг, фæстауæрцджын дзырдтæй афыста автор æнамонд уарзты истори æмæ йæ фæуы, зæрдæйы иннæрдæм чи хизы, ахæм «ехх»-æй:

*Ехх, салдат, дæ ингæны дуар фидар у,*
*Уый йеддæмæ сау мæры куыд хуыссыс?!*

(Дзырдæн, Булат Окуджавайы зындгонд æмдзæвгæйы цы æнгæс рæнхъытæ ис – «Дæ цинел райс, цæуæм хъæмæ», – уыдон фыст æрцыдысты дзæвгар фæстæдæр, 1975 азы).

*Уыдзæн ма*

*АНДИАТЫ Мæхæмæт*

# КÆЦОН ДÆ, КÆ?

*Уац*

Зæрдæйæн зынаргъдæр, удæн адджындæр цы у, уыцы хæзнатæ мах алкæддæр абарæм мадимæ. Алы адæм дæр уыцы цæстæй кæсынц æмæ аргъ кæнынц се 'взагæн æмæ йæ уымæ гæсгæ хонынц мадæлон.

Бирæ аххосæгтæ ис, абон не 'взаг фæдисон уавæрмæ кæй æрцыд, уымæн. Фæлæ æппæты фыццаг нæхи, адæмы, аххос у.

Æркæсæм-ма, альманах «Литературная Осетия» æрæджы нæ университеты цы æнахуыр хъуыддаг раиртæста, уымæ. Рацæй-рабон, æмæ филологон... о, о, филологон факультеты студенттæн сæ 15-20% æппындæр ирон литературæ нæ кæсынц! Сæ 70% та ирон æвзагыл фыст уацмыстæ, газеттæ, журналтæ бакæсынц искуы-иу хатт. Алы дæс студентæй дæр æрмæст иу дары йæ хъус ирон прозæ æмæ поэзийы ног уацмыстæм. Бафиппайын хъæуы уый, æмæ, ирон æвзагмæ цы цæстæй кæсут, зæгъгæ, альманахы кусджытæ кæй бафарстой, уыдонæн сæ фылдæр уыдысты мадæлон æвзаг æмæ литературæйы фидæны ахуыргæнджытæ, фысджытæ, журналисттæ, чи зоны, ирон æвзаг иртасæг сомбоны наукон кусджытæ дæр.

Æмæ уæдæ Ирыстоны фæсивæдон газет «Молодой коммунист» раздæры хуызæн дыууæ æвзагыл цæуылнæуал цæуы?..

Ирон æвзагмæ аккаг æргом аздахынил куы ныхас кæнæм, уæд хъуамæ æргом зæгъæм ахæм ахсджиаг фæрæзты тыххæй дæр, куыд телеуынынад æмæ радио, стæй лектортæ æмæ докладгæнджыты æхсæнадтæ. Телеуынынад æмæ радио ирон æвзагæн æмбæлгæ аргъ нæ кæнынц, уымæн нæ алчи дæр у æвдисæн. Телевизион равдыстытæ æмæ радиойы программæтæн дæр се 'мбис уагæвæрдмæ гæсгæ хъуамæ уаид ирон æвзагыл. Уæвгæ та равдыстытæ æмæ радиобакастытæн фылдæр бонты се 'ртыккаг хай дæр иронау нæ хъусæм. Уæд нуахæмы фидарæй бафæрсæн æмæ бадомæн нæй: «Цæмæн, цæй тыххæй афтæ у?» Иннæ ахæм, нæ лектортæ æмæ докладгæнджытæ. Иронау кæнæ сæ дыгуронау чи кæд бакæсы лекци, чи сæ кæд скæны доклад? Уæвгæ, уый мæнмæ диссаг нæ кæсы, уымæн æмæ партийы обкомы ацы хъуыддагæн разамынд чи дæтты, уыдонæн, ома идеологон хайады кусджытæн дæр, сæ фылдæр ирон æвзаг нæ зонынц.

Цыфæнды зын, цыфæнды хъыг нын куы уа, уæддæр æргом ныхас, цы ис æмæ цы у уавæр, уый зæгъынмæ махæй алкæмæ дæр хъуамæ уа ныфс дæр æмæ хъару дæр, уымæн æмæ комкоммæ дзырд у рæстдзинады дуар, фæрнæйдзаг хъуыддæгтæм фæндагамонæг. Ахъуыды-ма кæнæм: цалдæр хъæуæй фæстæмæ иннæты сывæллæттæ, радио æмæ телевизорæй цы фехъусынц, æндæр семæ уырыссагау ничи фæныхас кæны. Афтæмæй скъолайы дуарæй куы бахизынц, уæд сæ ахуыр кæнын райдайынц уырыссаг æвзагыл, абетæ нæ нымайгæйæ, æмæ, сæ зæрдыл цы дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ бадарынц, уыдонæн сæ фылдæр нæ фембарынц. Уырыссаг æвзаг æмæ литературæйæ фæстæмæ хъæуккаг скъолаты 8-æм къласы онг фæндзайæм азтæм алцы дæр ахуыр кодтой ирон æвзагыл. Æмæ цы? Ницы базыдтам? Уæдæмæ скъоладзауты зонындзинæдтæ уыдысты арфдæр. Æз мæхæдæг дæр уыцы программæтæм гæсгæ ахуыр кодтон æмæ сæм фæстæдæр раиртæстон иу аипп: уырыссаг æвзагæн радих кæнын хъуыди фылдæр рæстæг. Уымæн æмæ 8-æм къласы предметтæ иууылдæр ахуыр кæнын райдыдтам уырыссагау. Æз афтæ хъуыды кæнын, æмæ райдайæн кълæсты иронау ахуыр кæнын уыдзæн хуыздæр, уырыссаг æвзагмæ сæрмагонд æргом здахгæйæ.

Хъуыды ма йæ кæнын, æртынæм азты, ирон æмæ дыгурон æвзæгты фæдыл карз быцæутæ куы цыдис, уæд иутæ дзырдтой: ацы æвзæгтæ куыдфæстæмæ баиу кæнæм. Бындурон литературон æвзагыл нымад æрцæуæд ирон æвзаг, Къостайы æвзаг. Иннæты фæндон уыдис: дыууæ æвзаджы дæр фæрсæй-фæрстæм рæзæнт, сæ иу иннæйы нæ хъыгдары, æххуыс ын цы кæны, æндæр. Скъолаты ахуыры программæтæ саразæм дыууæ æвзагыл. Кæд уыцы хъуыды растдæр уыдис, уæддæр уæлдæфы ауыгъдæй баззад. Æртынæм азты ахуыргæндтæй иуæй-иуты цæстæй æвзæгтæм куы кæсæм, уæд зæгъæм: украинаг æвзаг хæстæг у уырыссаг æвзагмæ, мæхъхъæлон – цæцæйнагмæ, хъуымыхъхъаг – азербайджайнагмæ, æмæ уæд цы?

Кæддæриддæр сæрæндзинад æмæ раппæлинаг уыдис æмæ у дæ сыхаг адæмы æвзаг зонын. Фыдæл хуымæтæджы нæ загъта: «Чи цал æвзаджы зоны, уал лæджы у». О фæлæ, дæ мады æхсыримæ цы æвзагыл сахуыр дæ, уый иуварс ассон æмæ æндæр æвзагæй, «мæ мадæлон æвзаг у» зæгъ, уый бафæзминаг кæй нæу, ныхас дæр ууыл цæуы. Сæдæ азæй фылдæры размæ Туркмæ æмæ Сиримæ, Китаймæ

æмæ Америкæмæ чи афтыди, уыцы адæмтæ абон дæр сæ мадæлон æвзæгтыл сæ къух нæма систой, стæй цыма уый никуы уыдзæн…

Мæ зæрдыл лæууы иу ахæм цау. 1943 аз. Зымæгон уазал бон. Белоруссиаг хъæу. Чысылгомау хъæдын хæдзары тыргъæй куыд æрхызтæн, афтæ хъæддыхтæ арæзт афицер лæппулæг мæ уæлхъус куы алæууид. Цыма дзы хæс дардтон, уый каст мæм æрбакодта, стæй, куыд æмбæлы, афтæ кæрæдзийæн салам радтам. Цæсгомæй дæр куыннæ, фæлæ йæ ныхасы уагмæ гæсгæ мæ зæрдæ фæкъæпп кодта, æмæ йæм бахудтæн. Кæнæ, зæгъын, ирон дæ, науæд та – мæхъхъæлон. «Фæлæуу, æмæ ды та? Кæцон дæ?» – фæрæвдз и уый дæр. Æз, зæгъын, ирон дæн... Уый айхъуыста, цы, йæ хъæбысы мæ фелвæста, йæ цин фемæхст: «Мæнæ ирон лæппу! Æцæг куы дæ ирон!»

Æз дæр æртæ азы ирон ныхас нал фехъуыстон, кæд-иу мæхæдæг мæхицæн исты загътон, æндæр кæнæ-иу Къостайы æмдзæвгæтæй искæцы радзырдтон. Ныр нæ хъæрæй ныхасмæ нæ алыварс хæстон æмбæлттæ диссагмæ хъусæгау хъуыстой. Уыцы лæппулæг уыди æрыдойнаг, сыхаг полчъы взводы командир лейтенант Хъаныхъуаты Савели...

Фыдæлты хорз æгъдæуттæм, сæ кад æмæ намысмæ йæ чъылдым раздахыны зонд кæмæ æрцæуы, уый йæ къух, фыццагдæр, йæ мадæлон æвзагыл ауигъы. Æмæ иугæр æвзаг нал и, уæд, цы адæмы æхсæнæй рацыдтæ, уымæн йæ иннæ хæзнатæ дæр дæ цæсты нал ахаддзысты, лæджы тугæй фæиппæрд ваййынц, байсысынц. Лæг нал ис – быдыргъ...

Царды æцæгдзинад куыд æвдисы, афтæмæй йæхи адæмыхаттыл æнувыд, иузæрдион чи у, æрмæстдæр уыцы адæймагмæ разыны æхсидгæ патриоты æмæ интернационалисты фидар æнкъарæнтæ. Стæй ма афтæ дæр бафæрсæм: йæ мадæлон æвзагыл йæ къух чи систа, уый, кæцон дæ, зæгъгæ, куы бафæрсынц, уæд, цымæ, йæ фыдæлтæй йæхи цы цæсгомæй бацамоны?

*«Мах дуг», 1989 азы 6-æм номыр*

**Редакцийæ фиппаинаг:** Ирон æвзаджы «фæдисон уавæрыл» фыст ацы уац рухс советон дуджы федта, фæлæ абон йæ актуалондзинад æрмæст фæирддæр. Журналист æмæ публицист Андиаты Мæхæмæт зæрдæрыстæй цы хъуыддагыл дзырдта, ууыл не ‘мдугонтæ дæр хорзæрдæм ницы ахадынц.

Иуæй, афтæ зæгъджытæ дæр фæуыдзæн, ома уæдæй нырмæ куынæ фесæфт æвзаг, уæд ын ныр цы хъуамæ уа? Фæлæ, советон дугимæ абаргæйæ, иронау хъуыды чи кæны (уырыссагау сæ хонынц «носители языка»), уыдон дзæвгар къаддæр фесты! Райдайæн кълæсты ахуыргæнинæгтæн сæ 80% сæ мадæлон æвзаг нæ зонынц, зæгъгæ, ахæм бæрæггæнæнтыл фембæлæн дæр ис. Афтæмæй та ныры хуызæн гæнæнтæ æмæ уавæртæ никæдма уыдис – нæдæр уæрæсейаг, нæдæр регионалон хицаудзинад мадæлон æвзаг зонынæн гæрæнтæ не 'вæры. Ис ахуыргæнæн, методикон æмæ аивадон литературæ, ахуыргæндты куырдадзтæ, фæзынд нæм Алайнаг гимназ, сæрмагонд бæрæгбон. Ничи нæ хъыгдары æвзаджы сæраппонд конкурстæ кæнын, премитæ дæттын æмæ æндæр ахæм хъæппæристæ æвдисыны хъуыддаджы. Уый нæ, фæлæ ма Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны  разамонджытæ æмæ меценаттæ уыцы фæзилæнмæ дæр се 'ргом здахынц. Иу хатт ма йæ зæгъæм: «Чи зоны, цыдæр хабæрттæ фæхуыздæргæнинаг сты, фæлæ, æмткæй райсгæйæ, æвзаг ахуыр кæнынæн æппæт уавæртæ дæр ис!» ФÆЛÆ НЕ 'ВЗАГ НÆХИ НÆ ХЪÆУЫ, ÆМÆ УЫЙ У ЗАМАНА!

Хистæр æмæ астæуккаг фæлтæрæй æвзаг фаг хорз чи зоны, уыдон дæр ыл кæстæртимæ зивæггæнгæ дзурынц. Чи йæ нæ зоны, уыдон та, мæ кæстæртæ дæр æнæ уымæй фæцæрдзысты, зæгъгæ, хъуыды кæнынц. Æмæ табуафси – национ æвзæгтыл цæуæг газеттæ æмæ журналтæ æнæ ног автортæй дзыназынц, нæ дыууæ телеуынынады æмæ нæ радиойы кусджытæ сæ хъуырмæ свæййынц, иронау сын æхсæнады алы къабæзты царды тыххæй чи радзура, уыдоны кадаврдзинадæй. Кæцон суыдзыстæм уæдæ цалдæр дæс азы фæстæ? Бафæрсæм нæхи ацы уацы авторимæ иумæ, æмæ нæ алчи дæр йæхи бынаты нæ фыдæлты удварны хæзнайæн балæггад кæнæд! Æвзаг, мыййаг, хицæн ахуыргæндты, фысджыты, журналистты, æхсæнадон архайджыты исбон куынæ у…

# «ДЗÆУДЖЫХЪÆУ НЫВГÆНÆДЖЫ ЦÆСТЫТÆЙ»

Цæгат Ирыстоны расиддзысты Архитектурæйы аз, æмæ уый кадæн республикæйы Нывгæнджыты цæдис аивадуарзджыты размæ рахаста равдыст «Дзæуджыхъæу нывгæнæджы цæстытæй».

Кадджын уавæрты йæ байгом кодтой, йæ ахсджиаг нысаниуæджы тыххæй сæ хъуыдытæ загътой Дзæуджыхъæуы минæвæртты æмбырды сæргълæууæг Таболты Сергей, культурæйы министры фыццаг хæдивæг Рæмонты Маринæ, арæзтад æмæ архитектурæйы министры фыццаг хæдивæг Хъуылымбегты Алан. Раныхас ма кодтой республикæйы Архитекторты цæдисы сæрдар Алыккаты Руслан, Нывгæнджыты цæдисы сæрдар Мæргъиты Таймураз æмæ Фысджыты цæдисы сæрдар Хозиты Барис.

Равдыст хицæн кæны уымæй, æмæ дзы ивгъуыд æмæ абоны бон «æмныхасгæнджытæ» кæй сты. Архитектурæ æмæ аивады хъомысæй Челæхсаты Магрез, Саулаты Сергей, Цæллагты Фатимæ, Есенаты Æхсар, Пухаты Ламзирæ, Ульяна Гончарова, Кæркуысты Роберт, Кæркуысты Стеллæ, Анастасия Евграфова æмæ иннæтæ бацархайдтой горæты хуызджын фæлыст равдисыныл. Ам цæст бафсæддзæн незаманты арæзтæдтæй æмæ советон бæстыхæйтты, уынгты, паркты уындæй. Æрдзы нывтæ, абстрактон композицитæ, архитектурæйы фæлгæты æнахуыр нывæфтыдтæ адæймаджы ма бацымыдис кæной, Дзæуджыхъæу ын цавæрдæр ног хуызы ма равдисой, уымæн гæнæн нæй…

Куыстыты руаджы архитектурæйы цыртдзæвæнтæн аккаг аргъ скæнгæйæ, алкæй бон дæр у Цæгат Ирыстоны сæйраг сахары историимæ æнгом бастдзинад банкъарын.

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

## ДЗÆУДЖЫХЪÆУ НЫВГÆНÆДЖЫ ЦÆСТЫТÆЙ





Кæркуысты Роберт. Æнæном ныв



Кæркуысты Стеллæ. Зæронд Дзæуджыхъæу



Хъаныхъуаты Алыксандр. Æмбисбон



Гончарова Ульянæ. Æнæном ныв



Хъаныхъуаты Алыксандр. Донбылгæрон



Болататы Светланæ. Фæззæг



Айларты Владимир. Дзæуджыхъæу. Къаты бон. Марковы номыл уынг



Челæхсаты Магрез. Рагон сахар Дзæуджыхъæу




Ульянæ Гончарова. Горæтаг симфони



Ульянæ Гончарова. Фæззæг горæты



Пухаты Ламзирæ. Изæргæрæттæ



Хæмыцаты Ларисæ.
Уалдзæг æрцæуы



Лолаты Натали.
Зæрæхсид



Харебаты Давид.
Ирон аргъуан



Мæргъиты Таймураз.
Дзæуджыхъæуы архаикæ



Кирæ Головчанская. Мæ фидæны хæдзар



Ульянæ Гончарова. Сахар


Пораты Руслан. Уалдзæг


Пораты Руслан. Æмбисбон


Пораты Руслан. Зæронд хид


Айларты Таймураз. Куыстуæттæ



Айларты Таймураз. Горæтаг уынг



Есенаты Алан. Æхсæв



Любовь Пушкарева-Портнова.
Суннитты мæзджыт



Евграфова Анастасия.
Уарзон сахар


Артем Лоскутов. Дзæуджыхъæу


Джиоты К. Гермæн Титовы номыл уынг



Есенаты Æхсар. Уалдзæг



Гасынты Жорж. Ривæд



Саулаты Сергей. Рагон Дзæуджыхъæу



Ульянæ Гончарова. Рухстауæг Сыгъдæг Григорийы аргъуан



Цæллагты Фатимæ. Проспект



Пухаты Ламзирæ.
Мæ Дзæуджыхъæу



Цæллагты Фатимæ.
Кирхæ

## ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ ЧИНЫГ «АРТ ÆМÆ ÆРТХУТÆГ»-ÆЙ ИСТ РÆНХЪЫТÆ

✓ Калмы хуыккомы бæлон нæ цæры.

✓ Стъалыты хуыз чи исы, хуримæ ерыс чи кæны, ахæм фидауц.

✓ Гуырысхо емынæ у. Зæрдæмæ баирвæзт, уæд дзы уидæгтæ ауадзы, нал сын вæййы хос æмæ стонæн.

✓ Хæст мæлæтимæ хæссы низ, хæрам æмæ фыдæх. Бæстæ лæгцух куы свæййы, уæд сæ бынатмæ фæзыны хуыснæг æмæ бынхор.

*«Цопаны чындз»*

✓ Хорз адæймаг хæрзтæн зынаргъ вæййы, æвзæртæн – цæсты сындз.

*«Хур æмæ адæм»*

✓ Лæг нысанмæ куы тырна, уæд æй ницы уромы: нæдæр Хох, нæдæр фурд, нæдæр арвы цæф.

✓ Цæфы рыст сахатмæ ссæуы, фидисы рыст ингæны къæсæрмæ хæссы.

✓ Хор кæм зайы, уым рæзы сындз дæр.

✓ Цæрæгойтæ æмæ адæймагмæ ис иу хицæндзинад. Цæрæгой æфсæстæй вæййы сабыр æмæ æдас, адæймаг та – знæт æмæ тæссаг.

✓ Дзырд маргъ нæу: нæй йын нæдæр æрцахсæн, нæдæр марæн.

*«Сæфт – дыууæ сæфты»*

✓ Адæймагыл зыд куы бафты, уæд йæ туг æрра кæны, йæ зонд – рог æмæ æгæнон.

✓ Лæгæй кæнæ тас куынæ уа, кæнæ æфсарм, уæд адæмæн къæхтæсæрфæн у.

*«Залгъæды дидинæг»*

✓ Ирон адæмы фынгыл æрбадын кæн, уымæн хæстон фæтæг хъæуы. Фæлæ иугæр къуырфбадт æркодтой, уæд сæ афоныл фæдис кæнæ зæххæнкъуыст дæр нал сыстын кæндзысты.

*«Ног ирон»*

ДЖУСОЙТЫ Нафи




# МАЛИТЫ ВАСО. ЗАРÆДЖЫ ФЫЦЦАГ ФÆЛТÆР

*Уац*

Ис ирон дзыллæмæ иу æгъдау, зарæгау – аив, мады зæрдæйау – лæгуарзон æгъдау: лæппу райгуырд, ног адæймаг æрцыд дунемæ, уæд ыл цин хъæуы, зарæг æмæ йæ арфæйы ныхæстæй сбуц кæнын хъæуы хъæлдзæг куывды. Кæд искуы уыцы лæппу, йæ лæджы ранмæ ацæугæйæ, басгуыха, уæд та йыл скæнынц зарæг.

Хъуыды кæнын: цымæ, уыцы лæппу йæхæдæг зарæггæнæг куы рацæуа, уæд та йын цы 'мбæлы? Æвæццæгæн, зæрдиаг арфæ, адæмы уарзондзинад, хистæрты аудындзинад.

Нæ хæхты лæппуйы цард райдайы цины зарæг æмæ адæмы арфæйæ. Уый æнхъæлцау зарæг вæййы, бæрныфтауæг зарæг, адæмы æууæнчы зарæг, лæгдзинадмæ, сгуыхтдзинадмæ разæнгардгæнæг зарæг.

Мæ ныхас ирон æвзонг поэт Малиты Васойы тыххæй у, стæй йе 'мкар, йе 'мхуызон курдиатджын фæсивæды тыххæй.

Рацыд йæ фыццаг чиныг – ссæдз æмдзæвгæйы æмæ дыууæ цыбыр кадæджы. Бирæ не сты, фæлæ цины сæрæн фаг сты. Йæ дзырд – æфсæрмдзæстыг æмæ уæздан, поэтикон темперамент æмæ нывгæнæджы фантазийæ – æххæст, хъуыдытæ – æлвæст æрдынбосау, йæ дзырдтæ уырзæвзæрст, йæ ныхасы æвæрæнтæ – хъæздыг æмæ хуызджын, æнкъарæнтæ – тыхджын. Æппæт уыдон æцæг курдиаты миниуджытæ сты, зæрдæ кæмæй барухс уа, ахæм миниуджытæ.

Æнæ гуырысхойæ зæгъæн ис: ирон литературæмæ æрбацыд ног курдиатджын кусæг, дзырдхъом, лæгдзинад равдисынхъом, басгуыхынхъом курдиат. Уымæн æвдисæн – йæ хуыздæр уацмыстæ: «Мæ Ирыстон», «Мæ фыдмæ», «Азым», «Зарæг æмæ фат», «Æрдæгфыст сонет», стæй уарзæгой лæппуйы хъынцъымзæрдæ бустæтæ – «Мæ раргбонтæ мæм аргъауау кæсынц», «Чындзы фæцыдтæ дард бæсты æндæрмæ», «Цы уыди лæг, уый нал фестдзæн фæстæмæ», «Куы феста не 'хсæн судзгæ зæххæй арæн».

Ӕнækæрон уарзондзинадæй, ныййарæг адæмы раз стыр хæсæй улæфы «Мæ Ирыстон»-ы алы рæнхъ дæр. Цæхæр темперамент хъазы уацмысы уæнгты. Раст зæгъы поэт, бонджын у йæ Иры номæй:

*Мæн ысты, мæн,*
*Дæ зарджытæ,*
*Дæ хæхтæ,*
*Дæ арвæрттывд,*
*Дæ комы тæф –*
*Ӕврæгътæ.*
*Дæ быдыры*
*Ӕнæнымæц рæгъау...*
*Хъæздыг дæн æз*
*Хуыцау æмæ зæххау,*
*Дæ фæзты уылæн*
*Хуры тын куы сисы,*
*Уæд уый дæр,*
*Ир,*
*Мæ цæсты хаутыл зайы.*

Васойы хуыздæр æмдзæвгætæй алкæуыл дæр хицæнæй фæдзурæн ис, фæлæ нывтæккæ уый сæр ницæмæн хъæуы. Нал дзы хæссын хицæн рæнхъытæ дæр. Хорз рæнхъ æвзæр æмдзæвгæйы дæр ис ссарæн. Ӕцæг æмдзæвгæ та йæхæдæг йæхиуыл хуыздæр фæдзуры, æрмæст æй кæсын хъæуы æргомзæрдæйæ æмæ ирддзастæй. «Фат æмæ æрдын» чи бакæса, уымæн чиныг йæхæдæг радзурдзæн лæджы уарзондзинад æмæ сагъæстæ нывæфтыд æмæ дзырдарæхст æвзагæй. Мæн ма фæнды дыууæ дзырды зæгъын Васойы поэтикон куысты иуæй-иу аиппытыл, уалдзыгон фистау аппарын кæй хъæуы, уыдоныл, стæй ма йæ цы миниуджытæ ссарын хъæуы йæ поэтикон балцы, уыдоныл.

Афтæ мæм кæсы, æмæ Васо хаттæй-хатт йæ хъуыдытæ, йæ нывтæ, йе 'мдзæвгæйы интонацитæ литературæйы мидæг рагæй зындгонд джиппы, æндæр сгуыхт поэтты æрмдзæфæй арæзт джиппы ауадзы. Дзырдæн, зæгъæм, «Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын», «Денджызмæ», «Хъомгæс чызджы таурæгъ». Цымæ, сæ ин-

тонаци, сæ поэтикон дзырдуат, сæ мелодимæ гæсгæ нæ хицæн кæнынц «Мæ Ирыстон», «Мæ фыдмæ» æмæ «Азым»-æй? Хицæн кæнынц, раст цыма иу къухæй фыст не сты, афтæ, кæд сыл Васойы æрмдзæф зыны, уæддæр. Уайтагъд зæрдыл æрбалæууынц Шевченко æмæ Илас Æрнигон, Пушкин, Байрон, Лермонтовы романтикон поэтикæ, Малиты Георгийы лирикон таурæгътæ. Уыдоны тыхджын хъæлæсты зæлд фæбынæй кæны Васойæн йæхи интонаци. Стыр аипп нæу, гуыппыр уайдзæфæн æй нæ хæссын. Куы зæгъын, уый æвзонджы нысан у, лæппын хъуын, уалдзыгон фист. Фæлæ дзы цас тагъддæр сцух уа, уыйас хуыздæр у.

Ацы аипп йæ фæдыл сайы дзырдуаты æмæ ныхасы архаикондзинад, науæд литературондзинад. Æмдзæвгæ «Денджызмæ»-йыл цæст куы ахæссай, уæд æнцон фæфиппайæн у ацы хъуыддаг. Райдайы æнцад-æнцой, Васойæн йæхи интонацийыл:

*О денджыз! Катайгæнгæ æз*
*Лæууын сæргуыбырæй дæ цуры.*

Фæлæ æвиппайды поэт йæхи нысхуыста романтикон дзырдарæхсты гуылфæнмæ, æмæ йын денджыз фестад... «фыдохы зилгæ тыхты фæз», «нæрæмон мондæгты цæхæр», йæ хуылфы та дары ноджы диссагдæр хъуыддæгтæ:

*Æбуалгъ фæсмон, хъаймæты азар,*
*Сæфты хъуырдухæн æмæ маст,*
*Æлгъыст дæлимоны цъæхахст.*

Цымæ ацы «тæссаг» ахорæнтæ фидауынц, сæ фæдыл цы зæххон денджыз ис, «цъæх арвы бын æнцад зæххы дæрзæг хъæбысы» чи хуыссы, уыл? Æвæццæгæн, нæ. Ацы поэтикæ Васомæ æрцыд литературæйæ, рухсы бадинаг классикты уацмыстæй. Дзырдуат дæр уыдонæй райсгæ у: «Мæйдары саст фæранк», «хъаймæты азар», «æлгъыст дæлимон», «демон», «нæрæмон мондаг», «тызмæг элладæ», «Венерæйы фæлгонц», «сызгъæрин донычызг», «зæды базыр», «æбуалгъ тымыгъ», «æвзонг кæлæнгæнæджы уарзт», «уазал фæлм» æмæ æндæртæ.

Куы загътон, ацы аипп æвзонджы нысан у, фæлæ дзы хи сцух кæнын хъæуы. Æвзонгдзинадыл баст у поэтикон хъуыдыйы хæтæнты къуындæгдзинад дæр.

Васойæн ныфсхаст хъуыды ис, æмæ цас дарддæр авнала, царды фæзындтыл йæ цæст цас уæрæхдæр ахæсса, уыйас тагъддæр бацæудзæн йæ лæджы кары. Нырма Ирыстон фыдыуæзæджы темæ æмæ уарзондзинады алыварс зилы, стæй хъæууон лæппуйы горæтмæ рацыдыл дзуры. Уый хорз, фæлæ цард æгæрон у, поэт æппæтмæ æмхиц хъуамæ уа, стæй, цы темæтæ басгæрста, уыдон дæр нырма æххæст нæ раиртæста. Уый дæр диссаг нæу. Васойæн нырма йæ зарæджы райдианмæ байхъуыстам. Фæлæ, цæмæй зарæг дарддæр ныззæй кæна, ууыл у мæ ныхас.

Æвæццæгæн, Васойы ноджы фылдæр фыссын хъæуы, цæмæй уæхскуæзæй куысты йæ уæнг йæ гаччы сбада, поэтикон нуæрттæ сфидар уой, æрдзæй йæм цы хъару фæцис, уый райтынг уа тæхгæ цæргæсы базыртау.

«Фат æмæ æрдын» – уый Малиты Васойæн йæ зарæджы райдайæн у, хорз райдайæн, ныфсы райдайæн, рæсугъд æмæ тыхджын хъæлæсы фыццаг фæтъæлланг!

# ЦÆРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДР. БÆРКАДДЖЫН КУРДИАТ

*Уац*

Цæрукаты Алыксандрыл сæххæст 60 азы. Цъус не сты, фæлæ, цымæ, исчи зоны, цас хъæуы рацæрын поэты йæ курдиаты тых æххæстæй равдисынæн, йæ поэтикон къæбиц равдæлон кæнынæн? Ничи. Уый поэт йæхæдæг дæр нæ зоны. Ис ахæм поэттæ дæр, æмæ, сæ рагбонты мысинæгтæ куы радзурынц, уæд ууыл сæ дзул лæвæрд фæвæййы. Алыксандр уыдонæй нæу.

Алыксандрæн ис æртæ æнусон уарзоны – Ирыстоны зæхх, йæ аив хуызтæ, уыдон рафæлив-бафæлив афæдзы рæстæджыты, стæй адæймаджы царддæттаг армы рæвдыдæй. Уый – йæ фыццаг уарзон, æвзонг ма куы уыди, уæдæй фæстæмæ æнувыд кæуыл у, уый. Лæппуйы сонт уд – уый йæ дыккаг уарзон. Уыцы уды цы уæздан æмæ хæдæфсæрм æнкъарæнтæ ис, уыдон та – йæ дзуринæгтæ. Ас лæджы

æппæт бавзарæг зæрдæйы хъизæмар, уый хъуыдыты æмæ эмоциты драматизм, – уый та у Алыксандры æртыккаг уарзон. Уым уылæнтæ кæнынц нæ дуджы карз быцæуты сагъæс, адæймаджы зонды катай нæ вазыгджын рæстæджы, нæ абоны дунейы, трагикон ныхмæдзыдтæй тыхнад дунейы.

Гъе æмæ Алыксандр-поэт ацы æртæ уарзонæн лæггад кæны æнувыд æмæ курдтиатджын ныхасæй. Мæ нымадæй, уый у поэтикон сгуыхтдзинад.

Чысыл адæмы литературæйы курдиатджын архайæг аивадæн канд йæхи хъаруйæ нæ лæггад кæны. Аивадон рæстæн ма ахъаз кæны йе ‘мфысджыты, йе ‘мгæртты ног хъуыдытæ, ног агурæнтыл кæй æфтауы, йе сфæлдыстадон цæвиттонæй сæ ног поэтикон куыстмæ кæй райын кæны, кæй уæнгрог æмæ ныфсхаст кæны, уымæй дæр. Ахæм у Алыксандры сфæлдыстадон цæвиттон дæр. Йæ ног уацмыстæм ын нæ фысджытæ цыбæлæй фенхъæлмæ кæсынц.

Уыдонимæ мæхæдæг дæр фæнымайын: цы æмæ куыд æвдисы дунетæ Алыксандр йæ ног уацмысы, ног къахдзæф акодта размæ æви нырма ахæм хъуыддагмæ йæхи æууындзгæ кæны?..

Алыксандры сфæлдыстад мæнæн бирæ цин æмæ зæрдæрай æрхаста. Æцæг ын бузныг никуыма загътон, къæмдзæстыг дæн йæ разы, æмæ мæ фæндиаг – ацы чысыл ныхас ахæм бузныгыл куы банымаид. Мæнæ нæ фыдæлты загъдау: «Мæгуыр, цæмæй фæрныг дæ?..» – «Мæ армы цы ис, уымæй!..»

Алыксандры поэтикон сфæлдыстад... Æниу Алыксандр нæ литературæмæ бацыд курдиатджын новеллистæй дæр, фæлæ, йæ лирикон поэзи иууыл ирддæрæй кæй равдыста уымæн йæ удыхъæд, уыйадыл фæцахуыр стæм йæ поэзийыл дзурын – уый адæймаджы зæрдæ йæхимæ скъæфы йæ нывæфтыд хæдхуыздзинадæй. Уыцы миниуæг та бæрæг у канд йæ нывфæлдисæн фæрæзты колоритæй нæ, фæлæ йæ хъуыдыты индивидуалондзинадæй дæр, йæ нымд æнкъарæнты сулæфтæй æмæ дзырдты амадæй дæр. Мæнæ райсæм быдираг фæззæджы ныв:

*Халасæвæрд – таггæрæттæ,*
*Зæхгæсты обау...*
*Бахызтысты галуæрдæттæ*
*Адагыл уæззау...*

*Хохы рæгътæ... мигъдзаст арыхъхъ...*
*Къутæртæ – лæзæрд...*
*Хъулон-мулон стыр Сылтаныхъ,*
*Ног мæнæу – æвзæрд...*
*Хуымты рæзты над фæндæгтæ...*
*Хъæллæгъты сыр-сыр...*
*Бур æфсиры фахсдæндæгтæ*
*Худæгау – зыхъхъыр...*

*Уазал хæхты ирд цъуппытæ*
*Цатыртау зынынц.*
*Халыл кондау хърихъуппытæ*
*Хуссармæ тæхынц.*

Ам поэты ныв хæдхуыз у æппæтæй дæр: йæ композици, йæ ахорæнты колорит, зæрдæйы равг, йæ интонаци, æгæрыстæмæй стихы синтаксис æмæ дзырдуатæй дæр. Æмæ уацмысы кæд ницы уадиссаг оригиналон хъуыды ис, уæддæр ыл кæрæй-кæронмæ ирдæй зыны, поэт райгуырæн уæзæг куыд уыны йæ зæрдæйы цæстæй, уый гакк. Ахæм уынынад та у поэтикон курдиаты фыццаг хæдхуызы нысан.

Алыксандры тыххæй бирæ æмæ лæмбынæг дзурын хъæуы æмæ æмбæлы. Иттæг ахадгæ у йæ курдиатджын æмæ фæрныг поэзи. Фæлæ ныртæккæ уый фадат нæй, æмæ ма – бæрцæй дыууæ дзырды: Алыксандр, арфæйаг сты æмæ нoджыдæр уæнт арфæгонд дæ райгуырды бон дæр æмæ дæ ас лæджы кар дæр! Дæ зæрдæйы уарзон ныхас Ир æмæ Ирыстонæн хæлар уæд æмæ дзы макуы ферох уæд тъымы-тымамæ!

*Журнал «Фидиуæг», 11№, 1978 аз*

ХУЫГАТЫ Сергей

# КÆЙ НОМЫЛ ФЫСТ У ÆМДЗÆВГÆ «САЛАМ»?

*Уац*

Раджы кæй ныффыстон, мæ ахæм радзырды ис иу зæронд ахуыргæнæг, «Ирон фæндыр»-имæ бон дæр чи нæ хицæн кæны æмæ æхсæв дæр, ахæм. Горæты автобусы йæ фарсмæ цы æнæзонгæ ирон лæг бадти, уымæн йæ хъæстытæ кодта, цæвиттон, «Салам» чи у, уыцы æмдзæвгæ йын Къостайы иннæ æмдзæвгæты ад нæ кæны, иннæтимæ йын нæ иу кæны, иннæтæм цы цæстæй кæсы, уыцы цæстæй йæм нæ кæсы. Куы фыстон, уæд нæма зыдтон, уыцы æмдзæвгæйы фæдыл бирæ ныхæстæ кæй цыди.

Æрæджы мæм æрбафтыд, Туаллæгты Алан, ацы æмдзæвгæйы алыварс цы ныхæстæ фæцыд, уыдон бинонцыг кæм æвзары, ахæм быңдурон уац («Об адресате стихотворения К.Л. Хетагурова «Салам»», «Известия СОИГСИ», 2009, 213–230 ф.). Уый мæ сразæнгард кодта мæ хъуыдытæ зæгъынмæ.

Уым куыд нысангонд цæуы, афтæмæй Джусойты Нафи ахæм хъуыдыйыл хæст уыд, æмæ, дам, уыцы æмдзæвгæ А.С. Пушкины ном арынæн фыст у йæ сæдæ азы бонмæ. Дзæгъæлы, дам, дзы нæй уыцы рæнхъ: «Дæ цард гъеныр дæр у сæдæ!». Фæлæ, дам, уыцы сæдæ Пушкины азтæм ницы бар дары, афтæ загътой Нафийы ныхмæлæуджытæ; уый, дам, æнæуи кадгæнæн дзырд у. Æмæ нæ баууæндыдысты иннæ наукон кусджытæ Нафийы хатдзæгыл. Ам иу хуымæтæг хъуыды æрцæуы лæгмæ: Къоста бирæ Уырысы разагъды лæгтæн ныффыста номарæнтæ, æмæ се ‘ппæт дæр ныффыста уырыссаг æвзагыл, уæд ма Пушкины номарæн цы уæлдай хъуамæ ныффыстаид иронау, æви, Пушкин иронау кæй зоны, уымæй йæм йæ зæрдæ æхсайдта? Æмæ, дам, уыцы хъуыды æппæты разæй Сабайты Сулейман загъта. Æз нæ зонын, Сулейман уыцы хъуыды кæд загъта, уый, фæлæ цы ахуыргæнæджы кой кодтон уæлдæр, уый йæ, чи зоны, Сулейманæй раздæр загъта, уымæн æмæ зын зæгъæн нæу.

Уæдæ «Салам» В.Ф. Миллеры номыл ныффыста, чи дзуры, уыдон нутæ æмæ дыууæтæ не сты, семæ Гуыриаты Тамерлан дæр. Уæд

Миллеры юбилей уыд, æмæ æмбæлд æмдзæвгæ ныффыссын дæр, уымæн æмæ уыцы лæг бирæ хæрзты бацыд ирон адæмæн. Миллер æркæсын кодта дунейы ахуыргæндты ирон æвзаг æмæ ирон адæммæ. Уый къухæй рацыд, æгас дунейыл йæ ном кæмæн ныхъхъæр и, уыцы «Осетинские этюды». Æмбæрстой уыцы лæггæдтæ ирон адæм. Уымæн æм фыстой: «Миллерты Всеволод, фондз æмæ ссæдз азы аивгъуыдта, ды дæ диссаг, ирон зæрдæйæн адджын сæры фæллой куы рауагъ-тай, уæдæй нырмæ. Ды дæ диссаг чингуытæй фидар бындур, хорз сæрæвæрæн ныссагътай н' астæу не стыр ныфсæн, ирон чиныгæн æмæ ирон литературæн». Тынг сбуц кодтой ирон адæм Миллеры.

Æмæ, дам, «Салам» Миллерæн фыст у. Сæ хъуыды бафидар кæнынæн уый дæр фæзæгъынц, æмæ æмдзæвгæйы ныхас арæзт у, цардæгас чи у, ахæм адæймагмæ. Куыд дзурынц, афтæмæй фыст æрцыди Миллеры фæндзай азы юбилеймæ, 1898 азы.

Уæдæ афтæ дзурджытæ дæр ис, æмæ, дам, Къоста йæхиуыл ныффыс-та æмдзæвгæ, А.С. Пушкин куыд ныффыста йæхиуыл «Я памятник себе воздвиг нерукотворный...», афтæ. Уыцы хъуыды, куыд фæзæгъынц, йæ койы аккаг дæр нæу. Уымæн æмæ скъоладзаутæ дæр зонынц, Къо-ста йæхиуыл кæй ныффыста, уыцы æмдзæвгæйы рæнхъытæ: «...Уый фæстæ ферох уыдзынæн, ничиуал зондзæн мæ цырт».

Æмæ та аздæхæм æмдзæвгæйæн йæхи коймæ. Кæд 1898 азы фыст æрцыд, уæд «Ирон фæндыр»-ы фыццаг рауагъдмæ цæуылнæ бахауди æмæ уым цæуылнæ рацыд 1899 азы?

Фыццаг рауагъдмæ нæ бахауд, дыккаг рауагъды рацыд.

Хъуыддаг афтæ уыди, æмæ уæд газеты рацыд хъусынгæнинаг: Къостайы æмдзæвгætæй, мыхуыры чи нæ уыд, уыдонæй кæд искæ-мæ ис, уæд æй æрбарвитæд, цæмæй йæ чиныджы дыккаг рауагъдмæ бахæссæм. Хъусынгæнинаг уыди 1906 азы. Уæд Къоста уыди Лабæ-йы, уырдæм æй аласта йæ хо Уæлгъа 1903 азы, уæззау рынчын уыд Къоста, афтæмæй. Уæззау низимæ тохы йæ зонд йæ бынаты нал уыди, æмæ, хъусынгæнинаг куы цыд, уæд «Салам» дæр арвыста йæхи æм-дзæвгæтимæ.

Зæгъын æмбæлы уый дæр, æмæ, Къоста цы æмдзæвгæтæ арвыста, уыдон «Салам» йеддæмæ иннæтæ иууылдæр рацыдысты мыхуыры. Æрмæст «Салам» никуы рацыд, цалынмæ йæ «Ирон фæндыр»-ы дыккаг рауагъды нæ рауагътой, уæдмæ.

Ныр æмдзæвгæмæ, уыцы зæронд ахуыргæнæг цы бæстонæй каст, афтæ бæстон куы ‘ркæсæм, уæд нæ цыма цæуылдæрты ныхъхъуыды кæнын бахъæудзæн. Суанг йæ сæргондæй райдай – цымæ, уыцы дзырд Къостайы хъуыдыйы не ‘рбалæууыдаид, Къостайы къухæй нæ ныффыстæуыдаид, афтæ зыны. Æгæр рæуæг дзырд у искæй стыр номмæ бадзурынæн. Уыцы уæз дзы нæй. Уæдæ æмдзæвгæйæн йæхиуыл дæр нæ зыны Къостайы æрмдзæф, нæ дзы хъуысы Къостайы улæфт. «Æдых фæллад лæгау нæ дзырд». Фæллад лæджы хуызæн дæр ма куы уыдаид, фæлæ «фæллад лæгау»! Нæ, Къостайы дзырды ад нæй ацы дзырды. Иннæ ахæм: «Зæххыл дын нал баззад кæнинаг». Нæ зыны Къостайы бæлвырд хъуыды ам дæр. Кæнæ: «Дæ мæсыг амайын фæдæ». Афтæ мæм кæсы æмæ мæ фæндгæ дæр афтæ кæны, цыма ацы рæнхъытæ Къостайы къухæй фыст не ‘рцыдысты – нæ мæм зынынц Къостайы аккаг фыст.

Æмдзæвгæ афтæ арæзт у, æмæ, чи дзуры, уыдон дзурынц адæмы номæй, кæмæ дзурынц, уый цы адæмæй у, уыцы адæмы номæй. Æмæ бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ уыцы ахуыргæнæг ныллæууыд иу æнахуыр хъуыдыйыл: кæд Къостайы фыст нæу уыцы æмдзæвгæ? Кæд Иры лæгау лæгтæ ныффыстой уыцы æмдзæвгæ? Кæд, Къостайы хорз чи зыдта, йæ ис дæр ын чи зыдта æмæ йæ бис дæр, уыдон сфæнд кодтой Къостайы барæвдауын æмæ йын йæ номыл уыцы æмдзæвгæ ныффыссын – уæлдай кад кæныны тыххæй – æмæ йæ ныффыстой? Поэт сæ ничи уыди, æмæ сын куыд рауади, афтæ сын рауади. Ныффыстой йæ æмæ йæм æй барвыстой, чи зоны, бахастой. Къоста йæ бакастаид æмæ йæ йæхи æмдзæвгæтимæ æрæвæрдтаид. Ацы ран фидауы йæ сæргонд дæр, ирон лæгтæ се ‘миронмæ, хорз кæй зонынц æмæ бирæ кæй уарзынц, уымæ «салам» бадзурдзысты, уым æвзæрæй ницы и.

Фæлæ кæд афтæ уыди хъуыддаг, уæд уыцы æмдзæвгæ Къостайы къухфыстæй цæмæн баззади, цы хуызы баззади? Ацы фарстæн ис раттæн иунæг дзуапп: рынчын Къоста йæ йæхи æмдзæвгæтæй æнхъæлдта æмæ йæ рафыста, оригинал та хъусынгæнинаджы фæдыл арвыста, цæмæй «Ирон фæндыр»-ы дыккаг рауагъды рацыдаид. Уый, кæд Къостайæн йæхи фыст нæу, уæд. Кæд йæхи фыст у, уæд ын, куыд уынæм, афтæмæй, никæй бон ницы у.

Ам зæрдыл æрлæууын кæнын æмбæлы, Гуытъиаты Хъазыбег,

«Ирон фæндыр»-æн цы фиппаинæгтæ ныффыста, уым «Салам»-ы тыххæй цы фыст и, уый: «Кого имеет в виду Коста в этом стихотворении? На этот вопрос нет и не может быть пока ясного ответа... А может быть, нет особой надобности искать адресата».

*Июнь, 2025 аз*

## *Салам*

*Хуыцауæй арфæгонд нæ фестæм,*
*Нæ сæртæ нал ысты нæ бар,*
*Æмæ дзæбæх зæгъынхъом не стæм*
*Дæуæн, фæлæ нын æй ныббар!..*

*Нæ зонд – цыбыр, мæгуыр – нæ зæрдæ,*
*Æдых, фæллад лæгау – нæ дзырд...*
*Фыдæн нæ дзыллæйæн æгæр дæ,*
*Æвгъау у мах хæхтæн дæ цыт!..*

*Дæ кад мыггагмæ у цæринаг,*
*Дæ цард гъеныр дæр у сæдæ:*
*Зæххыл дын нал баззад кæнинаг, –*
*Дæ мæсыг амайын фæдæ.*

# ИРОН ÆМБИСÆНДТÆ

- ✓ Лæг æмæ ус æмдæндаг сты.
- ✓ Лæг æмæ ус – фæрæты хъæдæй барст.
- ✓ Лæг æмæ ус кæрæдзийы куы ‘мбарой, уæд сæ цард æнцон у.
- ✓ Ус – æнæдымгæ фæлмæн хур, бинонты зæды хай.
- ✓ Хорз сылгоймаг – хæдзары зæд.
- ✓ Хорз сылгоймаг авд мыггагæй хæс дары.
- ✓ Хорз ус лæгæн – йæ амонд.
- ✓ Нæлгоймагæн кад цы сылгоймаг кæна, уый – йæхицæн.
- ✓ Сылгоймаджы амонд – æфсарм æмæ хæрзæгъдау.
- ✓ Сылгоймагæн йе ‘хсарæй йе ‘фсарм хуыздæр у.
- ✓ Сылгоймаг йе ‘фсармæй æхсарджын у.
- ✓ Сылгоймаг йе ‘фсармæй фидауы.
- ✓ Алцы дæр сылгоймагыл баст у.
- ✓ Бæркад сылгоймаджы къухæй цæуы.
- ✓ Хæдзары бæркад æфсиныл баст у.
- ✓ Æнæфсин хæдзары бæркад нæй.
- ✓ Æфсинты армæй сой тæдзы.
- ✓ Зæронд æфсин – бæркадкъух.
- ✓ Хорз ус кæмæн уа, уый куывды бады.
- ✓ Бæсты фидауц – сылгоймаг.



- ✓ Дæ хъæуæй дæ маст куы уа, уæд дæ бинонтæм балидздзынæ. Дæ бинонтæй дæ куы уа маст, уæд дæ усмæ балидздзынæ, фæлæ дæ дæ усæй куы уа маст, уæд та кæдæм алидздзынæ?
- ✓ Сылты хъæр цы хæдзарæй рацæуа, уыцы хæдзар фехæлд.
- ✓ Фыдсылæй дæхи бахъахъхъæн – фыдсылæй бирæ федзæрæг ис.
- ✓ Сылгоймаджы зондæй хæдзарыл райсомæй сихормæ хъуг æфты, сихорæй изæрмæ та гал хауы.
- ✓ Иуæрдыгæй – сылгоймаг, иннæрдыгæй – дыууадæс цæды, æмæ, дам сæ сылгоймаг йæхирдæм аласта.
- ✓ Сылгоймаг лæджы хъаруйыл æфтауы, сылгоймаг лæджы хъару сафы.

ХОЗИТЫ Барис

# ЙÆ ЗÆРДÆ ЗАРЫДИС ФÆНДЫРÆЙ

*Мыстулаты Иринæйы сфæлдыстадон сурæт*

*Уац*

## АИВАДМÆ БАЛЦЫ РАЙДАЙÆН

Фæндырдзагъды дæснытæ бирæ уыд Ирыстоны. Уыцы курдиат уыдон рахастой æрдзæй æмæ гуырдзæй, стæй йæ балæвар кодтой сæ дзыллæйæн. Хуыцауы лæвар – фæндыры цагъд – цыдис зæрдæйы бынæй æмæ зæрдæмæ дæр уымæн хъардта. Зарæджы зæл-иу дунейы рухс куы федта, уæд-иу йæ алыварс сæвзæрдис бæрæгбоны тыгъдад. Ахæм фæндыры дæсныты хуыдтой аивады уазнысантæ, фæндыры Сатанатæ, зарæгтауæг зырнæджытæ. Сырдон нæртон (ирон) адæмæн балæвар кодта фæндыр, Ацæмæз та – уадындз. Уыцы дыууæ монон хæзнайы мин азты дæргъы уыдысты нæ дзыллæйы удылхæцæг фæрæзтæ. Нæ нæртон фыдæлтæн дæр се 'нусон фæдзæхст уыдонимæ баст хуымæтæджы нæ уыдис: «Нæ мæлæт куы æрцæуа, уæддæр цæрæнбонтæм баззайдзæн ацы фæндыр. Чи йыл æрцæгъда, уый дзурдзæн мах тыххæй, æмæ нæ ном сæфт никуы уыдзæн». Ирон æхсæнад цыфæнды зын уавæрты дæр нæ сæфта ирон фæндыры зæлтæ, уымæн æмæ гуырдысты уæздан æмæ хæдæфсарм лæппутæ æмæ чызджыты зæрдæйы хъарм æмæ зонды рухсæй. Фæндыры цагъдæн бæрзонд аивадмæ æнцон фæндаг никуы уыдис. Æцæг ирон аивады амонд уый мидæг уыдис, фæлæ, йæ амондæн, нæ фæндыры дæснытæ сæ фарн семæ нæ ахастой, стыр хæзнайау æй ныууагътой фидæны фæлтæртæн.

Æцæг курдиаты хицæуттæ вæййынц, адæймагмæ алыхуызон æнкъарæнтæ чи сæвзæрын кæны, ахæмтæ. Ацы ныхæстæ комкоммæ хауынц, нæ цард нын йæ фæндыры цагъдæй чи рухс кодта, уыцы тæмæнтæкалгæ стъалы Мыстулаты Иринæмæ. Уый цыдæриддæр скодта ирон аивады рæстæн, цы музыкалон уацмыстæ ныффыста, уыдоны зынынц йе 'нæкæрон уарзондзинад адæммæ, хуры рухсмæ, ныййарæг мадмæ, йæ бинонтæ æмæ йæ хъæбултæм. Уый



ærmæст дæсны фæндырдзæгъдæг нæ уыди, фæлæ, æцæг ирон хæдзары æфсин кæмæй фæзæгъынц, ахæм сылгоймаг. Уымæн æрдз балæвар кодта стыр курдиат æмæ рæсугъд ирон зæрдæ. Уæдæ конд æмæ уындæй та уыди Нарты Сатанайы кæстæр хо. Адæмæн уарзон, æмгæрттæн адджын кæмæй фæзæгъынц, ахæм адæймаг. Бирæ бæллицтæ йæм уыди, фæлæ иу фæззыгон бон йæ фæндыр йæ къухтæй æрхауд, æмæ йын йæ сыгъзæрин зæлтæ уазал дымгæ йæ уарзон ирон зæххыл байтыдта...

Мыстулаты чызгæн цымыдис сты йæ фыццаг къахдзæфтæ дæр музыкалон аивады. Йæ зæрдæйы фæндырмæ цы стыр уарзондзинад уыдис, уый тынг раджы сбæрæг. Фондз-æхсæз азы йыл куы цыд, уæд афтæ цагъта фæндырæй, æмæ-иу ыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Чызджытæ-иу æй ахастой сæ хъæбысы фæндырæй цæгъдынмæ чындзæхсæвтæм, куывдтæм, йæ фæндырæй-иу зынгæ дæр нæ кодта, афтæмæй. Искуы-иу исты ног цагъд куы фехъуыста, уæд-иу æй, æнæмæнгæй, ацагътаид. Бинонтæ дæр бамбæрстой Ирæйы зæрдæйы уаг

æмæ йын самал кодтой ирон фæндыр. Кæм ма уыд йæ цинæн кæрон! Скъолайæ-иу куы ‘рцыд, уæд-иу йæхи æд фæндыр айста Æрыдоны доны былмæ æмæ-иу, урсбарц уылæнтæм кæсгæйæ, нал æмæ нал æфсæст цæгъдынæй. Цагъта-иу уæдмæ, цалынмæ-иу нæ бафæлладысты фæндыры амонæнтыл разгъор-базгъорæй йæ къухты æнгуылдзтæ. Бафæллад-иу, ай-гъай, фæлæ-иу æрдæгыл нæ ныууагътаид, цалынмæ-иу, йæ зæрдæмæ тынг цы цагъд фæцыд, уый фæндыры æвзагæй «не сдзурын» кодтаид, уæдмæ.

Фыццаг хатт ын æй бауарзын кодта йæ ныййарæг мад Суанты Любæ. Йемæ бæстон бакуыста йæ фыдыхо, уæды рæстæджы номдзыд дала фæндырыл цæгъдæг Дзугаты Кимæйы мад Чесæду дæр. Стыр бузныг уыд Мыстулон, ноджы ма кæй къухты фарн æмæ зæрдæйы хъарм банкъардта, уыдонæй се ‘ппæтæй дæр. Чысылæй фæстæмæ зæрдæргъæвдæй архайдта алыхуызон равдыстыты, бæрзонддæр кодта йæ аивадон дæсныйад. Фæлæ йын хъысмæтаразæг рауад 1957 аз. Уæд æвдæмкъласонæй ссис фæндырдзæгъдджыты республикон конкурсы уæлахиздзау æмæ хорзæхджынгонд æрцыдис æцæг ирон фæндырæй. Уыйадыл ыл сæ цæст æрæвæрдтой нæ музыкалон æхсæнады минæвæрттæ. Иу азы фæстæ йæ йæхимæ фæндырдзæгъдæгæй бахуыдта адæмон кæфтыты ансамбль «Терк»- ы аивадон разамонæг Дойаты Асатин. Ацы кæфтыты къорд иу цары бын «цардис» культурæйы министрадимæ, æмæ-иу сыл уымæ гæсгæ сæ фæндаг арæх ракодтой бирæ зындгонд адæм. Иу ахæм фембæлды рæстæг чызг базонгæ нæ зындгонд зарæггæнæг Баллаты Валодяимæ. Уый фæрцы цæгъдын райдыдта иннæ зарæггæнджытæн дæр. Йемæ зæрдæргъæвдæй куыстой Мыкагъаты Петя, Суанты Федор, Суанты Ким æмæ Хъазыбег, Хъуылаты Елхъан, Хадыхъаты Аллæ, Медойты Светæ, Собиты Станислав æмæ Илурты Риммæ.

Бон цыдис æмæ йемæ аивады фарн хаста. Гæздæнты Булат, Реуазты Симæ æмæ Мыстулаты Иринæ сарæзтой фæндырдзæгъдджыты къорд «Трио». Уый уыдис æнæнхъæлæджы сфæлдыстадон цæдис, се ‘нтыстджын æмгуыстады фæрцы бирæ ног зарджытæ райгуырдис. Æрыдойнаг булæмæргъ дзæвгар рæстæг бакуыста Ирон театримæ дæр – уым музыкалон æгъдауæй фæлгонцджын кодта ног спектакльтæ. Стыр æхсызгонæй мысыд, Агънаты Земæ, Дзапарты Хадзыбатыр, Сæлбиты Хъазыбег, Голиаты Робертимæ цы квинтет сарæзтой, уый дæр. Йæ

цæстытæй ма нæ хицæн кодта Магкæты Фирузæйы сурæт. Уый фæрцы схаудта Æрыдонæй Дзæуджыхъæумæ фæндырдзæгъдджыты конкурстæм. Цыдысты азтæ, гуырдысты ног æмæ ног зарджытæ дæр, фæлæ уæддæр Мыстулон йæ зæрдæ нæ ивта, мадмæ уарзты бындурыл цы зæлтæ райгуырд, уыдоныл. Тынг цыдысты йæ зæрдæмæ Къостайы, Мыртазты Барисы, Кочысаты Мухарбеджы, Чеджемты Æхсары, Дзасохты Музаферы, Хæмыцаты Албеджы зарджыты рæнхъытæ. Йæ уарзон композитортыл нымадта Æлборты Феликсы æмæ Гæздæнты Булаты.

Фæстæдæр хуынд æрцыд фæндырдзæгъдæгæй Ирон театрмæ. Уым ын бабар кодтой цалдæр спектаклы музыкалон æгъдауæй сфæлгонцджын кæнын. Уыдонæн сæ фыццаг уыд Хъайттаты Сергейы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Дидинæг æмæ хъама».

## НОГДЗАУТЫ ГАЛУАН – КУРДИАТЫ НОГ УДДЗÆФ

Мыстулаты Иринæйы æвидигæ курдиаты иннæ уддзæф та баст уыдис ахуыргæнæджы æмæ хъомылгæнæджы куыстимæ. Æртын фондз азæй фылдæр бакуыста абоны Республикæйы сывæллæтты сфæлдыстады галуаны. Удуæлдайæ йæ курдиат æмæ дæсныйад лæвар кодта ногдзау æрыгон фæлтæрæн. Бирæ рæстæджы дæргъы адæмон кæфтыты ансамбль «Чысыл джигит» фидыдта Мыстулоны æвæджиауы фæндырдзагъдæй. Уымæй уæлдай ма сарæзта ансамбль «Далафæндыр» æмæ йын бирæ азты разамынд лæвæрдта. Йæ цæдисон æмбæлттæ Хъесаты Ленæ, Хуырымты Аллæ, Пухаты Ларисæ, Къаболаты Зæлинæ æмæ иннæтæй иу дæр йæ куыстмæ уазал зæрдæимæ нæ цыдис. Фæндыдис сæ, цæмæй нæ фыдæлты хæзнатæй иу дæр сæфт ма 'рцæуа, фæлтæрæй-фæлтæрмæ хæццæ кæна сæ фæдонтæм. Сывæллоны фæндырæй цæгъдын сахуыр кæнын æнцон хъуыддаг нæу – курдиаты комулæфт дæр дзы хъæуы. Ирæ никуы никæй зæрдæхудты бацыд. Канд фæндырдзагъдыл нæ ахуыр кодта, фæлæ ма ирон æгъдау æмæ æфсармыл. Цал æмæ цал æвзонг лæппуйæн æмæ чызгæн бауарзын кодта ирон аивад! Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ систы зындгонд фæндырдзæгъдджытæ æмæ абон дæр бузныг сты сæ фыццаг ахуыргæнæгæй.

Уæдма та – ног хъæппæрис. 1993 азы Агънаты Земæимæ сарæзтой адæмон инструментты ансамбль «Далафæндыр». Мыстулон бирæ азты æнтыстджынæй куыста Ногдзауты галуаны. Чи дзы архайдта, уыдон систы регионалон, федералон æмæ суанг дунеон аивадон конкурсты уæлахиздзаутæ æмæ дипломанттæ. Уырдыгæй стыр аивадмæ сæ фæндаг райдыдтой абоны зындгонд музыканттæ Дзебысаты Наташæ, Мырзаганты Ацæмæз, Солтанты Мæдинæ, Зокъоты Зæлинæ, Хайты Илонæ æмæ æндæртæ. Æвæллайгæ зондамонæг Ногдзауты галуаны сарæзта вокалон къорд дæр. Йæ репертуар хъæздыг уыд йæхи æрхъуыдыгонд музыкæйы бындурыл арæзт æмæ адæмон зарджытæй. Арæх ма-иу уыд жюрийы уæнг аивадон конкурсты, æмæ-иу уым цы фиппаинæгтæ скодта, уыдон хорзæрдæм зындысты архайджыты сфæлдыстадон рæзтыл. Бирæ хъарутæ хардз кодта, æрвылаз дæр Ногдзауты галуаны цы республикон конкурс «Фæндыры зæлтæ» арæзт цыд, уым. Суанг фæсæхсæвæртæм-иу кæстæртимæ лæмбынæг æмæ зæрдиагæй куыста.

Цæмæй къорды репертуары зарды æмæ кафты цæгъдтыты мелодитæ, сæ национ колорит, музыкалон мырты ахорæнтæ ирддæрæй æвдыст æрцæуой, уый тыххæй сын стыр ахъаз фесты, далафæндыры æмрæнхъ чи лæууы, ахæм рагон инструменттæ – уадындз æмæ къæрцгæнæнтæ. Цыбыр рæстæгмæ къорды æвзонг архайджытæ сæхи афтæ аив æмæ арæхстджынæй равдыстой, æмæ сын лæвæрд æрцыд Мæскуыйы Æппæтдунеон фестиваль «Къæцæлын чындзы сæнттæ æмæ сагъæстæ»-йы кæронбæттæн концерты архайыны бар. Ногдзауты галуаны директор Гуыцмæзты Аннæ куыд загъта, афтæмæй фестивалы оргкомитеты уæнгтæ стыр аргъ скодтой Ирыстоны кæстæрты арæхстдзинадæн. Лæвæрд сын æрцыд Кады грамотæ æмæ зынаргъ зæрдылдарæн лæвæрттæ.

Мыстулаты Иринæйы цард æмæ сфæлдыстады сæрмагонд бынат ахсы ансамбль «Чысыл джигит». Мæнæ цы загъта уый тыххæй йæ аивадон разамонæг Кокайты Таймураз: «Иринæ-иу йæ цагъдæй сывæллæтты зæрдæты ахæм цыдæр тых бауагъта, æмæ-иу, кафынмæ бынтон хорз чи нæ арæхст, уыцы фæсивæдыл дæр базыртæ сагъта». Номдзыд фæндырдзæгъдæгæн йе ‘мкусджыты ‘хсæн кæддæриддæр йе ‘гъдау йæ разæй цыд. Гастрольты-иу ансамблы кафджытæй алкæмæн дæр мады хуызæн уыд. Иринæйæн йæхи

кæстæртæ Хуытыгаты Маринæ, Алан æмæ Ларисæ дæр «Чысыл джигит»-ы кафыдысты, æмæ сæм иннæ сывæллæтты уæлдай буц æмæ хъулон цæстæй никуы каст. Чи зоны, гъе уымæн, ансамблы æвзонг кафджытимæ кæм нæ уыд, ахæм бынат нал баззад. Афтæмæй йæ алæмæттаг цагъды зæлтæй дисы цал æмæ цал адæймаджы бафтыдта.

Бирæ азты дæргъы Республикæйы сывæллæтты сфæлдыстады галуаны кусджытæ сæрыстыр уыдысты сæ разамонæг Мыстулаты Иринæйæ. Уый йæ дæсныйады сусæгдзинæдтæ канд сывæллæттæн нæ, фæлæ йе 'мкусджытæн дæр нæ хæлæг кодта. Ирæ-иу йæ къухмæ фæндыр куы райста, уæд-иу адæймагмæ афтæ каст, цыма дыккаг ахæм аивады дæсны зын ссарæн у. Æрæфы районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы культурæйы хайады сæргълæууæг Елдзарты Славик афтæ фыста йæ мысинæгты: «Æз мæ сæр бæрзæндты хæссын, ансамбль «Чысыл джигит»-ы Мыстулаты Ирæимæ фондз азы кæй бакуыстон доулистæй, уымæй. Уыцы азтæ мæнæн стыр ахъаз фесты мæ дарддæры царды. Ирæ канд дæсны фæндырдзæгъдæг, ахуыргæнæг æмæ хæдахуыр композитор нæ уыдис, фæлæ ма хъомылгæнæг, кæстæрты раст фæндагыл аразæг дæр».

Ам зæгъдзыстæм Иринæйы ахуыргæнинæгтæй цалдæры тыххæй. Дзебысаты Наташæ ссис Мерденты Хъайсыны номыл республикон конкурсы лауреат, регионалон æмæ æппæтдунеон конкурсты уæлахиздзау ирон фæндырдзагъдæй. Ирон фæндыр цæмæн равзæрста, зæгъгæ йæ куы фарстой, уæд журналисттæн ахæм дзуапп радта: «Æхсæз азы мыл куы цыдис, уæд мын мæ фыд балхæдта фæндыр: мæ чызг, дам, хъуамæ фæндырдзæгъдæг уа. Уый фæстæ мæ акодтой музыкалон скъоламæ æмæ уыцы иу рæстæг цыдтæн Ногдзауты галуанмæ Мыстулаты Ирæмæ. Уый мын мæ удæй фылдæр бауарзын кодта ирон фæндыр. Æз уымæй бузныг дæн мæ абоны уæлахизтæй».

Иннæ ахуыргæнинаг Мырзаганты Ацæмæз дæр равдыста йе стыр дæсныйад. Каст фæцис Дзæуджыхъæуы аивæдты училище æмæ Краснодары культурæйы академи. Наташæ æмæ Ацæмæзы авд азы дæргъы Ирæ ахуыр кодта фæндырдзæгъдæджы дæсныйадыл, иумæ сын фыст æрцыд бирæ концерттæ радио æмæ телеуынынады. Иринæйы педагогон дæсныйад аивады зын, фæлæ кадджын фæндагыл кæй æрлæууыын кодта, уыдонимæ ма сты æрдзон курдиатæй хайджын

Зокъоты Зæлинæ æмæ Дзуццаты Маринæ. 2002 азы рамбылдтой Мыстулаты Иринæйæн йæхи номыл конкурсы приз. Ирон музыкалон аивадыл кæй фæцалх кодта, уыдонæй иу у эстрадон конкурстæ «Кавказаг арвæрдын» æмæ «Мæ зарæг Ирыстон»-ы уæлахиздзау Солтанты Мæдинæ.

Дзæвгар рæстæг Иринæ фæрнджын куыст кодта канд Ногдзауты галуаны нæ, фæлæ ма районты сфæлдыстадон къордты минæвæрттимæ. Реуазты Симæимæ иумæ кæстæрты хайджын кодта йæ курдиаты æмæ бирæвæрсыг зонындзинæдты бæркадæй.

## АЗÆЛÆД ИРЫЛ ФÆНДЫР!

Нæ республикæйы горæттæ æмæ хъæуты бирæ алыхуызон сфæлдыстадон хуызтæ ис, фæлæ дзы уæддæр ирон фæндыры цагъдæн æмбал нæй. Чеджемты Æхсары загъдау, «Æнæ фæндыр нæ фидауы Ирыстон, æнæ фæндыр мæгуырдæр кæны зæхх». Æмæ уый, æцæгæйдæр, афтæ у. Гъемæ Мыстулаты Иринæйы райгуырæн Æрыдоны йæ номыл Республикон æркаст-конкурс «Уадз, азæла Ирыл фæндыр!» арæзт кæй æрцыд, уый Иры аивадон цард йæ уидæгты онг базмæлын кодта.

2002 азы 30 ноябры Æрыдоны йæ куыст фæцис Мыстулаты Иринæйы номыл фæндырдзæгъдджыты æмæ адæмон инструментты оркестры фыццаг республикон конкурс. Гала-концерты размæ ныхасы бар лæвæрд æрцыд жюрийы сæрдар Гæздæнты Булатæн. Уый бахыгъта конкурсы фæстиуджытæ æмæ схорзæхджын кодта уæлахиздзауты. Уыдон систы Сунжæйы, Цыколайы, Хъызлары адæмон инструментты оркестртæ. Ансамбльты æхсæн Гран-при (ирон фæндыр) рамбылдта Фарныхъæуы фæндырдзæгъдджыты къорд. Хицæн адæймæгты 'хсæн фæуæлахиз беслæйнаг чызг Цæлойты Мæдинæ. Конкурсы гала-концерт та ацыд Ирон академион театры. Гала-концерты ахадындзинад канд хæдахуыр фæндырдзæгъдджытæ нæ, фæлæ фæлтæрдджын дæснытæ Реуазты Симæ, Гæздæнты Булат, Медойты Светланæ, Хадыхъаты Аллæ, Илурты Риммæ, Гæбуты Жаннæ, Суанты Хъазыбег æмæ Ирæйы чызг Хуытыгаты Маринæ дæр куыд нæ банысан кодтой. Концерты кæрон Мыстулаты Иринæйæн лæвæрд æрцыд «Æрыдоны районы кадджын гражданин»-ы ном.

# ÆРЫДОН – УÆЛМОНЦ ÆНКЪАРÆНТЫ ГУЫРÆН

Ирыстоны культурæйы ирд минæвары зæрдæйы рæбыны йæ мад æмæ йæ фыды фарсмæ æппæты кадджындæр бынаты æвæрд уыдис йæ райгуырæн горæт Æрыдоны ном. Йæ фыццаг зарæг «Æрыдойнаг» дæр «аивады хъæбул» йæ райгуырæн горæтыл хуымæтæджы нæ ныффыста. Уыцы «æрыдойнæгтæй» иу – Магкæты Фирузæйæ – уæлдай бузныг уыдис, уымæн æмæ йын уый апарахат кодта фыццагдæр йæ аивад Дзæуджыхъæуы.

Фадат фæцис, уæд-иу Иринæ Æрыдоны балæууыд, æмæ-иу ыл хур ракаст. Цас æмæ-иу цас æнкъарæнтæ гуырын кодта йæ алы фембæлд дæр йæ фыдыуæзæгимæ! Ирыстоны фæрнджын сылгоймагмæ бирæ хæрзиуджытæ æмæ сгуыхт нæмттæ уыдис, фæлæ йын уыцы хорзæхтæй æппæты зынаргъдæр æмæ адджындæр уыд «Æрыдоны кадджын гражданин»-ы ном. Йемæ-иу ныхасы чи бацыд, уымæн-иу æдзухдæр дзырдта, Æрыдоны намысджын адæм нæ аивад æмæ культурæйæн цы хæрзты бацыдысты, уый тыххæй. Æмæ-иу дзургæ-дзурын йæ цæстытæ байдзаг сты æнахуыр цин æмæ сæрыстырдзинады фарны рухсæй.

Æрыдоны горæты, стæй, цы уынджы схъомыл, уым уыдис алæмæты уавæр – Иринæ профессионалон аивадыл никуы ахуыр кодта, афтæмæй дзы рауад диссаджы фæндырдзæгъдæг. Сывæллон ма куы уыд, уæд алы хæдзары дæр фидыдта радио. Æвзыгъд чызг æм уарзта хъусын, уæлдайдæр та-иу зындгонд Ходы Надя, Мамиаты Замирæт æмæ Калманты Земфирæ куы цагътой, уæд. Зæрдиагæй-иу архайдта сæ цæгъдтытæ фæзмыныл. Бонæй-бонмæ ахæм хуызы куыста йæхиуыл, æмæ чысылгай йæ курдиаты тых фидардæр кодта. Уыцы рæстæг-иу Æрыдоны фыццаг хатт дæр чи фехъуыста йæ фæндыры цагъд, уый дæр-иу афтæ бакодта: «Мæнæ цы диссаг уынæм – Дзибоккайы чызг ирон фæндыр адæймагау сдзурын кодта. Хъуамæ дзы дæсны фæндырдзæгъдæг рауайа!» Цæстуарзон æмхъæуккæгтæ Ирæйы нæ фæцæстдзыд кодтой, фæлæ йыл сæ арфæ æрцыд, æмæ дзы фæндырæн гуырд чызг рауад.

Уый уыд йæ дзуар, уый ссис йæ уазнысан, æмæ йæм каст табуйаг цæстæй. Иринæйæн йе сфæлдыстадон авналæнтæ уыдысты уæрæх

æмæ бирæвæрсыг. Кæд йæ куысты æмæ бинонты хъуыддæгтæй æнæвдæлон уыдис, уæддæр-иу йæ райгуырæн Æрыдонмæ цыд цины æмæ зианы, стæй аивадимæ, æхсæнадон цардимæ баст хъуыддæгты фæдыл. Уыд æнæзивæг, æххуысмæ – цæттæ, алцæмæй дæр – фæзминаг сылгоймаг. Кæм райгуырд, уыцы уынг ныр хæссы йæ ном. Уымæй уæлдай ма йæ номыл арæзт æрцæуы æрыгон фæндырдзæгъдджыты республикон æркаст-конкурстæ.

## БИНОНТЫ ФАРН

Бинонты фарныл чи кусы, уыдон царды фидыц сты. Ацы ныхæстæ æххæстæй хауынц Хуытыгаты Хъазыбеджы æмæ Мыстулаты Иринæйы бинонтæм. Кæд хæрз æрыгонæй баиу кодтой сæ цард, уæддæр куырыхон хистæрты хуызæн арæзтой сæ хъысмæты фæндаг. Æмæ сын Мады Майрæм радта æртæ фæзминаг кæстæры – дыууæ чызджы æмæ лæппу. Æртæйæ дæр астæуккаг скъолаты ахуыры кæронмæ уыдысты нæ республикæйы хъуыстгонд ансамбль «Чысыл джигит»-ы солисттæ. Хуыцауæй арфæгонд уæвгæйæ, Ирæ æмæ Хъазыбег хорз фæндагыл сарæзтой сæ кæстæрты. Цоты хистæр, Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ Хуытыгаты Маринæ каст фæцис Аивæдты училищæйы фæндыры къласы хайад, ЦИПУ-йы аивæдты æмæ историон факультеттæ. Ныртæккæ у национ инструментты оркестры солисткæ.

Кæстæр чызг Ларисæ бакаст ЦИПУ-йы филологон факультет. Размынд дæтты сылгоймæгты аивгæнæн салонæн. Чи дзы уыдис, уыдон дзурынц, уый дæр аивадыл æнувыд кæй у.

Адæмы рæгъмæ рацыд лæппу Алан дæр. Каст фæцис цалдæр уæлдæр скъолайы, аспирантурæ Ростовы университеттæй иуы æмæ ссис юридикон наукæты кандидат. Йæ цотыл сæвæрдта йæ мад æмæ фыды нæмттæ – Иринæ æмæ Хъазыбег. Бинонтæ сæ ныййарджыты хæдзары бавæййынц 15 адæймаджы, æмæ райдайы бæрæгбон. Цыбыр ныхасæй, Ирæ цы байтыдта, уый æркарста.

Сгуыхты нæмттæ, дипломтæ, премитæ, хæрзиуджытæ, зынаргъ лæвæрттæй ноджы кадджындæр Мыстулонмæ каст адæмы уарзондзинад. Хуытыгаты бинонтæ дыууæ хатты хаст æрцыдысты Цæгат Ирыстоны 25 хуыздæр бинонты хыгъдмæ, æмæ сын лæвæрд æрцыди республикæйы Сæргълæууæджы лæвæрттæ. Ирæйы фæндонмæ гæсгæиу сæ радтой сидзæр сывæллæтты хæдзармæ. Раппæлинаг куыд нæу,

фондз бинойнагæй æртæйæн Уæрæсе æмæ Ирыстоны кадджын нæмттæ лæвæрд кæй æрцыд, уый дæр.

Сæрмагондæй зæгъын æмбæлы Мыстулоны цардæмбалы тыххæй, уымæн æмæ йын уый уыд цæджындзы хуызæн, йæхи-иу зын сахат кæуыл бакъул кодта, ахæм цæугæ мæсыг. Концерттæ, конкурстæ, æркастытæ аразынмæ цас тых хъуыдис, уый Ирæйы уд хорз зыдта. Æмæ алы ран дæр Металлургты культурæйы галуаны бирæазон разамонæг, фыссæг æмæ журналист Хуытыгаты Хъазыбег куысты фылдæр хай йæхимæ иста. Бинонты къонайы хъарм цæхæрæй цух никæд уыд, æмæ ма уымæй стырдæр амонд цы вæййы…

# УАЛДЗÆГГÆНÆГ ДÆСНЫЙАД

Мыстулаты Иринæ уыд ирон фæндыры уалдзæггæнджытæй иу. Йæ фæндыры цагъд цинхæссæг кæмæн нæ уыд, ахæм адæймаг Ирыстоны бирæ нæ разындзæн, уымæн æмæ йæ цагъды зæлтæ уыдысты бæркадвæлыст, фарны зæдау рухстауæг. Ирæ йæ аивадæй кæй барæвдыдта, уыдон ын йæ тавиц дарынц сæ уды сусæгдæр байбынты. Йæ цагъды æнахуыр лирикон азæлд-иу уайтагъддæр рабæрæг йæ зæрдиаг зæлтæй. Иу æнтыстæй иннæмæ фарны къахимæ хызт. Фæндыр фидыдта Ирæйæ, Ирæ та – фæндырæй. Цæмæй зарæг, фæндыры цагъд зæрдæйыл арф æмбæлой, уый тыххæй йыл бирæ фыдæбон, бирæ æнæхуыссæг æхсæвтæ арвитын хъæуы. Уый æмбæрста æмæ, йæ алы ног цагъд дæр цæмæй адæмы зæрдæмæ фæцæуа, ууыл рагагъоммæ бирæ фыдæбон кодта. Хорз зыдта, иунæгæй, цыфæнды курдиатджын куы уай, уæддæр стыр аивадон уацмыс дæ бон ныффыссын кæй нæ бауыдзæн. Зарæгæн иунæгæй аразæн нæй. Уымæн ис æртæ авторы: фыссæг, композитор æмæ зарæггæнæг.

Абон дæр радио кæнæ телеуынынадæй фæндыры цагъд куы райхъуысы, уæд адæм йæ фыццаг зæлтæй базонынц, Мыстулоны цагъд кæй у. Афтæ йæ зæрдæйы рухсæй хайджын кодта йæ дзыллæйы. Йæ фæндыры зæлтæй цыдис æнахуыр уаз рухс, уыдонмæ хъусгæйæ, аивадуарзджытæ сæхи хатыдтой рæсугъд дунейы. Царды фæзминагæй цы ис, уыцы миниуджытæй хайджын уыд Иринæ. Уый фæрцы зыдта йæ курдиатæй сагъæстæ сурын, рæсугъддзинадыл æууæндын кæнын. Йæ фæлмæн мидбылхудтæй нын цыма афтæ зæгъынмæ

хъавыд: «Байхъусут-ма мæм, æз уын ныртæккæ диссæгтæ, тæмæстæ ракæндзынæн мæ фæндыры руаджы». Нæртон адæмæн æлутон куыд царддæттæг уыд, раст ахæм хуызы аргъ кæнын æмбæлы Иринæйы аивадон æрмдзæфæн.

Мыстулон йæхæдæг æрхъуыды кодта бирæ зарджыты æмæ кæфтыты мелодитæ. Хаст æрцыдисты Ирыстоны профессионалон æмæ хæдахуыр къордты репертуартæм. Мыхуырмæ ма бацæттæ кодта сывæллæтты фæндырæй цæгъдыныл ахуыр кæныны методикон æрмæг. Уæдæ Ирыстоны цæрджытæй чи нæ фехъуыста «Ханты цагъд»? Ныр дæр адæмы уарзон кæй у, уый дызæрдыггаг нæу. Ирон театры сценæйыл арæзт æрцыд сæрмагонд конкурс «Ханты цагъды райгуырд». Уым архайдта зындгонд кафæг Сопойты Батырбег, фæндырæй та йын цагъта Мыстулаты Иринæ. Батырбеджы алы уæнг дæр уæздан змæлд кодта, йæ къахайст дæр аивдæр уыдис. Кæй зæгъын æй хъæуы, бирæ аразгæ уыдис Ирæйы фæндыры цагъдæй. Уыцы диссаджы нывмæ кæсгæйæ, Гæздæнты Булат æргомæй загъта: «Йæ мады гуыбынæй ма дыккаг хатт чи райгуыра, уый дæр «Ханты цагъд» Ирæйы хуызæн нæ ацæгъддзæн».

## ИРЫ ЧЫЗГ

Мыстулаты Иринæйы хуызæн разагъды сылгоймæгты хъысмæтыл сагъæсгæнгæйæ, нæ зæрдыл æрлæууы фыдæлтыккон æмбисонд: «Адæм кæй уарзынц, Хуыцау дæр уый уарзы». Цыма йе уæны касти, уыйау-иу арæх дзырдта: «Æз нæ тæрсын, хъуыстгонд кæй дæн, уымæй, ууыл адæймаг сахуыр вæййы. Æз нæ тæрсын кæйдæр хахуыртæй, уымæн æмæ уыдон сæ койы аккаг дæр не сты. Æз тæрсын æрмæстдæр иу хъуыддагæй – адæмæй фæхицæнæй». Куыд хæрзæгъдау адæймаг, афтæ бузныг уыд, царды хорздзинæдтæй йæ чи схайджын кодта, хуры тынтæй йæ чи схъарм кодта, уыцы зæххæй. Ирæйы хуыдтой Иры чызг. Æмæ уый, æвæццæгæн, афтæ у. Ныр дыууадæс азы немæ нал ис, фæлæ уæддæр йæ курдиаты рухс нæ Ирыстоны сæрмæ нæ хуыссы. Фæззæджы кæрон аскъуыди Мыстулонæн йæ фæндыры цагъд.

Ирæ йæ ныййарæг мады хуызæн уарзта йæ райгуырæн зæхх, фæлæ йыл йæ зæрдæйы дзæбæхæн цæуынæй нæ бафсæст. Йæ

сомыгæнæн ныхæстæй иу уыд ахæм: «Ирон фæндыр уæлæуыл æмæ мæрдты дæр мемæ уæд». Йæ цыртдзæвæныл æй рæсугъд снывæстой скульптор Тауаситы Станислав æмæ нывгæнæг Кокайты Аслан. Ирон фæндырмæ йын йе 'нæкæрон уарзт раст бафиппайдта йе 'мкъласон Баскаты Уырызмæг: «Иринæ фæндырæн гуырд уыд. Уый уыд йæ дзуар, уый уыд йæ хъысмæты уазнысан, æмæ йæм каст табуйаг цæстæй. Уæдæ йе 'гъдау æмæ ирондзинад цыдысты йæ разæй кæддæриддæр. Уыд æнæзивæг, æххуысмæ – цæттæ, алцæмæй дæр фæзминаг сылгоймаг».

Ирон адæммæ афтæ фæзæгъынц: «Цалынмæ хохæй дур тула, быдыры цалх зила, уæдмæ дæ ном рох ма уæд!» Ахæм хъысмæт æнхъæлмæ кæсы Мыстулаты Иринæмæ дæр, уымæн æмæ Ир æмæ Ирæ раджы бамбæрстой кæрæдзи, уыцы номы аккаг æй Хуыцау раджы скодта. Царды куыд фæлмæн уыдис, афтæ фæлмæн ын ссис Ирыстоны зæхх, йæ ном æмæ йæ курдиаты рухс та уыдзысты йæ уарзон дзыллæимæ. Ирыстоны сæрмæ рухс кæндзæн Мыстулоны стъалы, цалынмæ ирон фæндыры цагъд зæла, уæдмæ…

## ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ ЧИНЫГ «АРТ ÆМÆ ÆРТХУТÆГ»-ÆЙ ИСТ РÆНХЪЫТÆ

- ✓ Карды бын оффытæ кæнæн нæй.
- ✓ Æфцæгмæ нæ цы фæндаг кæны, уый нæ коммæ дæр ахæссы.

*«Хæрзбоны фынг»*

- ✓ Хицаудзинад йæ фаззон никæмæн у, йæ мады гуыбынæй йæ ничи рахæссы.
- ✓ Æнусон барæг нæй, иу бон нæртон барæг дæр æртулы йæ бæхæй.
- ✓ Хорз лæг йæ фæстæ æвзæр фæд нæ уадзы.

*«Æфсарм»*

- ✓ Фадат у аразæг, йæ бындар фæци! Фадат куы фæзыны, уæд тæрхъус Домбай вæййы, сырддонцъиу – булæмæргъ.
- ✓ Скъæлдзой цъылынæй сыгъдæн аздахæн нæй.
- ✓ Ирон чындзæн йе ‘хсæв – цыбыр, йæ бон – даргъ.

*«Фыдбылызы чындз»*

- ✓ Хъæрццыгъа кæм тæхы, уым цъиуджын каркæн æнцой нæй.

*«Чидæр дуар хойы»*

- ✓ Зæххы бирæйæ макуы стыхс, зæхх йæхæдæг йæхи кусы.

*«Хæлæг æмæ хæзна»*

- ✓ Загъдæй сой нæ тæдзы, хъуыддаг дзы нæ рæзы.

*«Æмбисонды чындзæхсæв»*

- ✓ Цардыхорзыл æрмæст рæстдзинадæй ис хæцæн.

*«Тæрхоны лæг»*

- ✓ Хæсты сæйраг хотыхтæ сты зонд æмæ зæрдæ. Зонд хъуамæ фатæй цыргъдæр уа, кардæй кæрдагдæр; зæрдæйыл нæй Церечы згъæр скæнæн, уый хъуамæ йæхæдæг уа фидар.

*«Æнусон рухс»*

- ✓ Знаг куынæ сæтта, уæд æй цæгъдын хъæуы.

*«Цардфæлварæн»*

# ХЕТÆДЖЫ ХАБÆРТТÆ

*Раджы заман алантæй къордтæ-къордтæ цæргæйæ баззадысты Кæсæджы, Хъæрæсе æмæ Хъубаны зæххыл. Хъубаны доны къабаз Стыр Зеленчукы был уыдонæй цард кънйаз Инал. Уыд ын æртæ фырты: Биаслан. Аслæнбег æмæ Хетæг. Биаслан у Кæсæджы кънйæзтæн сæ мыггаджы сæр. Аслæнбег уыд æнæзæнæг. Кæсæджы пысылмон дин куы стыхджын, уæддæр Хетæг йæ фыдæлты диныл йæ къух нæ систа. Уый тыххæй йæм суанг йæ бинонтæ дæр сфыдæх сты, сæхиуыл æй нал нымадтой. Уæд Хетæг йæ сæр райста Ирыстонмæ. Уый йе знæгтæ куы базыдтой, уæд æй, сæ дин сын кæй нæ райста, уый тыххæй амарын сфæнд кодтой æмæ йæ фæсте расырдтой.*

*Хетæг æрбаирвæзт Æрджынарæгæй æмæ йæ ных сарæзта Куырттаты комы ʻрдæм. Фæлæ, абон Суададжы хъæу кæм ис, уырдæм хæстæг куы ʻрбахæццæ, уæд æй знæгтæ дæр æрбацæйæййæфтой. Уыцы рæстæг æм Суададжы сæрмæ хъæды фахсæй фехъуыст хъæр:*

*– Хетæг, хъæдмæ! Хъæдмæ!..*

*– Хетæг хъæдмæ нал бахæццæ уыдзæн, фæлæ хъæд – Хетæгмæ, – дзуапп радта Хетæг йæ хæрзгæнæгæн.*

*Уыйадыл хъæдæмбæрзт хохы фахсæй хъæд тыгуырæй сыстад æмæ Хетæджы алыварс тымбылæй февзæрд, знæгтæй йæ баууон кодта, бахъахъхъæдта. Уыдон фыр тасæй фæстæмæ лидзæг фесты.*

*Афтæ равзæрд Хетæджы къох, Хетæджы Уастырджийы кувæндон, Тымбылхъæды дзуар. Хъæд кæцæй сыстад, уыцы бынат фахсыл абон дæр у гæмæх.*

*Загъынц, Къохы астæу, дам, уыд сатæг суадон, Хетæг фæлладæй йæ дойны кæмæй басаста, уый. Ам афæдзы бæрц фæцард, стæй Куырттаты комыл ахызт Нармæ.*

*Къох та сси Ирыстоны кувæндæтты ахсджиагдæртæй иу.*

*«Кæддæр Уастырджи Хетæгæн цы æххуыс бакодта, сымахæн дæр уыйау уæ хъахъхъæнæг куыд уа, уыцы амонд уæ уæд!» – афтæ арæх фæкувынц ирон адæм.*




* * *

Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон вæййы сæрды мæнæугæрдæнты хæдразмæ, Кæхцгæнæнтæй къуыри раздæр. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ йæ бынмæ сылгоймаг нæ цыд, йæ ном ын ныр дæр нæ дзурынц, Тымбылхъæды дзуар æй уыдон хонынц. Сæ кувинæгтæ æмæ мысайнæгтæ-иу мидæмæ, дзуары лæг дзы скува, сæ бинонты, бæлццæтты, ранчынты йыл бафæдзæхса, уый тыххæй барвыстой нæлгоймæгтæй искæмæн, суанг лæппутæн дæр. Хетæджы къохы бынмæ нæлгоймæгтæ ефс бæхтыл дæр нæ цыдысты.

Хæсты тызмæг азты нæлыстæг тохы быдыры цагъды куы кодта, æмæ алчи йæ бæлццоны, мæлæтæй йын тæрсгæйæ, Хетæджы Уастырджийыл бафæдзæхсынмæ йæхи куы ивæзта, афтæмæй йын йе ‘ртæ æртæдзыхонæй йæ быны скувæг нæлгоймаг куы нал уыд, уæд ирон сылгоймаг ахызт ацы æгъдауы сæрты.

Ныййарджытæ, устытæ, чызджытæ сæ хæстонты Тымбылхъæды кувæндоны Лæгты дзуарыл фæдзæхстой сæхæдæг.

* * *

Хетæджы къохы бæлæстæн ам æвввахс хъæдты æмбал нæй – бæрзонд фæцыдысты, уæрæх ныззылдысты. Иуæй, йæ ран хъæздыг у мæрæй, иннæмæй, кувæндон у, адæмы фарнæй – æвæджиау хайджын. Цардцæрæнбонты йæ ирон адæм цæсты гагуыйау хъахъхъæдтой, къалиу расæттын, сыф рахæссын дæр дзы нæ фæтчы. Къохы алыварс ныллæг хъæдгæндтæ бирæ уыд. Уыдонæй, стæй стыр хъæдæй дæр æм сырд арæх æфтыд, æмæ уый амарын дæр не 'мбæлд. Къохмæ хæстæг хъæды мард сырдæй та дзуары бын кодтой куывд, хæдзармæ хæссæн дзы нæ уыд.

* * *

Хетæджы къохы бынæй хæдзармæ сыфтæр дæр рахæссын кæй нæ фæтчы, куы рахæссай, уæд та дæ был, æфсæр, цæстытæ кæнæ бæрзæй кæй ныззылын уыдзæн, суанг куырм дæр кæй бауыдзынæ, уый фæдыл бирæ хабæрттæ фехъусæн вæййы. Цы дыргътæ, æнгузтæ, æхсæртæ, æхсынцъытæ æмæ æндæртæ дзы ис, уыдонæй дæр хæрæн ис æрмæст уым кæнæ рахæссæн Къохы алыварс хæстæг быдыртæм. Ацы ныхæстыл алчи не 'ууæнды, æмæ, дам, иу æрыдойнаг ахуыргæнæг Хетæджы къохæй барæй рахаста къалиу, кæддæра, цытæ дзурынц, уыдон æцæг сты, зæгъгæ. Цалдæр боны фæстæ, дам, йæ бæрзæй ныкъкъæдз, джихтæ кæнын райдыдта, кæдæмдæр-иу нымдзаст. Уæд йæ бинонтæ кувинæгтимæ ссыдысты Къохы бынмæ. Уастырджийæ хатыртæ фæкуырдтой, фæтабутæ йын кодтой. Æмæ ахуыргæнæг фæдзæбæх, йæ раздæры гаччы та сбадт.

* * *

Зæгъынц, дыууæ æгæнон лæппуйы кувæндоны мысайнæгтæй рахастой. Сæ иу, дам, уайтагъд фæмард. Иннæйы æндзыгниз æрцахста, ныкъкъæдзтæ, нымпылдтытæ, афтæмæй хъизæмæрттæгæнгæ зæронды бонмæ фæхитыдта.

* * *

Хетæджы Уастырджийы адæм арæх йæ кувæн боны хæдразмæ æхсæвыгон уыдтой Къохмæ æрбатæхгæйæ. Арвæй, дам, цæхæр калгæ æртахт, рухс кодта йæхæдæг дæр æмæ йæ бæх дæр. Фенынц æй урсбоцъо зæронд лæджы фæлгонцы, урс кæрцы, комкоммæ бакæсын æм ничи фæразы.

* * *

Иу ærыгон лæппуйы зæрды сæрдыгон æхсæв æрæфтыд Дзæуджыхъæумæ фистæгæй суайын. Райсомæй цыдæр стыр хъуыддаджы лæуд уыд. Транспорт та арæх нæма уыд, æмæ фистæгæй нæ фæзивæг кодта. Рараст Цæлыччы-фырты номыл поселокæй. Суадагыл нæ, фæлæ колхозы хуымзæххыты 'хсæн фæндæгтыл йæ ных сарæзта фæндаг фæцыбыр кæныны тыххæй Хетæджы къохы фæрсты. Къохмæ куыд æрбахæстæг, афтæ кæсы, æмæ бæласы бын урс-урсид кæрцы бады урсбоцъо зæронд лæг, йæ алыварс – боны хуызæн. Мæйрухс æхсæв уыд, æмæ, дам, йæ къухты ныхтæ мæйы тынтимæ хъазыдысты, æвзист æрттывд кодтой. Лæппу фæтарст, сонтæй фæндагæй фæзылд æмæ хуымты стыр фæндагмæ ныййарц.

Иннæ хабар та ахæм ракæнынц. Дзæуджыхъæуæй, дам, Алагирмæ иу лæг ныдздзырдта йе 'мсиахсмæ, уæд æмæ уæд куывды фæцæуæм Хетæджы кувæндоны бынмæ, æмæ-иу сымах дæр уæ сывæллæттимæ рацæут, зæгъгæ. Куыд баныхас кодтой, афтæ бакодтой, сæхи, сæ цоты, хæстæг-хионы Хетæджы Уастырджийыл бафæдзæхстой, фæминас кодтой. Дыууæ хойы сывæллæттæ хъазыныл фесты. Уæдмæ талынг кодта, æмæ цæуыныл ныллæууыдысты. Фыццаг сæхи рог машинæйы ацыдысты алагирæгтæ, стæй, дзæуджыхъæуккæгтæ сæ кувинæгты хæйттæ куы сæвæрдтой, сæ фæстæ куы афснайдтой, уæд уыдон дæр сæ машинæйы цур стыгуыр сты. Фæлæ цотæй иу лæппу, скъолайы кары сывæллон, уым нæй. Мад æмæ фыд ахъуыды кодтой, йе 'мхæрæфырттимæ Алагирмæ ацыдаид, зæгъгæ, æмæ рараст сты горæтмæ.

Рацыд иу бон, дыккаг, фæлæ лæппуйы алагирæгтæ Дзæуджыхъæумæ нæ ласынц, æмæ скъолайæ цух кæны. Уæд мады зæрдæ фехсайдта æмæ Алагирмæ телефонæй ныдздзырдта. Агуры йæ хъæбулы. Фæлæ уым нæ разынд, семæ йæ нæ аластой. Ныййарджыты уавæры знаг бахауæд. Уайтагъд ныффæдис кодтой. Фæдисы рацыдысты алагирæгтæ дæр... Æмæ лæппуйы æрбаййæфтой, цы куывддоны бадтысты, уым хъазгæ. Рауын-бауын æй кæнынц, фæрсынц æй: «Кæм уыдтæ, куы дæ агуырдтам, уæд? Ам уазалæй нæ баргъæвстæ?»

Куыд рабæрæг, афтæмæй, егъау бæлæстæм кæсгæйæ, Къохы адзæгъæл æмæ йыл куыд æрталынг, уый нæ базыдта. Уæдмæ бын-

тон иунæгæй аззад æмæ дзы дыууæ æхсæвы æрдаудта. Æхсæв-иу дын уазал нæ уыд, зæгъгæ, уыцы фарстæн та, дам, ахæм дзуапп радта:

– Æхсæв мæм-иу иу урсбоцъо зæронд лæг хъæды астæуæй рацыд æмæ мæ-иу йæ хъарм кæрцы батыхта. Ардæм дæр, дам мæ, куы фæдзæгъæл дæн, уæд уый ракодта.

Гъе ахæм æмæ ма бирæ æндæр хабæрттæ фехъусæн вæййы Хетæджы Уастырджийы тыххæй.

Ахъазгæнæг уын уæд!



# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***13 июны*** Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ЮНЕСКО-йы залы арæзт æрцыд фембæлд «Ирыстон – Иран. Наукон-культурон æмгуыстад». Мадзалы хатдзæгтæ скодтой 10 азы куыстæн. Уыцы æмгъуыдмæ ЦИПУ æмæ Республикæ Ираны Табатабаийы номыл паддзахадон университеты ‘хсæн ныффидар сты хæлардзинады ахастытæ. Презентаци скодтой Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр» фарсимæ тæлмацæй чиныгæн.

► ***17 июны*** Дзæуджыхъæуы ацыд хореографион аивады фыццаг æхсæнадæмон фестиваль-конкурс «Зауырбег». Арæзт æрцыд курдиатджын кафæг, балетмейстер æмæ хореограф Битарты Зауырбеджы номыл. Профессионалон сценæйы æппæты фыццаг хъаматимæ кафт уый акодта. Цæгат Ирыстоны кад конкурсы хъахъхъæдта Паддзахадон Академион кафты ансамбль «Алан». Йæ солист Годжыцаты Аслæнбег сси конкурсы уæлахиздзау.

► ***27 июны*** Гæздæнты Гайтойы номыл фæсивæдон чиныгдоны уыд фыссæг Хуыгаты Сергейы роман «Арвы нæмыг»-ы презентаци. Мадзалы архайдтой РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдар Хозиты Барис, фыссæг Дзасохты Музафер, нæ республикæйы сфæлдыстадон интеллигенци æмæ Хуыгаты мыггаджы минæвæрттæ. Роман «Арвы нæмыг» фыццаг хатт мыхуыргонд æрцыд журнал «Мах дуг»-ы, стæй та рацыд хицæн чиныгæй.

► ***10 июлы*** РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло раныхас кодта Цæгат Ирыстоны ныртæккæйы социалон-экономикон уавæр æмæ дарддæры райрæзты сæйрагдæр нысанты, стæй республикæйы Хицауады 2024 азы куысты бæрæггæнæнты тыххæй докладимæ. Республикæйы Сæргълæууæг  бæстон æрлæууыд, хицаудзинады оргæнты размæ цы ахсджиаг хæстæ æмæ лыггæнинаг фарстатæ лæууынц, уыдоныл.

► ***6–13 июлы*** Дзæуджыхъæуы Мæскуыйы Вахтанговы номыл театры аивадон разамонæг Кирилл Крокы хъæппæрисæй дыккаг хатт арæзт æрцыд Æппæтуæрæсеон театралон фестиваль «Вахтангов. Путь домой».

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202

Порядковый номер выпуска: № 7. 2025 г.
Подписано в печать 17.07.2025 г. Выход в свет: 28.07.2025 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 294. Цена свободная

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. № 80 г./м². Вклейка 1 печ. л. мелованная

Гарнитура шрифта Times New Iron
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Цъарыл Калманты Мæдинæйвы ныв «Горæтаг пейзаж. Сомихаг аргъуан»




MAX DUG
CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL
MAJ
FYDDZAG ČINYG
ÆRÆSTDZINAD 1934
Индекс 73247
12+